STRUKTUR MELODIK TUTURAN PARAGA GAMBIR SALABETING REKAMAN CERKAK "SETENGAH ATI SETENGAH MATI" DENING RISANG Y SUGIYANA (*KAJIAN FONETIK AKUSTIK*)

SKRIPSI

Dipunaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Prasarat kangge Anggayuh *Gelar*
Sarjana Pendidikan

dening
Rinda Putri Meilantika
NIM 09205241069

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2014

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan "*Struktur Melodik* Tuturan Paraga Gambir Salebeting Rekaman Cerkak *Setengah Ati Setengah Mati* dening Risang Y Sugiyana (*Kajian Fonetik Akustik*)" menika sampun pikantuk palilah saking dosen *pembimbing* saha siyaga dipunuji.

Yogyakarta, 4 Maret 2014

Pembimbing I

Prof. Dr. Suwarna, M.Pd.

NIP 19640201 199812 1 001

Yogyakarta, 4 Maret 2014

Pembimbing II

Avi Meilawati, S.Pd., M.A.

NIP 19830502 200912 2 003

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan "*Struktur Melodik* Tuturan Paraga Gambir salebeting Rekaman Cerkak *Setengah Ati Setengah Mati* dening Risang Y Sugiyana (*Kajian Fonetik Akustik*)" menika sampun dipunandharaken ing *pendadaran* wonten sangajengipun *dosen penguji* ing surya kaping 13 Maret 2014 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	***Jabatan***	**Tapak asma**	**Tanggal**
Dr. Suwardi, M.Hum	*Ketua Penguji*	.....	15/04 14
Avi Meilawati, S.Pd., M.A	*Sekretaris Penguji*	.....	15/04 14
Siti Mulyani, M.Hum	*Penguji utama*	.....	14/04 14
Prof. Dr. Suwarna, M.Pd	*Penguji pendamping*	.....	14/4 14

Yogyakarta, 15 April 2014
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,

Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.
NIP 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ngandhap menika, kula

nama : Rinda Putri Meilantika

NIM : 09205241069

program studi : Pendidikan Bahasa Jawa

fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* skripsi kanthi irah-irahan "*Struktur Melodik* Tuturan Paraga Gambir salebeting Rekaman Cerkak *Setengah Ati Setengah Mati* dening Risang Y Sugiyana (*Kajian Fonetik Akustik*)" menika asiling panaliten kula piyambak. Samangertos kula, *karya ilmiah* menika boten ngandhut materi ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet sarana kangge dhasar anggenipun nyerat kanthi migatosaken tata cara saha paugeran nyerat ingkang mligi.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Mbok menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 14 Februari 2014

Panyerat

Rinda Putri Meilantika

SESANTI

"Semangatnya akan terus berlanjut selama orang masih bisa membaca kisahnya, tentang seorang perempuan yang menunjukan pada dunia bahwa tak ada batas untuk keberanian dan keyakinan"

(Senator Lister Hill dhateng Hellen Keller, lumantar Haris Munandar salebeting "*Wanita-wanita Pengubah Dunia*" 2009)

"Sapa temen bakal tinemu"

PISUNGSUNG

Kanthi raos sukur dhumateng Allah *Subhanahu wa Ta'ala*,
skripsi menika kula pisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula kekalih,
Bapak Ngudiran saha Ibu Mujiati,
ingkang sampun paring tresna asih kanthi tulus ikhlas.

PRAWACANA

Raos sukur panaliti aturaken dhumateng ngarsanipun Allah *Subhanahu wa Ta'ala* ingkang sampun paring mapinten-pinten rohmat, saengga kula saged nyerat *Tugas Akhir Skripsi* (*TAS*) kanthi irah-irahan "*Struktur Melodik* Tuturan Paraga Gambir salebeting Rekaman Cerkak *Setengah Ati Setengah Mati* dening Risang Y Sugiyana (*Kajian Fonetik Akustik*)" menika. *Tugas Akhir Skripsi* (*TAS*) menika minangka sarat utami kangge anggayuh *gelar Sarjana Pendidikan*.

Anggenipun nyerat skripsi menika tamtunipun boten uwal saking bimbingan, pambiyantu, sarta panjurung saking tiyang sanes. Awit saking menika, kula, minangka panaliti, badhe ngaturaken agunging panuwun dhateng Bapak Prof. Dr. Suwarna, M. Pd. saha Ibu Avi Meilawati, S.Pd., M.A., minangka dosen *pembimbing* ingkang sampun paring panyaruwe, pamrayogi, saha bimbingan sadangunipun kula nyerat skripsi. Kula ugi ngaturaken panuwun dhateng :

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd minangka dekan *Fakultas Bahasa dan Seni*, ingkang sampun paring kalodhangan kangge nggangsaraken anggen kula nyerat skripsi;
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. minangka ketua jurusan ingkang sampun paring kalodhangan kangge nggangsaraken anggen kula nyerat skripsi;
3. Ibu Nurhidayati, M. Hum, minangka *Penasehat Akademik* (PA) saha sadaya dosen jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring wejangan saha ngelmu sadangunipun kula sinau wonten ing jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UNY;
4. Bapak Dr. Sugiyono, pimpinan bidang Pengembangan Balai Pusat Bahasa Jakarta, ingkang sampun paring mapinten-pinten seserepan babagan panaliten menika;
5. Bapak Dr. F.X. Rahyono, S.S., M.Hum., dosen *fonetik* Universitas Indonesia ingkang sampun paring panyarwe saha pamrayogi tumrap panaliten menika;
6. Bapak Risang Yudhistira Sugiyana, minangka pamaos cerkak, ingkang sampun paring tambahing ngelmu babagan kados pundi cara-caranipun maos cerkak kanthi trep saha narik kawigatosan;

7. Bapak Ngudiran, Mamak Mujiati, Kangmas Rendy Putra Maretika, saha adhi-adhi kula (Rina Putri Nauritika lan Rita Putri Riliantika), ingkang saben dinten tansah damel krenteging manah kula;
8. Kanca-kanca kuliah ing PBD UNY, sedherek kos "Ceria", kanca-kanca ing *forum* PIK-R Sehati lan TBM Pustaka Winasis, saha sanesipun ingkang sampun damel *motivasi* kangge kula saengga tansah semangat;

Panaliti rumaos bilih anggenipun nyerat skripsi menika taksih tebih saking sampurna. Awit saking menika, panaliti tansah ngantu-antu pamrayogi saha panyaruwe para maos sedaya supados pikantuk asil ingkang langkung sae. Ing wasana, mugi-mugi skripsi menika wonten pigunanipun dhateng tiyang sanes, ugi minangka sumbangsih tumrap wiyaring ngelmu tata swara basa Jawa.

Yogyakarta, 14 Februari 2014

Panyerat

Rinda Putri Meilantika

WOSING ISI

DAFTAR GAMBAR

DAFTAR TABEL

DAFTAR LAMPIRAN

DAFTAR CEKAKAN

AN	: *Alir Nada*
Ga	: Gambir
Hz	: *Hertz* (*satuan frekuensi*)
IN	: *Interval Nada*
JN	: *Julat Nada*
Mo	: *Modus*
NA	: *Nada Akhir*
ND	: *Nada Dasar*
NPA	: *Nada* Paling Andhap
NPI	: *Nada* Paling Inggil
Pk	: Pakon
PM	: *Penekanan* mligi
Pt	: Pitakon
Pw	: Pawarta
SA	: Sansaya Andhap
SASM	: Setengah Ati Setengah Mati
SI	: Sansaya Inggil
St	: *semiton* (*satuan jarak nada* saking *nada* C garpu tala)
$f_{(IN)}$	: Rumus etangan *Interval Nada*
$f_{(JN)}$	: Rumus etangan *Julat Nada*

DAFTAR TANDHA

/ /	: *fonemis* (*transkripsi* ing tataran *fonem*)
[ ]	: *fonetis* (*transkripsi* ing tataran wanda, tembung saha ukara)
/	: utawi (antawisipun Hz kalihan st)
+	: *Interval Nada positif* (*alir nada* sansaya inggil)
-	: *Interval Nada negatif* (*alir nada* sansaya andhap)
. . .$^{(x)}$	: *super scrib* angka ing tengahing kurung nedahaken urutaning tembung ingkang sami salebeting tuturan, utawi *fonem* ingkang sami salebeting tembung.
	: *alir nada*
	: *spectograf*
	: garis *putus - putus vertikal* ing *spectograf* nedahaken watesan (*boundary*) antawising *fonem*
- - - - - - -	: garis *putus - putus horisontal* salabeting *tabel*, nedahaken *nada* ingkang sami ing satunggaling titikan *struktur melodik*, antawisipun *satuan* Hz (sanginggilipun garis) saha *satua*n st (sangandhapipun garis)
∑	: Asil etangan

STRUKTUR MELODIK TUTURAN PARAGA GAMBIR SALABETING REKAMAN CERKAK "SETENGAH ATI SETENGAH MATI" DENING RISANG Y SUGIYANA (*KAJIAN FONETIK AKUSTIK*)

Dening Rinda Putri Meilantika
NIM 09205241069

SARINING PANALITEN

Panaliten menika ancasipun kangge ngandharaken kados pundi wujud *struktur melodik* tuturan paraga Gambir salebeting rekaman cerkak Setengah Ati Setengah Mati dening Risang Y Sugiyana. *Struktur melodik* ingkang dipuntliti wonten tigang jinis, inggih menika (1) *struktur melodik modus* pawarta, (2) *struktur melodik modus* pitakon, saha (3) *struktur melodik modus* pakon.

Panaliten mujudaken panaliten *deskriptif* kanthi ngandharaken kados pundi *wujud struktur melodik* tuturan paraga Gambir salebeting rekaman cerkak Setengah Ati Setengah Mati dening Risang Y Sugiyana menika adhedhasar titikanipun. *Data* panaliten menika awujud rekaman pamaosan cerkak dening Risang Y Sugiyana. Caranipun ngempalaken *data* kanthi teknik semak-cathet. Anggenipun ngempalaken *data* ngginakaken *software Praat* kanthi ngethok suwanten, damel *stylising*, *textGrid* saha *alir nada*. Gegayutan kalihan cara menika, panaliten menika ngginakaken pirantining panaliten awujud *software Praat* kangge mbiyantu anggenipun damel *digitalisasi* suwanten, saha ngginakaken kertu *data* kangge nggampilaken anggenipun damel analisis. Ing panaliten menika *data* dipunanalisis kanthi damel *digitalisasi gelombang* suwanten saking *data* salajengipun dipunanalisis kanthi mahyakaken titikaning *struktur melodik* ing saben tuturan miturut jinis *modus*. Wondene cara ngesahaken *data* kanthi *validitas semantis*, *reliabilitas stabilitas* saha *reliabilitas intrarater*.

Asiling panaliten ngemot saperangan dudutan. Wujud *struktur melodik* ing saben tuturan mujudaken titikan ingkang boten sami, sedaya adhedhasar *konteks* cariyos. Ewa semanten ing saben jinis *modus* saged kaperang dados kalih inggih menika *alir nada* sansaya inggil saha *alir nada* sansaya andhap. *Modus* pawarta *alir nada* sansaya inggil katitik kanthi *interval nada* +29,57 Hz utawi +3,95 st. *Modus* pawarta *alir nada* sansaya andhap katitik kanthi *interval nada* -15,01 utawi -1,83 st, saha *alir nada* sansaya inggil katitik kanthi *interval nada* +57,44 Hz utawi +7,59 st, *alir nada* sansaya andhap katitik kanthi *interval nada* -64,29 Hz utawi -9,38 st. Wondene *modus* pakon *alir nada* sansaya inggil katitik kanthi *interval nada* +30,41 Hz utawi +3,70 st, saha *alir nada* sansaya andhap katitik kanthi *interval nada* -65,36 Hz utawi -8,07 st.

BAB I
PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa inggih menika simbol *ujaran* ingkang kaginakaken kangge *komunikasi* ing masarakat. Kanthi basa, masarakat saged mahyakaken menapa ingkang dados pamanggih, raosing manah, lan uneg - unegipun. Basa Jawa minangka idhentitas dhaerah dipunginakaken kangge sarana komunikasi dening masarakat Jawa.

Katitik saking wujudipun basa saged kaperang dados kalih, inggih menika basa sinerat kalihan basa lisan. Basa sinerat beda kalihan basa lisan. Basa sinerat awujud rantamaning aksara, tembung, saha ukara. Wondene basa lisan awujud suwanten.

Salebeting gesang padintenan, ing madyaning masarakat Jawa saged kaprangguli cak - cakaning Basa Jawa kanthi sinerat utawi tulis menapa dene ingkang lisan. Basa ingkang sinerat tuladhanipun wonten ing buku, naskah, cathethan, lan sapanunggalanipun. Wondene basa ingkang wujud lisan tuladhanipun nalika wicanten ing padintenan, sesorah, pranatacara, saha maos buku.

Wonten ing wiyaring ngelmu basa, basa sinerat langkung kathah pikantuk kawigatosan tinimbang basa lisan. Kabukten ing babagan tata basa materi tata ukara (*sintaksis*) menapa dene tata tembung (*morfologi*) langkung kathah tinimbang materi tata swara (*fonologi*). Materi tata swara namung mligi nyinau babagan *pelafalan* aksara utawi *fonem*, dereng dumugi *intonasi* ing saben

fonem kasebat. Kamangka basa lisan menika minangka basa ingkang gadhah *media primer* awujud suwanten, wondene basa sinerat menika namung "rekaman"ipun. Satunggaling seratan boten saged dipunwahyakaken kanthi gamblang tanpa suwanten, kejawi wonten ing prekawis mligi ingkang ngginakaken basa isyarat.

Tata swara ingkang wonten ing materi piwulangan Basa Jawa mliginipun ing tataran SD, SMP, saha SMA dereng dipunrembag kanthi tumemen. Ateges, guru langkung nengenaken siswa saged nyerat tinimbang maos utawi micara ugi mirengaken. Ewa semanten, ing *kompetensi* maos langkung nengenaken maos ing batin saha maos *intepretatif*, tinimbang maos *ekspresif* kanthi lisan ingkang cetha.

Tuladhanipun, nalika maos *karya sastra* arupi cerkak. Boten kathah piwulangan ingkang migatosaken kados pundi caranipun maos cerkak kanthi *ekspresif* , jumbuh kalihan suraosing cariyos saha narik kawigatosan. Piwulangan langkung nengenaken kados pundi para siswa saged mangsuli pitakenan ingkang gegayutan kalihan naskah cerkak kala wau. Menika ndayani raos bosen tumrap siswa, saha damel piwulangan Basa Jawi boten ngrembaka ing babagan nyarios utawi maos cariyos kanthi *ekspresif*.

Minangka *karya sastra* ingkang sinerat, cerkak menika saged dipunwaos utawi dipunlisanaken. Anggenipun maos utawi nglisanaken cerkak kedah jumbuh kalihan suraosing cariyos. Inggih awit cerkak menika kadhapuk saking *narasi* lan *dialog* paraga. Pramila kekalihipun menika damel pangaribawa anggenipun mahyakaken cerkak menika saengga wosipun trep, saged suka amanat menapa

dene tuladha, saha narik kawigatosaning pamireng. Tuladhanipun kados *data* ing ngandhap menika.



Gambar 1. *Struktur Melodik* Paraga Gembor

Gambar (1) ing nginggil inggih menika wujud suwanten nalika maos satunggaling *dialog* paraga Gembor ingkang dipunserat ing ngandhapipun (perangan 1). Perangan (1) menika nedahaken *transkripsi fonetik*-ipun. Paraga Gembor wicanten kalihan paraga sanesipun kanthi ngucap ukara “Nah, kuwi dieling-eling!”.

Anggenipun maos ukara menika kanthi *intonasi* ingkang mindhak utawi sansaya inggil. *Intonasi* menika saged dipuntedahaken dening perangan (2) kanthi *wave PitchTier* utawi *alir nada*. *Intonasi* menika kenging pangaribawa saking konteks cariyos saha jinising ukara. Kacariyosaken bilih paraga Gembor menika satunggaling tiyang ingkang watakipun ala, remen ndherek kampanye calon lurah ingkang paring banton arta.

Wondene jinisipun ukara *data* menika kalebet jinis ukara pakon. Paraga Gembor ing *data* gambar (1) menika nembe mrentah supados paraga sanes (lawan

tutur) ngemut-emut menapa ingkang dipunkajengaken. Katitik saking *konteks* cariyos kasebat, ukara ingkang dipunpocapaken dening Gembor gadhah ancas kangge mrentah utawi pakon.

Nada ingkang ndhapuk *intonasi*-nipun menika kagolong andhap sinaosa *spektogram* (perangan 3) nedahaken *pola grafik* ingkang rapet. Perangan *spektogram* menika nedahaken soranipun suwanten. Paraga Gembor menika gadhah suwanten ingkang gandem pramila *nada*-nipun andhap. *Nada dasar*-ipun 106,36 Hz utawi 1,07 st. Wondene *spektogram* nedahaken *grafik* ingkang rapet saha inggil amargi kacariyos bilih Gembor anggenipun micara wonten ing satengahipun rombongan montor knalpot blombongan ingkang nembe kampanye.

Intonasi ing *dialog* cerkak ugi dipundayani dening watakipun paraga. Menawi ing gambar (1) Gembor gadhah watak ingkang ala, beda kalihan Gambir ingkang gadhah watak alus nglembah manah. Tuladhanipun ing ngandhap menika. .



Gambar 2. *Struktur melodik* paraga Gambir

Gambar (2) ing nginggil inggih menika wujud suwanten nalika maos satunggaling *dialog* paraga Gambir. Paraga Gambir wicanten kalihan paraga

sanesipun kanthi ngucap ukara “Mbok nangkarke!”. Anggenipun maos ukara menika kanthi *intonasi* ingkang sansaya andhap. Menika kenging pangaribawa saking *konteks* cariyos. Kacariyosaken bilih paraga Gembor menika satunggaling tiyang ingkang watakipun alus nglembah manah.

Gambar (1) kalihan gambar (2) menika nedahaken bedanipun *intonasi*. Sinaosa *data* ing gambar (1) saha gambar (2) menika kekalihipun kalebet ukara pakon, ananging anggenipun maos boten sami *intonasi*-nipun. Gambar (1) dipunwaos kanthi *intonasi* mindhak, wondene gambar (2) dipunwaos kanthi *intonasi* mandhap. Bedanipun *intonasi* ing gambar (1) saha gambar (2) menika saged dipuntingali saking wujud *wave PitchTier* utawi *alir nada* ing perangan (2).

Wonten ing gambar (2) perangan (3) utawi *spektogram*, saged dipuntingali bilih pola grafik *spektogram*ipun boten rapet saha boten inggil kados gambar (1). Menika dipundayani amargi kacariyos bilih Gambir menika watakipun alus nglembah manah saengga boten remen mrentah tiyang sanes kanthi sora. Wondene *nada*-nipun langkung inggil tinimbang Gembor. Wonten ing *data* gambar (2) menika Gambir gadhah *nada dasar* 127,43 Hz utawi +5,28 st.

Saking kalih tuladha ing nginggil, panaliti gadhah krenteg kangge naliti babagan kadospun pola-pola *intonasi* mliginipun ing perangan *dialog* cerkak. Anggenipun maos cerkak temtunipun boten namung maos kanthi *intonasi* ingkang *monoton* ananging kanthi memper-emperi prastawa kasunyatanipun. Ewa semanten panaliti boten naliti wicantenan padintenan amargi panaliti *fokus* wonten ing pamahyan cerkak saengga boten saged jumbuh kalihan ancasing panaliten. Temtunipun saben paraga gadhah titikan suwanten ingkang *khas* saha

beda antawisipun paraga satunggal lan satunggalipun, mliginipun paraga Gambir ingkang kawahya ing gambar (2) menika gadhah watak ingkang alus ingkang trep kalihan tata krama tiyang Jawi. Inggih awit saking menika, panaliti matesi *fokus* panaliten. *Data* ingkang samangke badhe dipuntaliti inggih menika tuturanipun paraga Gambir. Kanthi mahyakaken suwantenipun paraga Gambir kanthi trep, pamaos boten namung nyariosaken cariyos ananging ugi suka tuladha kados pundi tata krama tiyang Jawi.

Rekaman cerkak ingkang panaliti ginakaken menika saking *arsip* rekaman sayembara maos cerkak tataran diwasa wonten ing Dhinas Kabudayan Ngayogyakarta. Panaliti ngginakaken rekaman sayembara maos cerkak tataran diwasa amargi salebeting aturan sayembara kasebat para pamupu kedah maos cerkak anggitanipun piyambak. Inggih awit saking menika, pamupu estu sampun mangertos kados pundi wosing cariyos saengga anggenipun maos temtunipun boten nyimpang saking wosing cariyos. Menika dados satunggaling bab ingkang saged mbiyantu ngiyataken asiling panaliten.

Panaliti ngginakaken arsip ingkang paling enggal, inggih menika arsip surya kaping 28 Mei 2013 nalika sayembara maos cerkak. Menika kapilih amargi ing pamanggihipun panaliti piyambak langkung enggal satunggaling karya sastra menika ugi langkung jumbuh ugi wosipun kalihan wiyaring jaman. Kejawi menika sayembara maos cerkak menika minangka adicara rutin saben taunipun, saengga sansaya enggal ugi sansaya sae saha *ekspresif*.

Saking sayembara kasebat panaliti pikantuk 19 rekaman cerkak, ananging panaliti namung nemtokakaen satunggal irah-irahan utawai satunggal rekaman

ingkang dipunginakaken minangka *data* ing panaliten menika. Panaliti nemtokaken satunggal rekaman ingkang badhe dipunginakaken minangka *data* menika adhedhasar jumbuhipun cariyos kalihan tata krama Jawi, cethanipun suwanten, saha *gangguan audio* ingkang sekedhik. Saking 19 rekaman menika, panaliti nemtokakan rekaman kanthi irah-irahan "Setengah Ati Setengah Mati" minangka *data* panaliten. Panaliti nemtokaken satunggal rekaman ingkang badhe dipunginakaken minangka *data* menika adhedhasar jumbuhipun cariyos kalihan tata krama Jawi, cethanipun suwanten, saha *gangguan audio* ingkang sekedhik. Wondene cerkak kanthi irah-irahan "Setengah Ati Setengah Mati" menika anggitanipun Risang Yudhistira Sugiyana, utawi asring kaserat kanthi asama Risang Y Sugiyana. Cerkak menika ugi dipunwaos dening Risang Y Sugiyana piyambak.

Risang Y Sugiyana menika satunggaling seniman ing bidang seni tari saha seni teater jawa utawi kethoprak. Samenika Risang Y Sugiyana kagungan yuswa 52 taun. Risang Y Sugiyana boten namung asring nyerat naskah teater saha kethoprak, ananging ugi nglatih anggenipun nyamaptakaken pentas. Kejawi nyerat naskah teater utawi kethoprak, Risang Y Sugiyana ugi asring nyerat karya sastra cerkak. Risang Y Sugiyana menika pidalem wonten ing Dusun Prancak Ngglondhong Panggungharjo Sewon Bantul Ngayogyakarta.

Kanthi panaliten menika, ing pangajab mugya saged dados tambahan seserepan kangge nyinau babagan kados pundi wujud saha cak-cakaning *struktur melodik* paraga nalika maos cerkak. Saking asiling panaliten menika kaajab para maos saged mangertosi kados pundi caranipun maos *dialog* paraga salebetig

cerkak kanthi trep kalihan wosing cariyos saha narik kawigatosan. Ngelmu menika boten namung dipuncakaken ing piwulangan Basa Jawa salebeting kelas ananging ugi kangge *performing karya* awujud cariyos kanthi lisan wonten ing sayembara maos cerkak, drama radio, ndongeng, menepa dene ing antawecananing ringgit purwa.

B. Underaning Prekawis

Saking andharan dhasaring panaliten menika saged kaprangguli prekawis-prekawis, antawisipun ing andhap menika.

1. Wujud *struktur melodik* tuturan *modus* pawarta paraga Gambir salebeting rekaman cerkak “Setengah Ati Setengah Mati” dening Risang Y Sugiyana.
2. Wujud *struktur melodik* tuturan *modus* pitakon paraga Gambir salebeting rekaman cerkak “Setengah Ati Setengah Mati” dening Risang Y Sugiyana.
3. Wujud *struktur melodik* tuturan *modus* pakon paraga Gambir salebeting rekaman cerkak “Setengah Ati Setengah Mati” dening Risang Y Sugiyana.

C. Wosing Prekawis

Underaning prekawis ing nginggil sadayanipun dados wosing prekawis kados ing andhap menika.

1. Kados pundi wujud *struktur melodik* tuturan *modus* pawarta paraga Gambir salebeting rekaman cerkak “Setengah Ati Setengah Mati” dening Risang Y Sugiyana?

2. Kados pundi wujud *struktur melodik* tuturan *modus* pitakon paraga Gambir salebeting rekaman cerkak “Setengah Ati Setengah Mati” dening Risang Y Sugiyana?
3. Kados pundi wujud *struktur melodik* tuturan *modus* pakon paraga Gambir salebeting rekaman cerkak “Setengah Ati Setengah Mati” dening Risang Y Sugiyana?

D. Ancasing Panaliten

Adhedhasar saking wosing prewakis, panaliten menika gadhah ancas kados ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken wujud *struktur melodik* tuturan *modus* pawarta paraga Gambir salebeting rekaman cerkak “Setengah Ati Setengah Mati” dening Risang Y Sugiyana.
2. Ngandharaken wujud *struktur melodik* tuturan *modus* pitakon paraga Gambir salebeting rekaman cerkak “Setengah Ati Setengah Mati” dening Risang Y Sugiyana.
3. Ngandharaken wujud *struktur melodik* tuturan *modus* pakon paraga Gambir salebeting rekaman cerkak “Setengah Ati Setengah Mati” dening Risang Y Sugiyana.

E. Paedahing Panaliten

Asilipun panaliten menika kaajab saged suka paedah kanthi *teoritis* saha *praktis* kados ing ngandhap menika.

1. Paedah *teoritis*

Ing pangajab panaliten menika saged dipunginakaken minangka tambahing seserepan babagan ngelmu tata swara. Kejawi menika ugi kangge caos *referensi* dhateng panaliti-panaliti candhakipun ingkang badhe naliti bab-bab ingkang jumbuh kalihan kajian *fonetik akustik*. Ing kasunyatanipun panaliten babagan *fonetik akustik* mliginipun *struktur melodik* taksih awis, kaajab panaliten menika saged nggrengsengaken minat panaliti-panaliti candhakipun. Kepara malah seged nuwuhaken panaliten babagan kados pundi *struktur melodik* antawecananipun ringgit purwa.

2. Paedah *praktis*

Ing pangajab panaliten menika saged caos pambiyantu dhateng para dwija utawi guru ing pasinaon Basa Jawa, para maos cariyos utawi ingkang remen ndongeng, ugi para maos sedaya kangge nggampilaken anggenipun sinau babagan kados pundi caranipun maos cariyos utawi nyarios kanthi sae, trep, saha narik kawigatosan.

F. Pangertosan Istilah

Supados menapa ingkang badhe dipunrembag wonten ing panaliten menika langkung cetha, pramila kawatesi pangertosan istilah.

1. *Alir Nada*

Alir Nada inggih menika garis ingkang nedahaken kados pundi gayutan antawisipun *nada* satunggal saha satunggalipun ing saben *fonem* saking wiwitaning tuturan dumugi pungkasaning tuturan.

2. Cerkak

   Cerkak inggih menika cariyos Jawi ingkang wosipun nyariosaken satunggaling prastawa ing wekdal tartamtu kanthi cekak saha ngemot amanat tartamtu.

3. *Interval Nada*

   Interval Nada inggih menika jarak utawi *selisih* antawisipun *nada dasar* utawi *nada awal* kalihan *nada final* utawi *nada akhir* salebeting tuturan.

4. *Julat Nada*

   Julat nada (*pitch range*) inggih menika jarak utawi *selisih* antawisipun *nada maksimum* kalihan *nada minimum* ing salebeting tuturan katitik saking *frekuensi*-nipun.

5. *Nada Dasar*

   Nada dasar inggih menika nada awal utawi nada ingkang murwakani satunggaling tuturan. *Nada dasar* ugi dipunsebat *nada onset* utawi kanthi lambang F_o.

6. *Nada Akhir*

   Nada akhir ugi kasebat *nada final*, inggih menika *nada* ingkang wonten ing fonem pungkasan ing satunggaling tuturan. Nada akhir ugi dipunsebat *nada final* utawi *pemarkah final*.

7. *Nada* Paling Andhap

   Nada paling andhap inggih menika *nada minimum* utawi *nada* ingkang kawahya kanthi *frekuensi* paling andhap.

8. *Nada* Paling Inggil

   Nada paling inggil inggih menika *nada maksimum* utawi *nada* ingkang kawahya kanthi *frekuensi* paling inggil.

9. *Struktur Melodik*

   Struktur melodik sami kalihan *intonasi*, inggih menika peranganing suwanten ingkang wonten salebeting ujaran ingkang saged nedahaken luk-luking *nada*.

BAB II
GEGARAN TEORI

A. Tata swara

Tata swara ugi dipunsebat *fonologi*. Chaer (1994: 102) ngandharaken bilih tembung *fonologi* menika kadhapuk saking tembung *fon* kalian tembung *logi*. Salebeting Kamus Linguistik, Kridalaksana (2008: 62) negesi *fon* inggih menika suwanten utawi ungeling basa. Wondene *logi* inggih menika ngelmu. Mulyana (2009: 23) nyebataken istilah *fonologi* menika asalipun saking Basa Inggris *phonology* ingkang tegesipun ngelmu babagan suwanten. Pangertosan menika jumbuh kalihan Kridalaksana (2008: 63) ingkang negesi *fonologi* saking Basa Inggris *phonology* ingkang tegesipun *bidang kajian linguistik* ingkang ngrembag babagan ungel basa adhedhasar ginanipun.

Saking andharan ing inggil, saged dipunpendhet dudutan pangertosan tata swara. Tata swara inggih menika ngelmu babagan ungel basa. Salebeting tata swara, ungel basa dipunsinau kanthi nggayutaken kados pundi mocapaken ungel basa kasebat kalihan kados pundi ginanipun ungel basa kasebat.

Objek kajian tata swara inggih menika ungel basa. Awit saking *objek* ingkang awujud ungel basa menika wiyar, *bidang kajian* tata swara kaperang dados kalih, inggih menika *fonmik* kalihan *fonetik*. Mulyana (2009: 28) ngandharaken *fonemik* inggih menika peranganing *fonologi* ingkang ngrembag prakawis ungel basa ingkang *fungsional* utawi sampun gadhah *fungsi* pambeda makna. Kados ingkang dipunandharaken dening Chaer (1994: 120) bilih *fonemik*

menika nyinau babagan ungel basa gayutanipun kalihan daya pangaribawanipun tumrap beda-bedaning makna.

Miturut Mulyani (2008: 5), *fonetik* inggih menika kawruh ingkang nyinau kados pundi cara kerjanipun *alat ucap* manungsa anggenipun ngasilaken suwanten utawi ungel basa, kadospundi *hakekat* ungel basa menika, sarta kados pundi *getaran* hawa minangka ungel basa ingkang dipuntampi dening talinganipun manungsa. Chaer (1994: 102) ngandharaken *fonetik* menika ngrembag ungel basa tanpa migatosaken pangaribawanipun ungel kasebat tumrap makna.

Saged dipundudut pepadhan saha bedanipun *fonemik* kalihan *fonetik*. Pepadhanipun, *fonemik* kalihan *fonetik* kekalihipun kalebet perangan ngelmu tata swara. Ingkang bedakaken *fonemik* kalihan *fonetik* inggih menika *fonemik* nggayutaken ungel basa kalihan makna wondene *fonetik* boten.

Panaliten menika kalebet *kajian fonetik*. Ing panaliten menika panaliti boten nggayutaken ungel basa ingkang wonten ing *data* kalihan maknanipun. Gayut kalihan ancasing panaliten, panaliten menika kangge damel *deskripsi struktur melodik*. Ateges, panaliten menika boten katindakaken kanthi nandhingaken *data* satunggal saha satunggalipun ingkang gadhah pepadhan salajengipun dipunpadosi *fungsi* pambeda maknanipun. Panaliten menika katindakaken kanthi madosi titikan *struktur melodik* saben tuturan. Salajengipun, titikan *struktur melodik* menika dipunginakaken kangge damel *deskripsi* kados pundi *alir nada* ingkang mujudaken *struktur melodik* saben tuturan.

B. *Fonetik*

Kridalaksana (2008: 63) negesi *fonetik* minangka ngelmu ingkang nyinau kados pundi caranipun ngasilaken, mahyakaken, saha nampi ungel basa. *Fonetik* menika kalebet ngelmu *interdisipliner linguistik* kalihan *fisika*, *anatomi*, saha *psikologi*. Silalahi (2007: 10) ngandharaken bilih *fonetik* inggih menika ngelmu ingkang nyinau babagan ungel basa minangka media utawa sarana basa.

Sugiyono (2003: 12) ngandharaken bilih *fonetik* nyinau ungel basa wonten ing *tataran permukaan* (*surface level*), inggih menika tataran ingkang nedahaken prastawa *artikulasi*, *akustik*, saha *perseptual*. Saking tigang tataran menika, *fonetik* kaperang dados tigang jinis, inggih menika : 1) *fonetik artikulatoris*, 2) *fonetik akustik*, saha 3) *fonetik auditoris*.

Tigang jinis *fonetik* menika tansah sesambetan antawis satunggal kalihan satunggalipun. Kados ingkang dipunandharaken dening Sugiyono (2003: 15-16) bilih wonten tigang tataran ingkang kedah dipunlampahi dening satunggaling *pesan* salebetipun wicantenan utawi dialog. Ateges, satunggaling pesan ingkang arupi suwanten kedah dipunproses kanthi tigang tataran *fonetik*. Suwanten kasebat dipunproses ing tataran *fonetik artikulatoris* nalika dipunpocapaken, salajengipun dipunproses ing tataran *fonetik akustik* nalika wonten ing perantara hawa, saha dipunproses ing tataran *fonetik auditoris* nalika dipuntampi dening talingan. Denes kalihan Pinson (lumantar Sugiyono, 2003:16) nggambaraken proses menika ngginakaken *speech chain* kados ing gambar (3) menika.



Gambar 3. *Diagram Speech Chain*
(Sugiyono, 2003: 16)

1. *Fonetik artikulatoris*

Fonetik artikulatoris ugi dipunsebat *akustik organis*, inggih menika *fonetik* ingkang nyinau kados pundi *mekanisme alat ucap* manungsa ngasilaken suwanten basa (Silalahi, 2007: 10). Wonten ing gambar *speech chain* ing nginggil *fonetik artikulatoris* dipuntedahaken dening gambar pambicara nalika *pesan* dipunolah dening otak salajengipun *syaraf motoris* ngebahaken otot-otot suara ing *alat ucap*.

2. *Fonetik akustik*

Bright (lumantar Silalahi, 2007: 10) nyebataken bilih *fonetik akustik* menika minangka ngelmu ingkang naliti babagan prastawa *fisika* utawi *fenomena* alam ingkang nyipta sesambetan antawisipun pambicara kalihan pamireng. Wonten ing gambar *speech chain* ing nginggil *fonetik akustik* dipuntedahaken dening gambar *gelombang bunyi* ingkang dipunasilaken dening pambicara salajengipun dipuntampi dening talinganipun pamireng

saha talinganipun pambicara piyambak (*umpan balik*). *Gelombang bunyi* menika minangka asil saking *produksi tuturan* saha minangka satunggaling sarana ingkang nyipta *persepsi*.

3. *Fonetik auditoris*

Fonetik auditoris nyinau mekanis ungeling basa menika dipuntampi dening talingan. Wonten ing gambar *speech chain* ing nginggil *fonetik auditoris* dipuntedahaken dening gambar pamireng nalika *gelombang bunyi* dipuntampi talingan salajengipun dipunkintun dhateng otak dening *syaraf sensoris*. *Pesan* ingkang sampun mlebet otak salajengipun dipunolah dados *persepsi*.

Wonten ing panaliten menika, panaliti ngginakaken *data* arupi asil rekaman. Ateges, panaliti boten ningali kados pundi proses *produksi tuturan* menapa dene kados pundi *tuturan* menika dipuntampi talingan. Inggih awit saking menika panaliten menika kalabet ing tataran *fonetik akustik*, mliginipun naliti babagan *unsur suprasegmental* ingkang mujudaken *struktur melodik* salebeting tuturan. Wondene kados pundi *unsur suprasegmental* ingkang mujudaken *struktur melodik* kaandharaken ing sub-bab C.

C. *Objek Kajian Fonetik Akustik*

Syarfina (lumantar Prihantoro, 2012: 13) ngandharaken bilih *fonetik akustik* nyinau *gelombang* suwaten ingkang dipundamel dening *organ vokal* manungsa kangge sarana *komunikasi*. *Fonetik akustik* kasebat damel *kajian* kanthi *objek gelombang* suwanten minangka *gejala fisika* utawi *fenomena* alam ingkang

mujudaken sesambetan antawisipun panutur saha pamireng. Para wasis ing *bidang fonetik akustik* nganalisis *gelombang* suwanten menika ngginakaken pirantos, mesin, menapa dene *program komputer*.

Objek kajian fonetik akustik inggih menika *sinyal ujaran akustik* (*acoustic speech signals*) minangka *gejala fisika*. Salajengipun, dipunwiyaraken kanthi sesambetan kalihan *kajian produk ujaran*, *persepsi ujaran*, saha ngelmu *linguistik*. Ateges, salabeting *kajian* menika boten ngiwakaken kados pundi sinyal menika dipunasilaken, dipungraita utawi *dipersepsikan*, saha kados pundi sinyal menika dipundamel *struktur* kanthi *linguistik*. (Prihantoro, 2012: 14)

Fonetik akustik minangka perangan saking ngelmu tata swara gadhah *objek kajian* inggih menika ungel basa. Wondene salabeting tata swara ungel basa menika wonten kalih warni, inggih menika ungel *segmental* kalihan ungel *suprasegmental*. Andharan babagan ungel *segmental* kalihan ungel *suprasegmental* karembag ing ngandhap menika.

1. Ungel *Segmental*

Ungel segmental inggih menika ungel basa ingkang saged dipundamel *segmentasi* utawi dipunpilah-pilah saben *fonem*. Muslich (2010: 46) ngandharaken bilih *ungel segmental* adhedhasar mapinten - pinten kriteria, inggih menika : 1) pepalang, 2) *mekanisme* hawa, 3) arahing hawa, 4) *pita suara*, 5) *lubang lewatan udara*, 6) *mekanisme artikulasi*, 7) caraning pepalang, 8) obahing ilat, 9) posisi ilat, 10) bentuk lambe.

Ungel *segmental* saged dipunserat awujud *fonem*. Uhlenbeck (lumantar Widada, 1999: 2) nyebataken bilih Basa Jawa gadhah 32 *fonem*. *Fonem*

salebetipun Basa Jawa ing antawisipun : /a/, /ɔ/, /e/, /ə/, /Ɛ/, /o/, /i/, /I/, /u/, /U/, /h/, /n/, /c/, /r/, /k/, /d/, /t/, /s/, /w/, /l/, /p/, /ḍ/, /j/, /y/, /ñ/, /m/, /g/, /b/, /ṭ/, /ŋ/, saha /?/.

Panaliten babagan *ungel segemental* menika langkung nengenaken kados pundi proses *produksi tuturan*. Ateges, *ungel segmental* menika dipunsinau ing tataran *fonetik artikulatoris*. Panaliten ingkang panaliti tindakaken menika boten ngrembag babagan ungel *segmental*.

2. Ungel *Suprasegmental*

Muslich (2010: 61) ngandharaken bilih *ungel suprasegmental* inggih menika ungel basa ingkang boten saged dipundamel *segmentasi*, amargi kadadosanipun tansah sareng kalihan *ungel segmental*. Jinising *ungel suprasegmental* wonten mapinten-pinten pamanggih, kados wonten ing ngandhap menika. Muslich (2010: 112) ugi ngandharaken bilih *ungel suprasegmental* menika wonten gangsal *unsur*, inggih menika : *nada, tekanan, durasi, jeda,* saha *intonasi.*

Unsur suprasegmental menika sami kalihan titikan *prosodi*. Samsuri (1970: 6) nyebataken bilih titikan *prosodi* menika dipuntegesi titikanipun pocapan ingkang dipunasilaken sesarengan kalihan suwanten. Titikanipun pocapan menika wonten mapinten-pinten jinis, inggih menika *intensitas* suwanten (*tekanan*), andhap-inggiling suwanten (*nada*), saha cekak-panjanging suwanten (*durasi*).

Ingkang bedakaken teorinipun Musclih (2010) kalihan Samsuri (1970) inggih menika anggenipun milah jinis *unsur* salebeting ungel supra*segmental*.

Muslich (2010) nyebataken bilih wonten gangsal jinis, wondene Samsuri (1970) nyebataken wonten tigang jinis. *Nada* ingkang dipunsebataken dening Samsuri sampun ngemot *intonasi*, wondene dening Muslich *nada* kalihan *intonasi* menika dipunbedakaken. Muslich (2010: 115 - 116) nyebataken bilih salabeting basa ingkang sanes *bahasa nada*, *nada* boten damel pangaribawa ingkang ageng kangge nyipta makna, wondene *intonasi* utawi luk-luking *nada* (ingkang boten dipunpisah kalihan *tekanan*, *jeda* saha *durasi*) saged nyipta makna ukara. Makna ukara menika kagolongaken dados tigang golongan pokok, inggih menika pawarta, pakon, kalihan pitakon.

Saged dipundudut, Musclih (2010) nedahaken bilih *intonasi* menika minangka wujud reroncen saking *nada*, *tekanan*, *jeda*, saha *durasi*. Kejawi menika, Muslich ugi damel pambeda antawisipun *durasi* kalihan *jeda*, sinaosa *jeda* menika ugi awujud *durasi kesenyapan*. Wondene Samsuri (1970) boten mbedakaken antawis kekalihipun.

Unsur suprasegmental namung dumunung ing basa lisan, wondene ing basa tulis boten katingal *unsur suprasegmental*-ipun. Wontenipun *unsur suprasegmental* menika nggampilaken penutur anggenipun mahyakaken suraos. Marsono (1993: 115) ngandharaken bilih *ungel suprasegmental* inggih menika suwanten ingkang ngantheni *ungel segmental*. Muslich (2010: 112) ngandharaken *unsur suprasegmental* menika wonten gangsal wujud, inggih menika : 1) *nada*, 2) *tekanan*, 3) *durasi*, 4) *jeda*, 5) *intonasi*. Wondene andharan babagan gangsal *unsur suprasegmental* wonten ing ngandhap menika.

a. *Nada* (*tone*)

Nada inggih menika andhap-inggiling suwanten. Muslich (2010: 112) ngandharaken bilih wontenipun *nada* dipunsebabaken wontenipun *ketegangan pita suara, arus udara*, saha ebahing *pita suara* nalika ungel menika dipunpocapaken. Sansaya tegang *pita suara*, *nada*-nipun ugi sansaya inggil.

Muslich (2010: 112), nyebataken bilih salebeting basa Indonesia, andhap inggiling *nada* menika boten *fungsional* utawi boten mbedakaken makna ing tataran *fonem* menapa dene *tembung*. Ananging, prastawa menika boten ateges ing basa Indonesia boten wonten *unsur suprasegmental nada*. Makaten ugi ing basa Jawa, *nada* tansah sesarengan kalihan ungel *segmental*, saha tansah sesambetan kalihan ungel *suprasegmental* sanesipun. *Nada* boten saged uwal saking *unsur suprasegmental* sanesipun, mliginipun kangge nemtokaken *intonasi* ukara. Ateges, ing basa Indonesia menapa dene ing basa Jawa nada menika nembe saged *fungsional* nalika sampun mawujud *intonasi* ing satunggaling tuturan.

Salebeting panaliten menika *nada* boten dipuntaliti kanthi mligi, ananging *nada* menika nyawiji kalihan *tekanan* dados *alir nada*. *Alir nada* menika samangke mahyakaken andhap-inggilipun swanten kanthi *satuan frekuensi* saha *semiton*. Ewa semanten, *alir nada* menika samangke badhe kawahya kanthi prasaja kanthi gambaran *tingkat nada semiton*. Kanthi makaten, jarak andhap-inggilipun swanten saben *fonem* saged katingal kanthi gamblang saha prasaja.

b. *Tekanan*

Tekanan inggih menika *kualitas* suwanten ingkang dipunolah *durasi* saha *intensitas*-ipun satunggaling suwanten. Ateges, *tekanan* dipundayani dening enggal alonipun suwanten saha sora alusipun suwanten. Ing satunggaling tuturan, bedanipun *tekanan* saged mbedakaken *persepsi*, saengga *pesan*-ipun ugi saged ewah. Kados ingkang dipunandharaken dening Muslih (2010: 113), *tekanan* saged mbedakaken maksud utawi makna ing tataran ukara (*sintaksis*), ananging boten saged mbedakaken makna ing tataran tembung (*leksis*). Mekaten ugi salabeting Basa Jawa, *tekanan* mbedakaken makna ing tataran ukara, lan boten mbedakaken makna ing tataran tembung.

Wonten ing tataran ukara, tetembungan boten dipunpocapaken kanthi *tekanan* ingkang sami. Menika gumantung saking wigatosing tembung menika salebetipun ukara. Tetembungan ingkang langkung wigatos, dipunpocapaken kanthi *tekanan* tartamtu. Saengga suraosipun ukara saged dipuntampi kanthi cetha. Tuladhanipun saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

1) ***Kemarin*** *teman saya menyimpan uang di bank.*

   Wingi kancaku nyimpen dhuwit ana ing bank.

2) *Kemarin* ***teman saya*** *menyimpan uang di bank.*

   Wingi **kancaku** nyimpen dhuwit ana ing bank.

3) *Kemarin teman saya* ***menyimpan*** *uang di bank.*

   Wingi kancaku **nyimpen** dhuwit ana ing bank.

4) *Kemarin teman saya menyimpan* ***uang*** *di bank.*

   Wingi kancaku nyimpen **dhuwit** ana ing bank.

*5) Kemarin teman saya menyimpan uang di **bank**.*

Wingi kancaku nyimpen dhuwit ana ing **bank**.

(Muslich, 2010: 112)

Tuladha (1) dumugi (5) menika ngemu tetembungan ingkang dipuncethak kandel, menika nedahaken tembung menapa ingkang dipunpocapaken kanthi *tekanan* tartamtu. Tuladha (1) nedahaken bilih kancanipun panutur (kancaku) anggenipun nyimpen arta ing bank kala **wingi**, sanes saiki utawi sesuk. Tuladha (2) nedahaken bilih ingkang nyimpen arta wonten ing bank inggih menika **kancaku** (kancanipun penutur), sanes tiyang ingkang sanesipun. Tuladha (3) nedahaken bilih kala wingi kancanipun panutur **nyimpen** arta wonten ing bank, sanes mendhet arta menapa dene nglintu arta. Tuladha (4) nedahaken bilih kala wingi kancanipun panutur (kancaku) nyimpen **dhuwit** wonten ing bank, sanes nyimpen barang sanesipun. Wondene tuladha (5) nedahaken bilih kancanipun panutur (kancaku) kala wingi nuimpen arta wonten ing **bank**, sanes ing papan sanesipun.

Saking tuladha ing nginggil, saged katingal bilih bedanipun cak-cakan *tekanan* salebeting ukara saged suka pangaribawa dhateng *persepsi* utawi makna ukara kasebat. Inggih awit saking menika, cak-cakanipun *tekanan* ingkang trep saged damel gampil pamireng anggenipun mahami maknanipun. Menika dipuncakaken salebeting pawahyan cariyos utawi nyarios, saengga pamireng boten lepat anggenipun mahami menapa ingkang dipuncariyosaken.

Kejawi menika, *tekanan* ingkang trep ugi saged damel *dramatis* anggenipun maos cariyos saengga langkung narik kawigatosan.

c. *Jeda*

Muslih (2010: 114) ngandharaken bilih *jeda* utawi *kesenyapan* kedadosan antawisipun kalih *wujud linguistik*. *Jeda* menika wonten ing enem papan, inggih menika antawisipun ukara, antawisipun *frase*, antawisipun tembung, antawisipun *morfem*, antawisipun wanda, menapa dene antawisipun *fonem*.

Jeda antawisipun kalih *wujud linguistik* ingkang tataranipun langkung inggil menika langkung dangu tinimbang *jeda* antawising kalih *wujud linguistik* ingkang langkung andhap. Ateges, jeda antawisipun ukara menika langkung dangu utawi panjang tinimbang jeda antawisipun *frase*, jeda antawisipun *frase* langkung panjang tinimbang jeda antawisipun tembung, jeda antawisipun tembung langkung panjang tinimbang jeda antawisipun *morfem*, lan sapiturutipun. Ananging, ugi saged kaprangguli kasus tartamtu ingkang panjang jedanipun boten gumathok saking jinising wujud *linguistik* ingkang dipunpisahaken.

Gumantung saking jinis *wujud linguistik* ingkang dipunpisahaken, wonten kalih jinising *jeda*. Kalih jinis *jeda* kasebat inggih menika *jeda* ingkang wonten ing salebetipun tembung (*jeda internal*), sarta *jeda* ingkang wonten ing sanjawinipun tembung (*jeda eksternal*). Wondene *jeda eksternal* menika wonten mapinten-pinten jinis, inggih menika : 1) *Jeda* antawisipun

tembung, ingkang dipuntadhani mawi garis miring tunggal [/]; 2) *Jeda* antawisipun *frase*, ingkang dipuntandhani mawi garis miring rangkep [//]; 3) *Jeda* antawisipun ukara, ingkang dipuntandhani mawi silang rangkep [#]. *Jeda* antawisipun ukara asring dipunginakaken kangge miwiti saha mungkasi ukara. (Samsuri, 1974: 135)

Tuladha cak-cakanipun *jeda* saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

1) # *Ini // təraŋ / bulan* #

   # Iki // *təraŋ / bulan* #

2) # *Ini // təraŋ // bulan* #

   # Iki // paḍang / mbulan #

(Samsuri, 1978: 228)

Saking tuladha ing nginggil nedahaken bilih tuladha (1) menika mahyakaen wontenipun *terang bulan* (satunggaling nama tetedhan). Wondene tuladha (2) menika nyebataken suasana ingkang nembe kedadosan inggih menika rembulan ingkang terang utawi padhang bulan. Tuladha sanesipun :

1) # *Orang / itu / marah // ibu / tertawa* #

   # Wong / kuwi / nesu // ibu / ngguyu #

2) # *Orang / itu / marah # ibu / tertawa* #

   # Wong / kuwi / nesu # ibu / ngguyu #

(Samsuri, 1978: 229)

Tuladha (1) menika nedahaken wontenipun satunggaling tiyang ingkang duka amargi ibu gumujeng. Analisis menika dipuntadhani ngginakaken *jeda* rangkep ingkang misahaken antawisipun tembung *marah* kalihan *ibu*. Beda kalihan tuladha (2), tuladha (2) menika nedahaken bilih wonten satunggaling tiyang ingkang duka, wondene ibu gumujeng. Ateges wonten kalih prastawa ingkang kedadosan sesarengan, inggih menika prastawa nalika satunggaling tiyang ingkang nembe duka sareng kalihan prastawa ibu gumujeng. Tuladha (2) menika ngginakaken *jeda* silang rangkep ingkang misahaken antawisipun tembung *marah* kalihan *ibu*. Menika dipunjalari amargi *jeda* antawisipun "*orang itu marah*" kalihan "*ibu tertawa*" menika panjang.

Salebeting panaliten menika, *jeda* katingal saking jarak antawisipun *fonem* satunggal saha satunggalipun wonten ing *alir nada*. *Jeda* salebeting panaliten menika boten dipuntaliti kanthi mligi, amargi *jeda* kalebet peranganing *struktur temporal* sanes *struktur melodik*.

d. *Durasi*

Muslich (2010: 114) ngandharaken *durasi* inggih menika panjangipun pocapan. Marsono (1993: 115) nyebataken bilih anggenipun mahyakaken kanthi sinerat, durasi ngginaken tanda titik kalih [. . . :] ing sisih tengen ungel *segmental*. Tuladhanipun :

1) *Awas jatuh!,* dipunpocapaken *[awa:s / jatu:h]*

Awas tiba!, dipunpocapaken [awa:s / tiba:]

2) *Satu, dua, tiga!* dipunpocapaken *[satu: / dua: / tiga]*

Siji, loro, telu!, dipunpocapaken [siji: / loro: / təlu]

3) *Saya sedih sekali.* dipunpocapaken *[saya sedi:h səkali]*

Aku sedhih banget, dipunpocapaken [aku sədhi:h bangət]

(Muslich, 2010: 114)

Tandha titik kalih [. . . :] menika boten saged nedahaken rincian durasi utawi panjang *durasi*-nipun. Tandha menika namung kangge nyukani tenger bilih ungel menika kaucap kanthi *durasi* ingkang langkung panjang tinimbang ungel sanes ing tuturan kasebat. Ewa semanten, saking tigang tuladha ing nginggil saged dipunmangertosi bilih *durasi* pocapan menika gayut kalihan raosing ukara ingkang dipunpocapaken, sinaosa namung wonten ing wanda-wanda tartamtu. Wonten ing Basa Jawa, panjangipun *durasi* boten ndayani bedanipun makna, ananging ndayani bedanipun raosing tuturan.

Salebeting panaliten menika, *durasi* katingal saking jarak antawisipun *fonem* satunggal saha satunggalipun wonten ing *alir nada*. *Durasi* salebeting panaliten menika boten dipuntaliti kanthi mligi, amargi *durasi* kalebet peranganing *struktur temporal* sanes *struktur melodik*.

e. *Intonasi*

Intonasi inggih menika kados pundi luk-luking suwanten. *Intonasi* menika kadhapuk saking *unsur suprasegmental* awujud *nada, tekanan, durasi*, saha *jeda*. Sedaya *unsur* menika tansah sesambetan dados satunggal

ingkang dipunwastani *intonasi*. Wonten ing Kamus Linguistik (Kridalaksana, 2008: 95), *intonasi* inggih menika pola ewah-ewahaning *nada* ingkang dipunasilaken nalika mocapaken *ujaran*. Wondene Chaer (1994: 216) ngandharaken bilih *intonasi* menika minangka salahsatunggaling *alat sintaksis* ingkang boten katingal ing basa sinerat saengga asring lepat anggenipun mahami.

Salabeting Basa Jawa, *intonasi* boten *identik* ing wujud suwantening aksara, wanda, menapa dene tembung. *Intonasi* namung katingal *kompleks* ing tataran *klausa* lan ukara. Inggih awit saking menika, panaliten menika badhe ngrembag *unsur suprasegmental* awujud *intonasi* menika ing salebetipun tuturan.

Muslih (2010: 116) ngandharaken bilih kangge damel analisa babagan *intonasi*, kedah ngginakaken panandha ingkang prasaja supados gampil dipunpahami. Panandha kasebat saged adhedhasar unsur *prosodi*-nipun. Salebeting panaliten-panaliten saderengipun, *variasi* cara kangge nggambaraken *intonasi* wonten warni-warni. Saperangan panaliti ingkang sampun naliti babagan unsur suprasegmental ngginakaken mapinten-pinten cara kangge mahyakaken wujud intonasinipun. Kados ta : Sutan Takdir Alisjahbana (STA), Armijn Pané, Amran Halim, saha Samsuri, sedayanipun ngginakaken rantamaning tandha *intonasi* ingkang boten sami. Kados ingkang dipunwahyakaken dening Sugiyono (salabeting Heuven, 2007: 163) ing tabel (1) menika.

Tabel 1. Warna-warni Caranipun Nggambaraken *Intonasi* Ukara (Sugiyono, 2007: 163)

STA	Pané	Halim	Samsuri
Saya….memetik mangga.	Di a gu ru	Ruma`ꞏh maha`ꞏl. 2 33$_r$ /2 21$_t$#	Orang itu membaca bukunya. # 2 2 2 3 2 2 2 2 3 1 #
Saya……..memetik mangga?	Di a gu ru ?	Rumahnya`ꞏ di mana? 2– 3 3$_r$ /2 31$_t$#	Di mana orang itu # 2 3 2 2 2 2 3 membaca bukunya. 2 2 2 2 3 1 #𝅝
Berjalan…..… tuan dahulu!		Baca`ꞏlah buku itu! 2— 3 2$_t$/2 1 1$_t$ #	Tolonglah orang tua itu. # 3 2 1 1 1 1 1 1 1 #𝅗𝅥

Samsuri (1974: 227), ngandharaken bilih panandha ingkang dipunginakaken kangge nandhani andhap-inggiling suwanten (*intonasi*) inggih menika awujud angka /1/ minangka tandha *nada* andhap sanget, angka /2/ minangka tandha *nada* radi andhap, angka /3/ minangka *nada* inggil, saha angka /4/ minangka tandha *nada* paling inggil. Tandha /1/ menika nedahkaken saperangan wanda ingkang *nada*-nipun sami, inggih menika /1/. Makaten ugi tandha *nada* sanesipun.

Kejawi ngginakaken tandha awujud angka, kangge suka tandha andhap inggiling suwaten saged ugi ngginakaken tandha awujud garis. Ewa semanten, panandha awujud garis menika kirang saged nggambaraken pola *intonasi* kanthi cetha (Muslih, 2010: 116).

Tuladha panandha *intonasi* ingkang awujud garis kados ing ngandhap menika.

1) # 2 3 1 #

Rumah. *intonasi*-nipun *Rumah.*

2) # 2 3 3 #

Rumah? *intonasi*-nipun *Rumah?*

3) # 2 3 3 2 3 1 #

Rumah mahal. *intonasi*-nipun *Rumah mahal.*

4) # 2 32 2 32 2 3 3 #

Apa rumah mahal? *intonasi*-nipun *Apa rumah mahal?*

5) # 2 3 3 2 3 3 2 3 1 #

Rumah sekarang mahal. *intonasi*-nipun *Rumah sekarang mahal.*

(Muslih, 2010: 116)

Wonten ing panaliten menika, anggenipun nindakaken analisis *data* panaliti ngginakaken panandha awujud garis. Menika kangge damel prasaja saha gampil pamaos anggenipun maos asiling panaliten, amargi tandha angka menika kirang saged nggambaraken *intonasi* kanthi cetha. Angka 1 tumraping pamaos satunggal saha sanesipun boten sami inggilipun, makaten ungi angka 2, 3, saha 4. Kejawi saking menika, panaliti ngukur *intonasi* ngginakaken *software* ingkang asilipun awujud garis *gelombang* kanthi katrangan kados pundi etanganipun *alir nada* saben *fonem* salebetipun *data*.

Anggenipun mahyakaken *intonasi* ngginakaken garis *gelombang* kedah migatosaken menapa ingkang dipunsebat *alir nada*, *onset*, *puncak nada*, saha *pewatas final*.

Alir nada inggih menika wujud garis *gelombang* ingkang nedahaken andhap inggiling *intonasi*. *Onset* inggih menika inggilipun *nada* ing wiwitaning pocapan utawi ukara. *Puncak nada*, dipunsebat ugi *boundary marker* inggih menika *nada* paling inggil ing satunggaling *alirnada*. Sugiyono (2007: 5) ngandharaken bilih saben *alirnada* salebeting tuturan gadhah satunggal puncak nada ingkang dipunsebat *boundary marker*. Wondene *pewatas final* (*final boundary marker*) inggih menika *alir nada* ingkang gadhah akhir tuturan lengkap. Ateges, tuturan menika gadhah *final* utawa *nada akhir* ingkang njangkepi tuturan kasebat.

Ing panaliten menika, panaliti nyebataken *onset* kanthi istilah ND utawi *Nada Dasar*, *puncak nada* kanthi istilah NPI utawi *Nada* Paling Inggil, saha *pewatas final* kanthi istilah NA utawi *Nada Akhir*. Sanesipun, panaliti ngginakaken istilah *alir nada* saha NPA utawi *Nada* Paling Andhap. Kangge nggampilaken *deskripsi*, panaliti ugi ngginakaken istilah IN utawi *Interval Nada*, saha JN utawi *Julat Nada*. Sedaya menika mligi kangge nggampilaken anggenipun damel *deskripsi alir nada* ingkang mujudaken *struktur melodik* salebetipun *data* tuturan.

Intonasi ugi saged mbedakaken jinisipun tuturan. Kanthi *intonasi* ingkang beda, satunggaling tuturan saged kalebet tuturan pawarta (*deklaratif*), ukara pitakon (*interogatif*), utawi ukara pakon (*imperatif*).

Tuladhanipun, salebeting asil panaliten ingkang dipuntindakaken dening Rahyono (2003) ing ngandhap menika.



Gambar 4. Wujud *Intonasi* Ukara Pawartos, Pitakon, saha Pakon (Rahyono, 2003: 4)

Saking gambar (4), saged dipunpahami bilih anggenipun mocapaken tuturan “ubarampe siraman dicawiske rumiyin” kanthi tigang ancas saged kawahya kanthi tigang wujud *struktur melodik*. Perangan

ingkang paling nginggil nedahaken struktur melodik nalika tuturan kasebat dipunpocapaken kanthi ancas kangge ngabaraken satunggaling bab bilih ubarampe siraman kedah dipuncawisaken rumiyin. Perangan menika kalebet *modus* pawarta.

Wondene perangan ingkang tengah nedahaken *struktur melodik* nalika tuturan menika dipunpocapaken kanthi ancas kangge nyuwun pirsa menapa ubarampe siraman kedah dipuncawisaken rumiyin. Perangan menika kalebet *modus* pitakon. Wondene perangan ingkang paling ngandhap nedahaken *struktur melodik* nalika tuturan menika dipunpocapaken kanthi ancas kangge mrentah utawi ndhawuhi supados ubarampe siraman dipuncawisaken rumiyin. Perangan menika kalebet *modus* pakon.

Wontenipun beda-bedaning *intonasi* pocapan kala wau, saged dipuntrepaken salebeting nyarios utawi maos cerkak. Anggenipun maos narasi menapa dene dialog kedah jumbuh kalihan wosing cariyos. Saengga panaliten menika katindakaken supados saged mangertosi kados pundi intonasi-intonasi salebeting maos cerkak.

Intonasi ugi minangka satunggaling prekawis ingkang saged narik kawigatosaning pamireng cariyos. *Intonasi* menika boten uwal saking *dramatisasi* cariyos. Sudarmadji (2010: 49) ngandharaken bilih anggenipun mahyakaken cariyos kedah *dramatis*, inggih menika ngreka ngayawara cariyos supados saged ngajak pamireng ngraosaken menapa ingkang wonten salebeting cariyos.

Wonten salebeting cariyos, *unsur suprasegmental* ugi boten uwal saking *imajinasi*. Cak-cakaning *unsur suprasegmental* kanthi trep saged nuwuhaken *imajinasi* ingkang trep ugi kalihan cariyosipun. Ateges, anggenipun maos utawi mahyakaken cariyos kanthi lisan kedah saged nggambaraken wosing cariyos sarta suasana kanthi cetha saha narik kawigatosan. Sudarmadji (2010: 7) ngandharaken bilih cariyos saged ngolah emosinipun lare. Kanthi mahyakaken cariyos dhateng lare, lare saged ngolah mapinten-pinten raos, kados ta : raos seneng, sedhih, kuciwa, sengsem, lsp. Sedaya menika tuwuh saking *daya imajinasi* ingkang wonten ing *persepsi* pamireng cariyos.

Silalahi (2007: 11) ngandharaken bilih salebetipun *kajian fonetik*, *unsur segmental* gegayutan kalihan ungel tunggal minangka *unsur leksikal* tuturan. *Unsur segmental* kasebat samangke dipunronce dados satunggaling *struktur leksikal* saha *unsur suprasegmental*. *Unsur suprasegmental* kasebat gegayutan kalihan titikan *akustik*. Wondene titikan *akustik* menika wonten kalih, inggih menika *struktur melodik* kalihan *struktur temporal*.

Panaliten menika kalebet *kajian fonetik akustik* mliginipun *struktur melodik*. Ateges, *objek kajian*-ipun saperangan ageng inggih menika *unsur suprasegmental*. Kanthi *objek kajian unsur suprasegmental*, saged katingal kadospundi titikan *akustik*-ipun. Jumbuh kalihan irah-irahanipun panalitan menika, titikan *akustik* ingkang karembang inggih menika ingkang ingkang gayut kalihan *struktur melodik*. Wondene menapa ingkang dipunsebat *struktur melodik* kaandharaken ing sub-bab D.

D. *Stuktur Melodik*

Prihantoro (2012: 17) ngandharaken bilih *struktur melodik* menika salahsatunggaling titikan *akustik*. Titikan *akustik* menika wonten tiga, inggih menika : *frekuensi* utawi *struktur melodik*, *durasi* utawi *struktur temporal*, saha *intensitas*. Titikan *akustik* menika ugi dipunsebat *prosodi*.

Sugiyono (lumantar Silalahi, 2007: 12) ngandharaken bilih *struktur melodik* ugi dipunsebat *intonas*i, inggih menika tata cara *karakterisasi variasi nada* wonten ing satunggaling tuturan. *Nada* salebeting tuturan menika dipuntingali kanthi gegayutan antawisipun *nada* satunggal saha satunggalipun.

Wujud *struktur melodik* satunggaling tuturan gadhah gegayutan kalihan *modus* tuturan kasebat. Chaer (lumantar Silalahi, 2007: 12) nyebataken bilih *modus* inggih menika panggambaran suasana *psikologis* penutur utawi *tafsiran* saking menapa ingkang dipunkajengaken dening penutur. Langkung gamblang malih, Silalahi (2007: 12) ngandharaken bilih *modus* menika sikap penutur tumrap menapa ingkang dipunpocapaken, saged minangka sikap yakin, mangu-mangu, pitakon, pamanggih babagan satunggaling bab, saha sanesipun.

Crystal (lumantar Prihantoro, 2012: 18) nyebataken bilih intonasi saha ciri *suprasegmental* mahyakaken *fungsi* ingkang mawarni-warni. *Fungsi intonasi* saha ciri *suprasegmental* menika antawisipun : suka tandha *emosional*, suka tandha *gramatikal*, suka tandha *struktur informasi*, suka tandha *tekstual*, suka tandha *psikologis*, saha suka tandha *indeksial* (idhentitas sosial).

Gegayutan kalihan fungsi emosional, *struktur melodik* ingkang badhe diputaliti ing panaliten menika mligi *struktur melodik* tuturanipun paraga Gambir.

Menika dipunjalari amargi sipatipun paraga Gambir menika sae saengga saged tinuladha. Paraga Gambir menika kacariyos gadhah watak ingkang alus, nglembah manah, saha gadhah raos *empati*. Sugiyono (2009: 105) ngandharaken makaten :

> *To emphasize means to show or state that something is particularly important or worth giving attention to or to make something more obvious. If lexcion used in utterance is unchanging, empahticity will be carried out by acoustic features, either by frequency, intensity, or duration. In some languages, emphaticity is carried out by the increase of the utterance frequency, intensity, or duration. In some other languages, this emphaticity may be also marked by decrease of those three features.*

Saking pethikan kasebat, kaandharaken bilih raos *empati* menika nedahaken samubarang ingkang pikantuk kawigatosan utawi ndamel samubarang langkung cetha saha tumemen. Menawi *leksikal* utawi tembung ingkang dipunginakaken ing satunggaling ukara menika boten ewah, raos *empati* saged kawahya kanthi titikan *akustik*, inggih menika *frekuensi*, *intensitas*, menapa dene *durasi*. Ing saperangan basa, raos *empati* kawahya kanthi nginggilaken *frekuensi*, *intensitas*, saha *durasi*. Wondene ing saperengan basa sanesipun, raos *empati* ugi saged dipuntandhani kanthi ngandhapaken tigang titikan *akustik* kasebat.

Struktur melodik ukara ingkang nedahaken raos empati kalihan ingkang boten temtunipun boten sami. Ananging ing panaliten menika panaliti boten badhe nandhingan bedanipun *struktur melodik* kasebat. Ancasing panaliten menika kangge nggambaraken kados pundi *struktur melodik* paraga Gambir ingkang tansah mahyakaken watak alus, nglembah manah, saha gadhah raos *empati*.

E. *Frekuensi*

Frekuensi dipunginakaken kangge ngukur *gelombang ritmis* kanthi etangan saben satuan wekdal. Gegayutan antawisipun *frekuensi* kalihan *kajian fonetik akustik*, *frekuensi* dipunginakaken ing *kajian* menika minangka *satuan ukur gelombang* suwanten ingkang dipunasilaken dening *pita suara* manungsa. Sugiyono (2003: 17) ngandharaken bilih *gelombang* suwanten menika saged kapireng amargi wontenipun *molekul-molekul udara* ingkang ebah. Pola ebaking *molekul-molekul udara* menika mujudaken *sound wave* utawi *gelombang* suwanten.

Gelombang suwanten menika saged kapireng dening manungsa ing *frekuensi* tartamtu kemawon. Kados ingkang dipunandharaken dening Ridwan (lumantar Prihantoro, 2012: 19), *frekuensi* suwanten ingkang saged kapireng dening talinganipun manungsa paling andhap ing antawisipun 15 dumgi 20 *cycle per second* (c/sec), saha paling inggil antawisipun 15.000 dumugi 20.000 c/sec.

Rogers (lumantar Sugiyono, 2003: 19) ngandharaken bilih *frekuensi* suwanten saged suka pangaribawa tumrap andhap-inggilipun *nada*. Sansaya inggil *frekuensi*-nipun, *nada*-nipun ugi sansaya inggil. Wondene *frekuensi* menika saged dipunukur kanthi *satuan Hertz* (Hz). Ananging Nooteboom (lumantar Sugiyono, 2003: 29) nyebataken bilih kangge damel *deskripsi* andhap-inggilipun *nada* langkung sae ngginakaken *satuan* jarak *nada* tinimbang *nada absolut*. *Satuan* jarak *nada* menika sinebat *semiton* (st). Nooteboom ngetang jarak *nada* kanthi rumus ing ngandhap menika, saengga Hz saged dipundamel *konversi* dados st.

$$\mathbf{F_{(st)}} = \left(12 \log (2)\right)\left(\log \left(\frac{F_{Hz}}{F_{Ref}}\right)\right)$$

Katrangan :

$F_{(st)}$: *Nada* ingkang dipunetang jarakipun kanthi *satuan semiton* (st)

F_{Hz} : *Frekuensi fundamental* asiling pengukuran kanthi *stilisasi*

F_{Ref} : *Frekuensi fundamental* ingkang dipundadosaken *referen*

F_{Ref} ingkang dipunginakaken inggih menika *frekuensi nada* C ing *tangga musik*. *Frekuensi nada* C inggih menika 130,7749 Hz saking *nada garpu tala*. Kanthi ngginakaken F_{Ref} *nada* C kasebat, saged dipunukur jarak satunggaling *nada* saking *nada* C kanthi *satuan semiton.*

Rumus ing nginggil dipunginakaken kangge damel *deskripsi struktur melodik* kanthi langkung cetha tinimbang ngginakaken *satuan frekuensi tunggal* Hz. Ewa semanten, rumus menika kirang *efektif* kangge nggampilaken anggenipun madosi jarak *nada*. Inggih awit saking menika, ing panaliten menika panaliti boten ngginakaken rumus menika kanthi etangan manual.

Jumbuh kalihan pirantining panaliten ingkang panaliti ginakaken ing panaliten menika, inggih menika *software Praat*. Salebetipun *software Praat* menika alir nada saged katingal ing kalih jinis satuan, inggih menika *satuan* Hz menapa dene *satuan* st. Wontenipun kalih *satuan* menika ndadosaken langkung rinci anggenipun damel *deskripsi struktur melodik*, saha langkung gampil anggenipun ngolah *data*. Kejawi menika, wontenipun etangan semiton menika mbiyantu panaliti anggenipun damel tingkat nada kangge nggambaraken alir nada kanthi prasaja. *Tingkat nada* menika samangke awujud angka *pembulatan nada* semiton. Tuladhanipun, *fonem* kanthi *nada* 4,78 st kalebet *tingkat nada* 5; *fonem*

kanthi *nada* -2,34 st kalebet *tingkat nada* -2; saha *fonem* kanthi *nada* 0,28 st kalebet *tingkat nada* 0.

F. Cerkak

Cerkak inggih menika salah satunggaling karya sastra jawa kanthi wujud gancaran. Tembung "cerkak" menika cekakan saking crita cekak, utawi ing Basa Indonesia dipunsebat *cerpen* (*cerita pendek*). Tembung cekak miturut Mangunsuwito ing Kamus Lengkap Bahasa Jawa (2002: 31) inggih menika cendhak utawi ringkes. Ateges, cerkak minangka salatunggaling *karya sastra* gancaran ingkang ngemot cariyos ing satunggaling wekdal kanthi cekak. Minangka *karya sastra*, cerkak menika saged awujud rekan saking panganggit, utawi asil *imajinasi*-nipun panganggit.

Cerkak kadhapuk saking kalih unsur, inggih menika unsur *narasi* lan *dialog*. *Narasi* nggambaraken prastawa-prastawa kanthi cetha, langsung saking panganggit. Wondene *dialog* menika nggambaraken prastawa-prastawa lumantar wicantenanipun para paraga.

G. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten babagan *fonetik* kawiwitan kanthi panaliten *fonologi nonsegemental*, salajengipun ngrembaka dados panaliten *fonetik akustik*. Kados ingkang dipunandharaken dening Halim (1984: 17), panaliti ingkang sampun miwiti panaliten babagan ungel basa *nonsegmental* kados ta : Marsden (1812), Verguin (1955), Hans Kähler (1956), Oplt (1960), Sutan Takdir Alisjahbana

(1962), Armijn Pané (1950), saha Fokker (1960). Saking sedaya menika anggenipun damel gambaran *intonasi* ngginakaken mapinten-pinten cara, ing antawisipun kanthi tandha ing sanginggilipun tembung, kanthi garis, kanthi angka, menapa dene kanthi *notasi balok*.

Sansaya wiyaring perkembangan teknologi, panaliten babagan ungel basa ugi sansaya wiyar. Amran Halim (1960) miwiti naliti ungel basa ngginakaken pirantos utawi alat ukur *mingograf*. Salabeting panaliten menika panaliti ngempalaken panaliten – panaliten ingkang jumbuh kanthi njumbuhaken pepadhaning : basa (minangka data), kajian, ancas, saha cara panaliten. Saking saperangan panaliten ingkang panaliti impun, satunggal saha satunggalipun gadhah pepadhan saha pambeda kalihan panaliten menika. Wondene andharanipun kados ing ngandhap menika.

1. Amran Halim (1969)

Panaliten ingkang jumbuh inggih menika panalitenipun Amran Halim kanthi irah-irahan *Intonation in Relation to Syntax in Indonesian* minangka disertasi ing Universitas Michigan Amerika rikala taun 1969. Panaliti maos asiling panalitenipun Amran Halim (1969) menika ingkang sampun dipunbabar dados buku terjemahan Basa Indonesia dening Tony S. Rachmadie (1984) kanthi irah-irahan *Intonasi dalam Hubungannya dengan Sintaksis.* Panalitenipun Amran Halim (1969) menika ngginakaken *data* awujud rekaman wicanten padintenan. Anggenipun nganalisis *data* Amran Halim (1969) ngginakaken satunggaling pirantos kangge ngukur utawi *alat ukur intonasi.* Pirantos kangge

ngukur *intonasi* kasebat inggih menika *mingograf* ingkang wonten ing *Laboratorium Fonetik* Universitas Michigan Amerika.

Dudutan saking panalitenipun Amran Halim (1969) menika nedahaken bilih *intonasi* saged suka pangaribawa tumrap pocapaning tembung saha pocapaning ukara. Asiling panalitenipun Amran Halim (1969) menika damel krenteging panaliti kangge nindakaken panaliten skripsi menika babagan *intonasi* utawi *struktur melodik*.

Ingkang dados pambeda antawisipun panalitenipun Amran Halim (1969) kalihan panaliten skripsi menika inggih menika wonten ing babagan *sumber data* saha *alat ukur*-ipun. Wonten ing panalitenipun Amran Halim (1969) *data*-nipun awujud Basa Indonesia ing wicantenan padintenan, wondene ing panaliten skripsi menika *data*-nipun awujud Basa Jawa ing rekaman cerkak. Kejawi menika panaliten menika boten ngginakaken *alat ukur mingografik*, amargi kawatesanipun panaliti anggenipun manggihaken *alat ukur* kasebat. Inggih awit saking menika panaliti ngginakaken *software Praat* damelanipun Prof. Paul Boersma kalihan Prof. David Weenink saking Universitas Amsterdam.

2. Rahyono (2003)

Panaliten ingkang jumbuh sanesipun inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken dening Rahyono (2003). Panaliten kasebat kaimpun salabeting kempalan asil panaliten *Occasional Series* ingkang kababar dening *Netherlands Graduate School of Linguistic* taun 2007. Irah-irahan panalitenipun Rahyono (2003) inggih menika *Intonation of the Yogyakarta Palace Language*. Panalitenipun Rahyono (2007) menika ngrembag babagan kados pundi *intonasi*

Basa Jawa ingkang dipunginakaken dening masarakat Jawa. Panjenenganipun ngempalaken *data* kanthi ngrekam pocapaning *informan*. *Informan*-ipun ing antawis yuswa 50 – 75 taun, ingkang tasih cetha anggenipun ngendikan saha boten wonten *gangguan* ing *organ artikulasi*.

Dudutan cekak saking panalitenipun Rahyono (2003) menika nedahaken bilih *struktur melodik* nalika mocapaken ukara *modus* pawartos, pakon saha ukara pitakon menika boten sami. Sinaosa menika namung ngginakaken satunggal ukara ingkang dipunpocapaken kanthi tigang *modus*, asiling analisis *struktur melodik* nedahaken pambeda ing antawisipun tigang *modus* menika. Menika katitik saking *frekuensi* ingkang wonten ing *gelombang* suwantenipun.

Panalitenipun Rahyono (2003) gadhah pepadhan kalihan panaliten skripsi menika babagan kajianipun. Kekalihipun ngrembag babagan kados pundi *intonasi* ing Basa Jawa. Bedanipun, ancasipun panaliten ing skripsi menika kangge nggambaraken kados pundi *intonasi* utawi *struktur melodik* paraga salebeting rekaman cerkak gayutanipun kalihan konteks cariyos, wondene panalitenipun Rahyono (2003) kangge pados titikan pambeda *struktur melodik* kanthi nandhingaken tigang *modus*.

3. Sugiyono (2009)

Panaliti ugi mrangguli panaliten ingkang jumbuh sanesipun, inggih menika panalitenipun Sugiyono (2009). Sugiyono (2009) salabeting *Jurnal Kajian Linguistik dan Sastra Volume 21 No.2* babaran Pusat Bahasa Depdiknas RI naliti babagan titikan *akustik* raos *empati* tiyang Indonesia. Irah-irahan panalitenipun Sugiyono (2009) menika inggih menika *The Acoustics Features of*

Emphaticity in Indonesian. Salebeting panaliten menika Sugiyono (2009) nindakaken *eksperimen* kanthi mendhet *data* saking ujaranipun tiyang Jawa, Sunda, Betawi, Batak, Bugis, Minang, Ma'anya, Bali, saha Mandalin.

Eksperimen menika ngukur titikan *akustik* tuturan "*Tutup pintu!*" ingkang dipunpocapaken dening saperangan tiyang saking dhaerah ingkang beda-beda. Dudutan saking panalitenipun Sugiyono (2009) inggih menika salebeting tuturan langkung inggil raos *empati*-nipun katitik saking langkung inggil ugi *frekuensi nada dasar*, *nada akhir*, saha *tingkat nada ujaran* salebetipun tuturan kasebat. Langkung inggil raos *empati*-nipun, langkung inggil ugi *intensitas dasar* suwantenipun, saha langkung dangu *intensitas tingkat nada*-nipun. Kejawi menika, ugi langkung dangu *durasi* tuturan *vokal*-ipun.

Saking panalitenipun Sugiyono (2009) menika panaliti mangertosi bilih titikan *akustik* menika dipundayani dening raos ingkang dipunwahyakaken dening penutur. Pramila, ing panaliten skripsi menika panaliti nggayutaken *pola struktur melodik* kalihan *konteks* cariyos ingkang temtunipun pagepokan kalihan raosing paraga.

BAB III
CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih menika panaliten *deskriptif*. Panaliten *deskriptif* saged dipuntegesi minangka tata cara pamecahan Prekawis kanthi nggambaraken menapa wontenipun kahananing *data* kanthi tliti saha rinci, jumbuh kalihan ancasing panaliten. Ing panaliten menika ancasipun inggih menika kangge mangertosi kados pundi wujud *stuktur melodik* paraga Gambir salabeting rekaman cerkak "Setengah Ati Setengah Mati" dening Risang Y Sugiyana, saengga anggenipun nggambaraken kahananing *data* ugi trep kalihan ancas kasebat.

B. *Data* lan *Sumber Data*

Data ingkang badhe dipuntaliti wonten ing panaliten menika awujud tuturan paraga Gambir. Wondene sumber *data*nipun inggih menika rekaman cerkak "Setengah Ati Setengah Mati". Panaliti ngginakaken *dokumen* rekaman sayembara maos cerkak ing Dhinas Kabudayan Yogyakarta. Sayembara kasebat dipunwontenaken ing surya kaping 28 Mei 2013.

Sadaya *file* rekaman wonten 19 rekaman. Ananging panaliti namung nemtokakaen satunggal irah-irahan utawi satunggal rekaman ingkang dipunginakaken minangka *data* ing panaliten menika. Panaliti nemtokaken satunggal rekaman ingkang badhe dipunginakaken minangka *data* menika adhedhasar jumbuhipun cariyos kalihan tata krama Jawi, cethanipun suwanten,

saha *gangguan audio* ingkang sekedhik. Saking 19 rekaman menika, panaliti nemtokakan rekaman kanthi irah-irahan “Setengah Ati Setengah Mati” minangka *data* panaliten. Wondene cerkak kanthi irah-irahan “Setengah Ati Setengah Mati” kasebat dipunanggit saha dipunwaos dening Risang Y Sugiyana.

Risang Y Sugiyana menika seniman tari saha teater jawa utawi kethoprak ingkang pidalem wonten ing Dhusun Prancak Ngglondhong Panggungharjo Sewon Bantul Yogyakarta. Risang Y Sugiyana menika yuswanipun 52 taun nalika *data* menika dipunpendhet.

C. Caranipun Ngempalaken *Data*

Teknik ngempalaken *data* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih menika *teknik* semak - cathet. Panaliti ngginakaken *teknik* semak-cathet menika amargi jumbuh kalihan wujud *data* ingkang badhe dipuntaliti, inggih menika awujud rekaman cerkak. Anggenipun nyemak, panaliti ngginakaken alat bantu inggih menika *software Praat. Software Praat* menika dipunginakaken kangge nyetel saha ngolah rekaman dados data *struktur melodik*. Kanthi *software* menika, panaliti saged nyathet saha nggambaraken kados pundi wujud *struktur melodik* saha titikanipun. *Teknik* semak-cathet katindakaken kanthi cara ing ngandhap menika.

1. Mirengaken (nyemak)

Saderengipun ngolah data, panaliti mirengaken utawi nyemak cariyos cerkak SASM saking purwaka dumugi pungkasaning cariyos. Menika ancasipun

kangge mangertosi kadospundi gambaran umum wicanten antawisipun paraga saha kangge mbiyantu anggenipun nemtokaken *data*.

2. *Digitalisasi*

Digitalisasi inggih menika *tahap* kangge mahyakaken *data* awujud *gelombang* utawi *wavefrom*. Anggenipun damel *digitalisasi*, *data* dipunolah ngginakaken *menu* - *menu* tartamtu salebeting *software Praat*.

a. Ngethok suwanten

Ngethok suwanten ngginakaken *menu Extract Sound* kangge damel *file* enggal asil kethokan. Ing panaliten menika, *data* wetah awujud rekaman cerkak SASM kedah dipunkethok amargi *data* ingkang badhe dipuntaliti namung tuturanipun paraga Gambir. Inggih awit saking menika *data* wetah rekaman cerkak SASM menika dipunkethok-kethok miturut perangan tuturanipun paraga Gambir. Anggenipun ngethok suwanten kanthi *drag* utawi *blok* ing perangan *spectograf* ingkang badhe dipunkethok lajeng *menu file | extract selected sound (time from 0). Tampilan* nalika ngethok suwanten kados ing gambar (5) menika.



Gambar 5. *Menu Extract Sound*

b. Nyukani nomer *data*

Data ingkang sampun dipun-*ekstrak* utawi dipunkethok salajengipun dipunsukani nomer utawi *identitas* supados gampil anggenipun damel rantamaning *data*. Nomer *data* ing samangke ugi minangka nama *file* nalika nyimpen asil olahan wonten ing *folder*. Nomer *data* ing panaliten menika gadhah tigang perangan. Tuladhanipun, *data* kanthi nomer SASM/Ga/05 menika nedahaken bilih *data* menika kapendhet saking cerkak Setengah Ati Setengah Mati (SASM), tuturanipun paraga Gambir (Ga) ingkang kaping gangsal (05).

Angggenipun damel nomer data, kanthi *klik menu Rename* ing *tampilan Praat Object*. Salajengipun wonten *tampilan box Rename*. Lebetaken nomer *data* ing *kolom Name*, lajeng *klik Aply | OK*. Wondene tampilan nalika damel nomer *data* kados gambar (6) ing ngandhap menika.



Gambar 6. Nyukani Nomer *Data*

c. Damel *transkripsi*

Sasampunipun dados *file* saben *data* kanthi nomer *data* minangka nama *file*, salajengipun *data* menika dipunolah. Ingkang sapisan, *data* dipunolah kanthi damel *transkripsi*. Anggenipun damel *transkripsi* ngginakaken *menu Annotate to TextGrid*.

Ing panaliten menika panaliti damel *segmentasi* saben *fonem* ingkang wonten ing satunggaling ukara. Pramila salebeting perangan *all tier name* ingkang ing wiwitanipun kaserat "*Mary John Bell*" dipungantos dados "*fonem*". Salajengipun saben *segmen* dipunpantha-pantha ngginakaken garis *boundary*.

Panaliti nyerat *fonem* salebeting *TextGrid* menika ngginakaken aksara *Times New Roman* biasa, sanes aksara *fonetis*. Menika ancasipun kangge nggampilaken panaliti anggenipun damel gambar (*PraatPic)* ingkang samangke dipunwahyakaken salebeting *kartu data*. Wondene *menu TextGrid* saha *tampilan TexGrid* kados ing gambar (7) saha (8) menika.



Gambar 7. *Menu TextGrid*



Gambar 8. Asil Olahan *TextGrid*

d. Ngolah *alir nada*

Data ingkang sampun dipundamel *segmentasi transkripsi*, salajengipun dipunolah *alir nada*-nipun supados langkung cetha anggenipun milah titikan *struktur melodik*-ipun. Anggenipun ngolah *alir nada* ngginakaken *menu Stylizing Manipulation* inggih menika proses kangge damel prasajanipun *alir nada*. *Data gelombang* wetah ingkang dereng dipunolah nedahaken titik *pitch* (nada-nada ingkang dados tandhaning *alir nada*) kalangkung kathah, pramila dipundamel prasaja kanthi ngicali *pitch* ingkang memper kalihan *pitch* sakiwa tengenipun. *Alir nada* salebeting *tampilan manipulation* menika ngginakaken satuan semiton (st). Semiton positif menika ateges ing nginggilipun nada C, wondene semiton negatif utawi minus menika ateges ing ngandhapipun nada C.

Anggenipun damel *stylizing manipulation* kanthi *klik menu To Manupulation* lajeng *klik Aply | OK* ing *box Sound To Manipulation*. Wondene tampilan *menu To Manipulation* kados gambar (9) ing ngandhap.



Gambar 9. *Menu Manipulation*

Sasampunipun kadamel *file manipulation*, bikak *file* ing *daftar Praat Object* kanthi menu *View & Edit*. Salajengipun *data* dipunolah kanthi ngicali *PitchPoint* utawi titik *nada* ingkang memper saengga *alir nada* katingal langkung prasaja. Anggenipun ngicali kanthi *klik* wonten ing titik ingkang badhe dipunicali saengga titik warni ijem dados warni abrit. Salajengipun *klik menu Pitch | Remove Pitch Point(s)* utawi *Ctrl + Alt + T*.

Asil saking *manipulation* menika ugi dipunsebat *close copy* utawi salinan ingkang memper. Inggih awit saking menika anggenipun ngicali *PitchPoint* kedah migatosaken ewah-ewahing suwanten, saengga boten

damel *intonasi* ingkang beda. Wondene *tampilan data* olahan *Manipulation* kados gambar (10) ing ngandhap menika.



Gambar 10. *Data* Wetah (nginggil) kalihan *Data* Olahan (ngandhap)

3. Damel *ekstrak alir nada*

Alir nada ingkang sampun kadamel prasaja kanthi *Stylizing Manipulation* salajengipun dipundamel *ekstrak alir nada*. *Ekstrak alir nada* inggih menika wujudipun *alir nada* asil *stylizing*. Anggenipun damel *ekstrak alir nada* ngginakakan *menu Extract PitchTier*. *Ekstrak* menika kangge ndamel jiplakan *alir nada* ingkang sami ananging boten mawi suwanten ujar. Asilipun *PitchTier* menika nedahaken *alir nada* ngginakaken satuan Herzt (Hz).

Wujud *alir nada* ing asil *Stylizing Manipulation* kalihan asil *Extract PitcTier* menika sami. Bedanipun, ing asil *Stylizing Manipulation alir nada* ngginakaken *satuan* st (semiton) wondene ing asil *Extract PitchTier alir nada* ngginakaken *satuan* Hz (Hertz). Kejawi menika, ing asil *Stylizing Manipulation alir nada* nedahaken nada saha tuturanipun, wondene ing asil

Extract PitchTier alir nada mligi namung nedahaken *nada* boten mawi suwanten tuturanipun.

Anggenipun damel *Extract PitchTier* kanthi *klik menu Extract PitchTier*. Salajengipun ing daftar *Praat Object* wonten *file* enggal kanthi jinis *PitchTier*. *File* kasebat saged dipunbikak kanthi *menu View & Edit*. Wondene tampilan menu saha asil *ekstrak* kados ing gambar (11) kalihan gambar (12) menika.



Gambar 11. *Menu Extract PitchTier*



Gambar 12. *Tampilan PitchTier*

4. Damel gambar

Olahan *Stylizing Manipulation* saha *Extract PitchTier* samangke dipunginakaken kangge gegaran anggenipun damel analisis saha *deskripsi alir nada*. Inggih awit saking menika, *alir nada* ing kekalihipun dipundamel gambar supados boten ewah nalika kadamel analisis. Anggenipun damel gambar ngginakaken *menu Draw | Draw where.*

Kangge damel rincian gambar, saged kapilih menapa kemawon ingkang badhe dipungambar. Ing salebeting panaliten menika gambar gadhah tigang perangan, inggih menika perangan *Sound*, perangan *PitchTier*, saha perangan *TextGrid*. Kejawi menika, kangge damel cethanipun gambar, saged dipunatur kandel alusing garis sah warnining garis. Asiling gambar samangke dipunwahyakaken ing *tampilan PraatPic*. Asil gambar ing *PraatPic* saged dipunpindah wonten ing *program Microsoft Word* kanthi *Copy | Paste*. Wondene *menu Draw* saha asiling gambar (13) saha gambar (14) kados ing ngandhap menika.



Gambar 13. *Menu Draw*



Gambar 14. *PraatPic*

5. Nyathet ing kertu *data*

Data olahan awujud *waveform* saha *analisis* etangan titikan *struktur melodik* salajengipun dipunlebetaken wonten ing kertu *data*. Ateges, satunggal ukara gadhah satunggal kertu *data*. Kertu *data* ngemot nomer utawi idhentitas *data*, gambar olahan *alir nada*, *transkripsi*, saha analisisipun.

D. Pirantining Panaliten

Panaliten menika ngginakaken pirantining panaliten arupi *Software Praat* kalihan *kartu data*. Wondene andharan babagan pirantining panaliten kados ing ngandhap menika.

1. *Software Praat*

Software Praat menika kaginakaken kangge mbiyantu anggenipun nganalisi *data*. Panaliti pikantuk *software* menika kanthi *ngunduh* wonten ing http://www.fon.hum.uva.nl/praat/ ingkang dipundamel saha dipun-*unggah* dening

Prof. Paul Boersma kalihan Prof. David Weenink. Prof. Paul Boersma saha Prof.David Weenink menika saking Universitas Amsterdam. Panaliti ngginakaken *software Praat* menika amargi *software* menika saged kangge mahyakaken ungel utawi suwanten kanthi wujud *gelombang* ingkang nedahaken andhap inggiling *frekuensi* menapa dene *tekanan*, saha jangkep kalihan *rincian durasi*.

Kados ingkang dipunandharekan dening Lieshout (2003 : 2) bilih "*PRAAT is a very flexible tool to do speech analysis. It offers a wide range of standard and non-standard procedures, including spectrographic analysis, articulatory synthesis, and neural networks*". Tegesipun, *Praat* menika minangka piranti ingkang *fleksibel* kangge damel analisis suwanten. *Software Praat* menika saged dipunginakaken kangge mawarni-warni *nada* inggih ingkang dipunproduksi kanthi standar menapa dene ingkang boten standar, kanthi analisis *spektograf*, *artikulator* damelan, saha *jaringan* ingkang asipat *neural* utawi memper kalihan syaraf.



Gambar 15. *Tampilan Praat* Nalika Nglebetaken *Data*

2. Kertu *Data*

Kejawi ngginakaken *software Praat* kasebat, panaliti ugi ngginakaken kertu *data*. Kertu *data* dipunginakaken kangge nyathet *data* ingkang dipunprangguli salebeting asil rekaman menika. Kertu *data* menika kaperang dados tigang perangan, inggih menika *identitas data* (ID) saha *tampilan struktur melodik*. *Identitas data* kangge nyukani tandha supados boten kacampur kalihan *data* sanesipun. Wondene *tampilan struktur melodik* menika awujd *spectograf*, *alir nada*, saha *TextGrid*. Tuladha wujudipun kertu *data* ing panaliten menika kados gambar ing ngandhap menika.

No.	***Data***
1	**ID** : SASM/Ga/09 **Tuturan** : Nah, mangga Mbak, sampun gesang. ***Struktur Melodik* :**  [n a h mɔŋgɔ mba ? s a mpUngəsa ŋ]
	***Konteks* cariyos** Paraga Gambir matur dhateng paraga Widati bilih montoripun sampun gesang. ***Modus* :** Pawarta

Gambar 16. *Kartu Data*

E. Caranipun Nganalisis *Data*

Analisis *data* dipuntindakaken kanthi *deskriptif*, inggih menika *data* dipunandharaken kanthi cetha lan rinci miturut kawontenanipun. Inggih awit saking ancasipun panaliten menika kangge damel *deskripsi* kados pundi wujud *struktur melodik*, panaliti ngginakaken tabel analisis etangan titikan *struktur melodik*. Titikan *struktur melodik* samangke kangge dhasar anggenipun damel *deskripsi*.

Tabel analisis etangan menika gadhah sekawan perangan pokok, inggih menika nomer urut, nomer *data*, titikan *struktur melodik* (ND, NA, IN, NPA, NPI, kalihan JN), saha perangan katrangan. Perangan katrangan menika kangge damel *analisis* cekak saderengipun dipundamel deskripsinipun. Cekakan titikan *struktur melodik* saha *analisis* cekak ing katrangan inggih menika :

ND = *Nada Dasar*

NA = *Nada Akhir*

IN = *Interval Nada*

NPA = *Nada* Paling Andhap

NPI = *Nada* Paling Inggil

JN = *Julat Nada*

Mo = *Modus*

AN = *Alir Nada*

Wondene analisis cekak dipunserat kanthi cekakan :

Pw = Pawarta

Pt = Pitakon

Pk = Pakon

SI = Sansaya Inggil

SA = Sansaya Andhap

Saben baris *data* ing tabel kaperang dados kalih baris, baris ingkang nginggil menika etangan kanthi *satuan* Hz, wondene garis ingkang andhap minangka etangan kanthi *satuan* st.

Tabel 2. *Tabel Analisis* Titikan *Struktur Melodik*

No	**No. *Data***	**ND**	**NA**	**IN**	
				$f_{(IN)}$ **= NA - ND**	∑
1	SASM/Ga/01	159,05	199,81	199,81 – 159,05	40,76
		8,03	11,98	11,98 – 8,03	3,95
. . .	. . .	. . .	. . .	. . .	. . .

Tabel candhakipun

NPA	**NPI**	**JN**		**Katrangan**
		$f_{(JN)}$ **= NPI – NPA**	∑	
109,20	230,72	230,72 – 109,20	121,52	Mo : Pw | AN : SI
1,52	14,47	14,47 – 1,52	12,95	PM : NPA
. . .	. . .	. . .	. . .	. . .

F. Caranipun Ngesahaken *Data*

Data ingkang sampun dipunanalis salajengipun dipuncek utawi dipunsahakan kanthi pangesahan *data*. Pangesahan *data* menika katindakaken kanthi kanthi *validitas* saha *reliabilitas data*.

1. *Validitas*

Ing panaliten menika, panaliti ngginakaken *validitas semantis*. *Validitas semantis* inggih menika *validitas* kanthi njumbuhakan *data* kalihan konteks *data*

utawi pemaknaan. Ateges, asiling analisis *data* ingkang awujud andharan *struktur melodik* menika dipungayutaken malih kalihan *konteks* cariyosipun. *Validitas semantis* menika kangge damel wetahipun isi cariyos saha supados jumbuh kalihan kekajenganipun pangripta, panaliti nocogaken asiling *transkripsi* kalihan naskah asli saking pangripta.

2. *Reliabilitas*

*Reliabilita*s ing panaliten menika ngginakaken *reliabilitas stabilitas* saha *reliabilitas intrarater*. *Reliabilitas stabilitas* menika katindakaken kanthi ngecek malih kacocoganing *data* kalihan analisisipun. *Reliabilitas intrarater* katindakaken kanthi rembagan utawi *konsultasi* dhateng para ahli dosen *fonologi* Basa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta (Ibu Siti Mulyani, M,Hum), dosen *fonetik* Universitas Indonesia (Bapak Dr. F.X. Rahyono, S.S., M.Hum.), saha Pimpinan Bagian Pengembangan Bahasa Balai Pusat Bahasa Jakarta saha dosen *fonetik* UNS (Bapak Dr. Sugiyono Shinutama).

Panaliti sowan dhateng dosen *fonologi* Basa Jawa UNY saperlu konsultasi babagan kados pundi watesaning *fokus* panaliten menika ing cabang ngelmu *fonologi* Basa Jawa utawi tata swara. Kejawi menika, panaliti ugi nindahakaken konsultasi dhateng dosen UI. Konsultasi dhateng dosen *fonetik* UI panaliti tindakaken lumantar *e-mail* ingkang ancasipun kangge mangertosi cak-cakanipun *software Praat* magepokan kalihan ancasing panaliten.

Wondene konsultasi dhateng Bapak Dr. Sugiyono Shinutama, Pimpinan Bagian Pengembangan Bahasa Balai Pusat Bahasa Jakarta, panaliti tindakaken lumantar *e-mail* saha sowan. Panaliti sowan panjenenganipun Bapak Dr.

Sugiyono Shinutama rikala surya kaping 5 Oktober 2013 ing perkuliahan *Komputerisasi Penelitian Bahasa* wonten UNS. Salebeting perkuliahan menika panaliti sinau kados pundi caranipun ngginakaken *software Praat* kangge ngolah *data* saengga trep kalihan ancasing panaliten.

BAB IV
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Adhedhasar cara panaliten ingkang sampun dipunandharaken wonten ing bab III, *data* ingkang sampun dipunolah kanthi *digitalisasi* saha dipunanalisis titikan *struktur melodik*-ipun lajeng dipunpantha - pantha miturut *modus* tuturanipun. Gegayutan kalihan ancasing panaliten, *modus* tuturan ingkang dipunrembag wonten ing panaliten menika wonten tiga, inggih menika *modus* pawarta, *modus* pitakon, saha *modus* pakon.



Gambar 17. *Bagan Struktur Melodik* Tuturan Paraga Gambir salebeting rekaman cerkak SASM

Saking tuturanipun paraga Gambir ing rekaman cerkak *Setengah Ati Setengah Mati* menika, dipunpanggihaken 10 tuturan *modus* pawarta, 8 tuturan *modus* pitakon, saha 3 tuturan *modus* pakon. Saben tuturan gadhah titikan *struktur melodik* ingkang boten sami. Wujud *struktur melodik* tuturan paraga Gambir katingal wonten ing tabel 3. Jinis *alir nada* katitik saking etangan titikan *struktur melodik*. Etangan titikan *struktur melodik* menika dipundamel *konversi tingkat nada* adhedhasar *satuan semiton*. Amargi papan ingkang winates, andharan *tingkat nada* saben *alir nada* badhe kaandharaken wonten ing pirembagan.

Tabel 3. *Struktur Melodik* Paraga Gambir

No	Modus	Alir Nada	Indikator
1	Pawarta	Sansaya Inggil	 [**a**k u k i or a ŋ ə r t **i** m b ɔ **r**] (SASM/Ga/01) Titikan *struktur melodik* : ND = 159,05 Hz / 8,03 st (tn 8) ing fonem /a/ NA = 199,81 Hz / 11,98 st (tn 12) ing fonem /r/ IN = 40,76 Hz / 3,95 st NPA = 109,20 Hz / 1,52 st (tn 2) ing fonem /i/ NPI = 230,72 Hz / 14,47 st (tn 14) ing fonem /ɔ/ JN = 121,52 Hz / 12,95 st
		Sansaya Andhap	 [**o** mə n i k ɔ gr a t **i** s m ba**?**] (SASM/Ga/10) Titikan *struktur melodik* : ND = 166,46 Hz / 8,82 st (tn 9) ing fonem /o/ NA = 148,66 Hz / 6,86 st (tn 7) ing fonem /?/ IN = -17,80 Hz / -1,96 st NPA = 88,38 Hz / -1,19 st (tn -1) ing fonem /i/ NPI = 273,97 Hz / 17,45 st (tn 18) ing fonem /o/ JN = 185,59 Hz / 18,64 st

Tabel salajengipun

No	Modus	Alir Nada	Indikator
2	Pitakon	Sansaya Inggil	 [**w a** ḍ Uh ñ j U r p i y **e**] (SASM/Ga/18) Titikan *struktur melodik* : ND = 160,60 Hz / 1,11 st (tn 1) ing fonem /w/ NA = 278,59 Hz / 8,68 st (tn 9) ing fonem /e/ IN = 171,99 Hz / 16,63 st NPA = 103,76 Hz / 0,64 st (tn 1) ing fonem /e/ NPI = 347,96 Hz / 21,59 st (tn 3) ing fonem /a/ JN = 244,20 Hz / 20,95 st
		Sansaya Andhap	 [**s** a k I ŋ b l ɔ ñj ɔ ŋgI h mba **?**] (SASM/Ga/08) Titikan *struktur melodik* : ND = 144,01 Hz / 6,31 st (tn 6) ing fonem /s/ NA = 79,14 Hz / -4,05 st (tn -4) ing fonem /?/ IN = -64,87 Hz / -10,36 st NPA = 79,14 Hz / -4,05 st (tn -4) ing fonem /ɔ/ NPI = 210,63 Hz / 12,90 st (tn 13) ing fonem /?/ JN = 12,90 Hz / 16,95
3	Pakon	Sansaya Inggil	 [**m b** ɔ? n a ŋ k a r k **e**] (SASM/Ga/04) Titikan *struktur melodik* : ND = 127,43 Hz / 4,20 st (tn 4) ing fonem /m/ NA = 157,84 Hz / 7,90 st (tn 8) ing fonem /e/ IN = 30,41 Hz / 3,70 st NPA = 124,11 Hz / 3,74 st (tn 4) ing fonem /ɔ/ NPI = 537,56 Hz / 29,12 st (tn 29) ing fonem /b/ JN = 413,45 Hz / 25,38 st

Tabel salajengipun

No	Modus	Alir Nada	Indikator
		Sansaya Andhap	 [**a**h sampUn kuw a **t** ɔ **s**] (SASM/Ga/06) Titikan *struktur melodik* : ND = 128,57 Hz / 4,35 st (tn 4) ing fonem /a/ NA = 97,01 Hz / -1,35 st (tn -1) ing fonem /s/ IN = -31,56 Hz / -11,27 st NPA = 91,78 Hz / -4,44 st (tn -4) ing fonem /a/ NPI = 190,92 Hz / 13,93 st (tn 14) ing fonem /t/ JN = 99,14 Hz / 18,37 st

1. Wujud *Struktur Melodik Modus* Pawarta

Tuturanipun paraga Gambir kanthi *modus* pawarta wonten 10 tuturan. Adhedhasar titikan IN (*Interval Nada*), tuturan paraga Gambir *modus* pawarta menika kaperang dados kalih inggih menika tuturan *modus* pawarta alir nada sansaya inggil kalihan tuturan *modus* pawarta *alir nada* sansaya andhap. Tuturan *modus* pawarta *alir nada* sansaya inggil wonten 6 tuturan. Wondene tuturan *modus* pawarta *alir nada* sansaya andhap wonten 4 tuturan. Sedaya menika boten wonten ingkang sami *pola struktur melodik*-ipun.

Tabel 4. *Struktur Melodik Modus* Pawarta *Alir Nada* Sansaya Inggil

No	No. *Data*	*Data*	IN		JN	
			Hz	St	Hz	St
1	SASM/Ga/01	Aku ki ora ngerti, Mbor.	+40,76	+3,95	121,52	12,95
2	SASM/Ga/09	Nah, mangga Mbak, sampun gesang.	+8,21	+1,72	85,78	12,76
3	SASM/Ga/13	Boten repot Mbak, boten.	+0,8	+0,11	123,52	15,15

Tabel salajengipun

No	No. *Data*	*Data*	IN		JN	
			Hz	St	Hz	St
4	SASM/Ga/16	Mbak, ra ngira lo yen panjenengan sudi tindak gubugku.	+33,66	+5,80	67,63	10,45
5	SASM/Ga/17	Mula aku matur nuwun.	+50,92	+7,87	79,59	11,11
6	SASM/Ga/21	Hah!	+43,05	+4,24	68,97	6,36
Rata – rata			+29,57	+3,95	91,17	11,46

Tabel 5. *Struktur Melodik Modus* Pawarta *Alir Nada* Sansaya Andhap

No	No. *Data*	*Data*	IN		JN	
			Hz	St	Hz	St
1	SASM/Ga/10	O, menika gratis, Mbak.	– 17,80	– 1,96	185,59	18,64
2	SASM/Ga/11	Tiyang namung ngresiki busi kok, boten sah mbayar.	– 3,07	– 0,34	86,39	10,00
3	SASM/Ga/14	Nyuwun duka lo Mbak, le ngenteni kesuwen.	– 32,05	– 3,99	76,02	10,71
4	SASM/Ga/19	Dhik, sesuk aku sowan keng bapak.	– 7,11	– 1,04	77,86	11,45
Rata – rata			– 15,01	– 1,83	106,47	12,70

2. Wujud *Struktur Melodik Modus* Pitakon

Tuturanipun paraga Gambir kanthi *modus* pawarta wonten 8 tuturan. Adhedhasar titikan IN, tuturan *modus* pitakon menika kaperang dados kalih inggih menika tuturan *modus* pitakon *alir nada* sansaya inggil kalihan tuturan *modus* pawarta *alir nada* sansaya andhap. Tuturan *modus* pitakon *alir nada* sansaya inggil wonten 4 tuturan. Wondene tuturan *modus* pitakon *alir nada* sansaya andhap wonten 4 tuturan. Sedaya menika boten wonten ingkang sami *pola struktur melodik*-ipun.

Tabel 6. *Struktur Melodik Modus* Pitakon *Alir Nada* Sansaya Inggil

No	No. *Data*	*Data*	IN		JN	
			Hz	St	Hz	St
1	SASM/Ga/07	Cobi, menawi kepareng kula bikak businipun nggih?	+34,77	+4,08	140,16	17,38
2	SASM/Ga/15	Njur iki mau ndadak mundhut pirsa apa langsung ketemu?	+14,91	+7,80	125,76	14,32
3	SASM/Ga/18	Wadhuh, njur piye?	+171,99	+16,63	244,20	20,95
4	SASM/Ga/20	Nah, asmane keng bapak ki sapa?	+8,10	+1,86	102,18	13,77
Rata – rata			+57,44	+7,59	153,08	16,61

Tabel 7. *Struktur Melodik Modus* Pitakon *Alir Nada* Sansaya Andhap

No	No. *Data*	*Data*	IN		JN	
			Hz	St	Hz	St
1	SASM/Ga/02	Nek emprit – emprit kae le dha milih penggedhe apa bala-balanan?	– 68,12	– 11,08	110,00	15,59
2	SASM/Ga/03	Tul, nek kodhok-kodhok kuwi mbok suluh saben bengi apa ya ra cures?	– 75,15	– 8,59	433,69	31,64
3	SASM/Ga/05	E... nuwun sewu, menapa montoripun macet?	– 49,03	– 7,50	449,82	30,94
4	SASM/Ga/08	Saking blanja nggih, Mbak?	– 64,87	– 10,36	131,49	16,95
Rata – rata			– 64,29	– 9,38	281,25	23,78

3. Wujud *Struktur Melodik Modus* Pakon

Tuturanipun paraga Gambir kanthi *modus* pawarta wonten 3 tuturan. Adhedhasar titikan IN, tuturan *modus* pakon menika kaperang dados kalih inggih menika tuturan *modus* pakon *alir nada* sansaya inggil kalihan tuturan *modus* pakon *alir nada* sansaya andhap. Tuturan *modus* pakon *alir nada* sansaya inggil

wonten 1 tuturan. Wondene tuturan *modus* pakon *alir nada* sansaya andhap wonten 2 tuturan.

Tabel 8. *Struktur Melodik Modus* Pakon *Alir Nada* Sansaya Inggil

No	**No. *Data***	***Data***	**IN**		**JN**	
			Hz	**St**	**Hz**	**St**
1	SASM/Ga/04	M**b**o**o**k nangkarke!	+30,41	– 3,70	413,45	25,38
Rata – rata			+30,41	– 3,70	413,45	25,38

Tabel 9. *Struktur Melodik Modus* Pakon *Alir Nada* Sansaya Andhap

No	**No. *Data***	***Data***	**IN**		**JN**	
			Hz	**St**	**Hz**	**St**
1	SASM/Ga/06	**A**... sampun kuwa**t**os.	+31,56	– 4,87	99,14	12,69
2	SASM/Ga/12	Samp**un**, mangga kula aturi kondur.	+99,16	– 11,27	146,03	18,37
Rata – rata			+65,36	– 8,07	122,59	15,53

Kangge nggampilaken pamaos anggenipun mahami tabel 4 dumugi tabel 9 supados jumbuh kalihan wosing panaliten, kadamel katrangan cekakan saha tandha warni kados ingkang kawahya ing ngandhap menika.

Aksara biru	= ngemot NPA	JN	= *Julat Nada*
Aksara abrit	= ngemot NPI	Hz	= *Herzt*
Aksara ungu	= ngemot NPA saha NPI	st	= *Semiton*
IN	= *Interval Nada*	tn	=*Tingkat Nada*

B. Pirembagan

1. Wujud *Struktur Melodik Modus* Pawarta

Panaliten menika katindakaken kanthi ningali titikan *struktur melodik*, inggih menika ND, NA, IN, NPA, NPI, saha JN. Kanthi titikan menika, saged katingal kados pundi *alir nada* saben ukaranipun. Ing panaliten menika kapanggihaken kalih jinis *alir nada modus* pawarta, inggih menika *alir nada* sansaya inggil saha *alir nada* sansaya andhap.

a. *Modus Pawarta Alir Nada* Sansaya Inggil

Ing panaliten menika kapanggihaken *struktur melodik modus* pawarta tuturan paraga Gambir kanthi *alir nada* sansaya inggil wonten 6 tuturan. Saking sedaya menika boten sami etangan titikan *struktur melodik*-ipun.

1) SASM/Ga/01

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil saged katingal ing *data* SASM/Ga/01. Wonten ing *data* menika paraga Gambir micara dhateng paraga Gembor kanthi ukara pawarta. Paraga Gambir nglembah manah ngakeni bilih piyambakipun boten ngertos babagan jago calon lurah ingkang dipunkajengaken dening paraga Gembor. Paraga Gambir mocap kados menika boten amargi estu boten ngertos, ananging kangge angon kahanan mindhak dados padudon kalihan paraga Gembor.

> "Kang Gambir, 'jago' ki ka ngana kaé," kandhané Gembor, slagané ngajak ngrungokaké panggeroné *knalpot* blombongan, "Jago wiring kuning, sikilan garing. Wataké nèk nggitik titis, ora cilikan atèn."
>
> "**Aku ki ora ngerti, Mbor.**" (SASM/Ga/01)

Data SASM/Ga/01 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (18) ing ngandhap menika.



Gambar 18. *Alir Nada Data* SASM/Ga/01

Gambar (18) ing nginggil nedahaken wujud *spectograf*, *alir nada*, saha *transkripsi* tuturan *data* SASM/Ga/01. Tuturan [aku ki ora ŋərti mbɔr] menika kawiwitan saking *fonem* /a/ salebeting tembung [aku] kanthi ND 159,05 Hz utawi 8,03 st (tn 8) sanginggilipun *nada* C. *Alir nada* saking *fonem* /a/ menika sansaya inggil dumugi *nada* ing *fonem* /u/ (tn 11). Saking *fonem* /u/ *alir nada* sansaya inggil saha mujudaken *alir lengkung* mandhap nalika mocap tembung [ki] (tn 14).

Alir nada mandhap ing *fonem* /o/ nalika mocap tembung [ora]. Salajengipun, *alir nada* mindhak ing *fonem* /r/ saha /a/. Menika nedahaken

tembung [ora] kapireng [ra] amargi *fonem* /o/ kaucap kanthi *nada* andhap saha *durasi* ingkang cekak.

Salajengipun *alir nada* mujudaken *alir* ingkang lengkung (tn 11) saha (tn 14) ing tembung [ŋərti]. Salebeting tembung kasebat wonten jarak ingkang misahaken wanda [ŋər] kalihan wanda [ti]. Jarak menika nedahaken *jeda* ing antawisipun kalih wanda kasebat. Ing pungkasaning tembung [ŋərti] *alir nada* radi inggil ing *fonem* /i/, inggih menika 230,72 Hz utawi 14,47 st (tn 14) sanginggilipun *nada* C. *Nada* ing *fonem* /i/ menika minangka NPI.

Alir nada saking *fonem* /i/ tembung [ŋərti] salajengipun mujudaken *alir lengkung* mandhap nalika mocap tembung [mbɔr]. *Alir lengkung* kasebat manggihi *nada* paling andhap ing *fonem* /ɔ/. *Nada* ing *fonem* /ɔ/ menika minangka NPA kanthi *nada* 109,20 Hz utawi 1,52 st (tn 2) sanginggilipun *nada* C.

Wonten ing tembung [mbɔr] *alir nada lengkung* kapungkasi nalika mocap *fonem* /r/ kanthi nada 199,81 Hz utawi 11,98 st (tn 12) sanginggilipun *nada* C. *Nada* ing *fonem* /r/ menika minangka NA. Ing *data* menika, NA langkung inggil tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/01 mujudaken *alir nada* sansaya inggil kanthi IN +40,76 Hz utawi +3,95 st.

Salebeting *alir nada data* SASM/Ga/01 menika wonten NPA saha NPI. NPA salebeting *alir nada* menika wonten ing tembung [mbɔr]. Tembung [mbɔr] menika sebatan kangge namanipun paraga Gembor.

Wontenipun NPA ing tembung kasebat nedahaken bilih paraga Gambir mahyakaken raos nglembah manah. Wondene NPI salebeting *alir nada* menika wonten ing pungkasaning tembung *ngerti*. Wontenipun NPI ing tembung kasebat nedahakaken bilih paraga Gambir mocap kanthi penekanan mligi kangge nyethakaken bilih paraga Gambir boten ngertos babagan calon lurah ingkang dipunkajengaken dening paraga Gembor. Antawisipun NPA saha NPI menika mujudaken JN 121,52 Hz utawi 12,95 st.

Saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/01 menika gadhah titikan *struktur melodik* ingkang mujudaken *alir nada* sansaya inggil, inggih menika ND 159,05 Hz utawi 8,03 st (tn 8) sanginggilipun *nada* C kapungkasi kanthi NA 199,81 Hz utawi 11,98 st (tn 12) sanginggilipun *nada* C, saengga IN-ipun + 40,76 Hz utawi + 3,95 st. Ing tengahing *alir nada* menika wonten NPA 109,20 Hz utawi 1,52 st (tn 2) sanginggilipun *nada* C saha NPI 230,72 Hz utawi 14,47 st (tn 14) sanginggilipun *nada* C, kekalihipun mujudaken JN 121,52 Hz utawi 12,95 st.

2) SASM/Ga/09

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil ugi saged katingal ing *data* SASM/Ga/09. Wonten ing *data* menika Gambir micanten dhateng paraga Widati kanthi ukara pawarta. Kacariyos paraga Gambir mbiyantu paraga Widati kanthi ngresiki busi montoripun. Sasampunipun busi dipunresiki lajeng montor dipungenjot, paraga Gambir

suka pawartos dhateng paraga Widati bilih montoripun paraga Widati sampun saged gesang malih. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/09 kados ing ngandhap menika.

> Busi dipasang banjur digenjot, klakon montoré bisa urip. "**Nah, mangga Mbak, sampun gesang**," pasrahé Gambir menyang bocah wadon iku. (SASM/Ga/09)

Data SASM/Ga/09 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (19) ing ngandhap menika.



Gambar 19. *Alir Nada Data* SASM/Ga/09

Saking *data* SASM/Ga/09 ing nginggil, ukara [nah mɔŋgɔ mba? sampUn gəsaŋ] menika kawiwitan kanthi ND 78,73 Hz utawi – 4,14 st (tn -4) sangandhapipun *nada* C ing *fonem* /n/ salebeting tembung [nah]. ND kasebat ugi minangka NPA salebeting *alir nada data* SASM/Ga/09. *Nada* saking *fonem* /n/ tembung [nah] menika sansaya inggil dumugi *fonem* /h/ (tn 1) salajengipun manggihi *jeda*.

Salajengipun, *alir nada* ing tembung [mɔŋgɔ] mujudaken *alir nada* ingkang inggil ing wanda *ngga* (tn 7). *Alir nada* mandhap malih nalika mocap tembung [mba?] ananging mindhak ing *fonem* /?/ (tn 9) salajengipun manggihi *jeda*. *Alir nada* sansaya mandhap nalika mocap tembung [sampUn] (tn 7).

Salajengipun *alir nada* minggah nalika mocap wanda [gə] ing tembung [gəsaŋ] saha mandhap nalika mocap wanda [saŋ]. Nalika mocap *fonem* /a/ wanda [saŋ] menika kanthi *nada* 164,51 Hz utawi 8,62 st (tn 9) sanginggilipun *nada* C. *Nada* menika minangka NPI salebeting *alir nada data* SASM/Ga/09. Wondene nalika mocap *fonem* /ŋ/ wanda [saŋ] nedahaken NA kanthi *nada* 86,94 Hz utawi – 2,42 st (tn -2) sangandhapipun *nada* C. Ing *data* menika, NA langkung inggil tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/09 mujudaken *alir nada* sansaya inggil kanthi IN +8,21 Hz utawi +1,72 st.

Salebetipun *alir nada data* SASM/Ga/09 menika wonten NPA saha NPI. NPA wonten ing tembung [nah]. Tembung [nah] menika minangka *ekspresi* seneng nedahaken montor ingkang sampun saged gesang malih. Wontenipun NPA ing tembung kasebat sesarengan kalihan ND ing *fonem* /n/. Awit saking menika NPA ing tembung kasebat boten mahyakaken *penekanan* mligi, ananging nedahaken bilih paraga Gambir anggenipun miwiti ukara kasebat kanthi *nada* ingkang andhap.

Wondene NPI salebetipun *alir nada* menika wonten ing pungkasaning tembung [gəsaŋ]. Wontenipun NPI ing tembung kasebat

nedahakaken bilih paraga Gambir mocap kanthi *penekanan* mligi, ancasipun kangge nyethakaken bilih montoripun paraga Widhati sampun gesang. Antawisipun NPA saha NPI menika mujudaken JN 85,78 Hz utawi 12,76 st.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/09 menika gadhah titikan *struktur melodik* ingkang mujudaken *alir nada* sansaya inggil. Titikan *struktur melodik* kasebat inggih menika ND 78,73 Hz utawi – 4,14 st (tn -4) sangandhapipun nada C, kapungkasi kanthi NA 86,94 Hz utawi – 2,42 st (tn -2) sangandhapipun nada C, saengga IN-ipun +8,21 Hz utawi +1,72 st. Ing *alir nada* menika wonten NPA ingkang sami kalihan NA inggih menika 78,73 Hz utawi -2,42 st (tn -2) sangandhapipun nada C, saha wonten NPI 164,51 Hz utawi 8,62 st (-tn 9) sanginggilipun nada C, saengga mujudaken JN 85,78 Hz utawi 12,76 st.

3) SASM/Ga/13

Data SASM/Ga/13 nedahaken *struktur melodik modus* pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil. Kacariyos paraga Gambir mbiyantu paraga Widati ngresiki busi montoripun ingkang nembe macet. Paraga Widati rumaos boten sekeca amargi ngrepoti paraga Gambir. Paraga Gambir nglembah manah matur bilih anggenipun mbiyantu menika boten dados repotipun paraga Gambir. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/13 kados ing ngandhap menika.

> “Adhuh, dos pundi menika?! Tepang mawon boten, kok kula lajeng ngrépoti nggih?!”

"**Boten répot Mbak, boten**."

Sabanjuré, nom-noman sakloron iku malah padha nepungaké jeneng lan panggon omahé. (SASM/Ga/13)

Data SASM/Ga/13 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (20) ing ngandhap menika.



Gambar 20. *Alir Nada Data* SASM/Ga/13

Wonten ing *data* SASM/Ga/13 menika, ukara [mbɔtən repɔt mba? mbɔtən] menika kawiwitan kanthi ND 134,63 Hz utawi 5,14 st (tn 5) sanginggilipun *nada* C ing *fonem* /m/ salebeting tembung [mbɔtən][(1)] ingkang kaping satunggal. *Alir nada* saking *fonem* /m/ menika sansaya mandhap dumugi 113,90 Hz utawi 2,26 st (tn 2) sanginggilipun *nada* C ing *fonem* /o/ minangka NPA. Salajengipun, *alir nada* mindhak nalika mocap wanda *ten* (tn 9) lengkung (tn 13) ing tembung kasebat.

Alir nada sansaya mindhak nalika mocap tembung [repɔt]. Antawisipun wanda [rə] (tn 12) saha wanda [pɔt] (tn 17) menika wonten

jeda ingkang nedahaken *durasi* radi dangu nalika mocap wanda [rə]. Salajengipun *alir nada* mujudaken *alir nada lengkung* (tn 7) saha (tn 12) mandhap nalika mocap tembung [mba?]. *Alir nada* salajengipun manggihi *jeda* minangka *jeda koma*.

Sasampunipun *jeda koma*, paraga Gambir ngambali mocap tembung [bɔtən]$^{(2)}$ sami kalihan ing purwakaning tuturan menika. Bedanipun, ing tembung [bɔtən]$^{(2)}$ menika paraga Gambir mocap kanthi *nada* ingkang inggil. Ing tembung menika *nada* paling inggil wonten ing *fonem* /ɔ/ inggih menika 237,42 Hz utawi 17,41 st (tn 17) sanginggilipun *nada* C. *Nada* menika minangka NPI salabeting *alir nada* data SASM/Ga/13.

Tuturan ing *data* menika kapungkasi kanthi NA ing *fonem* /n/ tembung [mbɔtən]$^{(2)}$ kanthi *nada* 135,43 Hz utawi 5,25 st (tn 5) sanginggilipun *nada* C. Ing *data* menika, NA langkung inggil tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/13 mujudaken *alir nada* sansaya inggil kanthi IN +0,80 Hz utawi +0,11 st.

Data SASM/Ga/13 gadhah NPA ing tembung [mbɔtən]$^{(1)}$ lan NPI ing tembung [mbɔtən]$^{(2)}$. Sinaosa tembungipun sami, ananging NPA saha NPI boten dumunung ing satunggal tembung. Menika nedahaken *penekanan* inti tuturan kanthi ngambali tembung ngginakaken *nada* ingkang *kontras*, inggih menika *nada* andhap saha *nada* inggil. Paraga Gambir ngaturaken bilih anggenipun mbiyantu menika boten dados repotipun. Paraga Gambir mocap tembung [mbɔtən]$^{(1)}$ kanthi *nada*

andhap, lajeng dipunambali mocap tembung [mbɔtən][(2)] kanthi *nada* inggil. Menika saperlu kangge nyethakaken utawi damel *penekanan* mligi.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/13 menika gadhah titikan *struktur melodik* ingkang mujudaken *alir nada* sansaya inggil. Titikan *struktur melodik*-ipun inggih menika ND 134,63 Hz utawi 5,14 st (tn 5) sanginggilipun nada C, kapungkasi NA 135,43 Hz utawi 5,25 st (tn 5) sanginggilipun nada C, saengga mujudaken IN +0,80 Hz utawi +0,11 st. NPA wonten ing *data* menika 113,90 Hz utawi 2,26 st (tn 2) saha NPI 237,42 Hz utawi 17,41 st (tn 17) kanthi JN 123,52 Hz utawi 15,15 st.

4) SASM/Ga/16

Struktur melodik modus pawarta kanthi alir nada sansaya inggil ugi saged katingal ing *data* SASM/Ga/16. Wonten ing *data* menika Gambir micara dhateng paraga Gembor kanthi ukara pawarta. Kacariyos bilih paraga Widati tindak dhateng dalemipun paraga Gambir. Paraga Gambir rumaos remen sanget saha boten nginten bilih paraga Widati kersa tindak mrika. Paraga Gambir rumaos nggumun amargi nembe sapisan tepang kalihan paraga Widati nalika mbiyantu ngurupaken montoripun, ananging paraga Widati sampun kersa madosi saha tindak dhateng dalemipun. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/16 ing ngandhap menika.

> **Mbak, ra ngira lho yèn panjenengan sudi tindak nèng gubugku**. Mula aku matur nuwun.”
>
> “É ... , ya ora cukup matur nuwun,” sauré Widati karo mèsem. (SASM/Ga/16)

Data SASM/Ga/16 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (21) ing ngandhap menika.



Gambar 21. *Alir Nada Data* SASM/Ga/16

Saking *data* SASM/Ga/16 ing nginggil, ukara [mba? ra ngirɔ lo yƐn panjənəŋan sudi tinda? neŋ gubU?ku] menika kawiwitan kanthi ND 84,74 Hz utawi – 2,87 st (tn -3) sangandhaping *nada* C ing *fonem* /m/ salebeting tembung [mba?]. *Alir nada* saking *fonem* /m/ menika sansaya inggil dumugi *fonem* /?/ (tn 4). Salajengipun *alir nada* manggihi *jeda koma* ingkang misahaken tembung [mba?] kalihan tembung candhakipun. *Jeda koma* menika nedahaken bilih paraga Gambir mocap tembung [mba?] menika minangka sapaan.

Alir nada mandhap ing *fonem* /r/ nalika mocap tembung [ra], inggih menika 81,66 Hz utawi – 3,51 st (tn -4) sangandhapipun *nada* C. *Nada* ing *fonem* /r/ kasebat minangka NPA salabeting *data* SASM/Ga/16

menika. Salajengipun, *alir nada* mindhak saking *fonem* /r/ dumugi *fonem* /a/.

Salajengipun, *alir nada* mindhak nalika mocap tembung [ŋirɔ]. *Alir nada* sansaya inggil dumugi *fonem* /ɔ/ ing tembung [ŋirɔ] kanthi *nada* 149,29 Hz utawi 6,94 st (tn 7) sanginggilipun *nada* C. *Nada* ing *fonem* /ɔ/ menika minangka NPI.

Alir nada saking NPI mujudaken *alir lengkung* mandhap nalika mocap tembung [lɔ]. Salajengipun ing tembung candhakipun *alir nada relatif* rata nalika mocap [yƐn pañjənəŋan sudi tinda? gubU?ku]. Ing pungkasaning tuturan menika, *alir nada* sansaya inggil nalika mocap tembung [gubU?ku].

Tuturan ing *data* menika kapungkasi kanthi *fonem* /u/ ingkang pungkasan ing tembung [gubU?ku]. *Nada* ing *fonem* /u/ kasebat minangka NA inggih menika 118,40 Hz utawi 2,93 st (tn 3) sanginggilipun *nada* C. Ing *data* menika, NA langkung inggil tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/16 mujudaken *alir nada* sansaya inggil kanthi IN +33,66 Hz utawi +5,80 st.

Salebeting *alir nada data* SASM/Ga/16 menika wonten NPA saha NPI ing satunggal *frase*, inggih menika *ora ngira*. Menika nedahaken penekanan mligi ing *frase* kasebat. NPA salebeting *alir nada* menika wonten ing purwakaning tembung *ora*. Wontenipun NPA ing tembung kasebat damel tembung *ora* kapireng *ra*.

Wondene NPI salebetipun *alir nada* menika wonten ing pungkasaning tembung [ŋirɔ]. Wontenipun NPI ing tembung kasebat nedahakaken bilih paraga Gambir mocap kanthi *penekanan* mligi, ancasipun kangge nyethakaken bilih paraga Gambir boten nginten paraga Widati kersa tindak dalemipun. Antawisipun NPA saha NPI menika mujudaken JN 67,63 Hz utawi 10,45 st sanginggilipun *nada* C.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/16 menika gadhah titikan *struktur melodik* ingkang mujudaken *alir nada* modus pawarta sansaya inggil. Titikan *struktur melodik*-ipun inggih menika ND 84,74 Hz utawi -2,87 st (tn -3) sangandhapipun *nada* C, kapungkasi kanthi NA 118,40 Hz utawi 2,93 st (tn 3) sanginggilipun *nada* C, saengga mujudaken IN +33,66 Hz utawi +5,80 st. Ewa semanten, ing tengahing *alir nada* menika wonten NPA 81,66 Hz utawi – 3,51 st (tn -4) sangandhapipun *nada* C saha NPI 149,29 Hz utawi 6,94 st (tn 7) sanginggilipun *nada* C, saenggga mujudaken JN 67,63 Hz utawi 10,45 st.

5) SASM/Ga/17

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil saged katingal ing *data* SASM/Ga/17. *Data* SASM/Ga/17 menika ukara candhakipun saking *data* SASM/Ga/16. Wonten ing *data* menika paraga Gambir ngaturaken panuwun dhateng paraga Widhati ingkang sampun kersa rawuh dalemipun Gambir. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/17 ing ngandhap menika.

> "Mbak, ra ngira lho yèn penjenengan sudi tindak nèng gubugku. **Mula aku matur nuwun**."
>
> "É ... , ya ora cukup matur nuwun," sauré Widati karo mèsem.
>
> "Wadhuh, njur piyé ...?" Gambir kentèkan ukara jawab, isané mung ngguyu lirih, lan banjur nyawang Widati. (SASM/Ga/17)

Data SASM/Ga/17 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (22) ing ngandhap menika.



Gambar 22. *Alir Nada Data* SASM/Ga/17

Wonten ing *data* SASM/Ga/17 ing nginggil, tuturan [mulɔ aku matUr nuwUn] menika kawiwitan kanthi ND 88,49 Hz utawi -2,12 st (tn -2) sangandhapipun *nada* C ing *fonem* /m/ salebeting tembung [mulɔ]. ND ing *fonem* /m/ menika minangka NPA salebeting *alir nada data* SASM/Ga/17. Saking *fonem* /m/ *alir nada* sansaya inggil dumugi *fonem* /ɔ/ (tn 8). Salajengipun *alir nada* manggihi *jeda*. *Alir nada* mandhap nalika mocap *fonem* /a/ (tn 2) ing tembung [aku]. *Alir nada* sansaya inggil nalika

mocap wanda [ku] (tn 6) , kalajengaken *alir* rata nalika mocap tembung [matur].

Alir nada sansaya inggil nalika mocap nembung [nuwun]. Puncak *nada* inggil wonten ing *fonem* /U/ ing tembung [nuwUn]. *Fonem* /U/ menika minangka NPI kanthi *nada* 168,08 Hz utawi 8,99 st (tn 9) sanginggilipun *nada* C. *Nada* ing *fonem* /U/ kasebat mujudaken *alir lengkung* mandhap.

Alir nada kapungkasi nalika mocap *fonem* /n/ ing tembung kasebat kanthi NA 139,41 Hz utawi 5,75 st (tn 6) sanginggilipun *nada* C. Ing *data* menika, NA langkung inggil tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/17 mujudaken *alir nada* sansaya inggil kanthi IN +50,92 Hz utawi +7,87 st.

Salebeting *alir nada data* SASM/Ga/17 menika wonten NPA saha NPI. NPA salebeting *alir nada* menika wonten ing purwakaning tembung [mulɔ]. Wontenipun NPA ing tembung kasebat sesarengan kalihan ND ing *fonem* /m/. Awit saking menika NPA ing tembung kasebat boten mahyakaken *penekanan* mligi, ananging nedahaken bilih paraga Gambir anggenipun miwiti ukara kasebat kanthi *nada* ingkang andhap.

Wondene NPI salebeting *alir nada* menika wonten ing wanda pungkasan tembung [nuwUn]. Wontenipun NPI ing tembung kasebat nedahakaken bilih paraga Gambir mocap kanthi *penekanan* mligi ing intinipun tuturan *data* SASM/Ga/17, inggih menika paraga Gambir atur

panuwun. Antawisipun NPA saha NPI menika mujudaken JN 79,59 Hz utawi 11,11 st.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/17 menika gadhah titikan *struktur melodik* ingkang mujudaken *modus* pawarta *alir nada* sansaya inggil. Titikan *struktur melodik*-ipun inggih menika ND 88,49 Hz utawi – 2,12 st (tn -2) sangandhapipun *nada* C, kapungkasi kanthi NA 139,41 Hz utawi 5,75 st (tn 6) sanginggilipun *nada* C, sengga mujudaken IN +50,92 Hz utawi +7,87 st. *Alir nada* menika gadhah NPA sesarengan kalihan ND inggih menika 88,49 Hz utawi – 2,12 st (tn -2) sangandhapipun *nada* C. Wondene NPI ing *data* menika inggih menika 168,08 Hz utawi 8,99 st (tn 9) sanginggilipun *nada* C. NPA saha NPI mujudaken JN 79,59 Hz utawi 11,11 st.

6) SASM/Ga/21

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil ingkang pungkasan saged katingal ing *data* SASM/Ga/21. Kacariyos bilih paraga Gambir badhe sowan dhateng bapakipun paraga Widati. Paraga Gambir nyuwun pirsa asmanipun keng bapak. Nalika paraga Widati nyebataken asmanipun keng bapak, paraga Gambir kaget amargi kanyata bapakipun paraga Widati inggih menika calon lurah ingkang dipungethingi dening paraga Gambir.

Salebeting naskah cariyos SASM menika paraga Gambir mbengok ing batos, ananging salebeting rekaman pamaosanipun tetep kawaos

kanthi tuturan paraga. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/21 wonten ing ngandhap menika.

> "**Hah?!**" Gambir mbengok batin, kagèt. Ora nyana ora ndipé, yèn cah ayu gadhangan atiné iku, anaké wong sing digething tingkahé. (SASM/Ga/21)

Data SASM/Ga/21 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (23) ing ngandhap menika.



Gambar 23. *Alir Nada Data* SASM/Ga/21

Data SASM/Ga/21 ing nginggil mujudaken tuturan ingkang namung satunggal tembung. Tuturan menika kawiwitan kanthi ND 155,85 Hz utawi 7,46 st (tn 7) sanginggilipun *nada* C ing *fonem* /h/ ingkang sapisan salebeting tembung [hah]. *Alir nada* mandhap ing purwakaning *fonem* /a/ kanthi *nada* 198,90 Hz utawi 11,90 st (tn 12). *Nada* ing purwakaning *fonem* /a/ menika minangka NPA. Salajengipun, *alir nada*

nalika mocap *fonem* /a/ menika mujudaken *durasi* ingkang panjang kanthi *alir* sansaya inggil dumugi pungkasaning *fonem* /a/. *Puncak nada* ing *alir nada fonem* /a/ menika 224,26 Hz utawi 13,98 st (tn 14) sanginggilipun *nada* C. *Nada puncak* ing *fonem* /a/ menika minangka NPI.

Alir nada saking NPI sansaya andhap nalika mocap *fonem* /h/ kanthi *nada* 198,9 Hz utawi 11,90 st (tn 12) sanginggilipun *nada* C. *Nada* ing *fonem* /h/ ingkang pungkasan menika minangka NA. Ing *data* menika, NA langkung inggil tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/21 mujudaken *alir nada* sansaya inggil kanthi IN +43,05 Hz utawi +4,24 st.

NPA ngantos dumugi NPI ing *data* SASM/Ga/21 menika wonten ing satunggal *fonem*, inggih menika *fonem* /a/. Menika mahyakaken penekanan mligi ing *fonem* /a/ kasebat. Saged dipunmangertosi bilih Gambir nyethakaken menapa ingkang dipunkajengaken ing tuturan *data* SASM/Ga/21 kasebat, inggih menika paraga Gambir mahyakaken *ekspresi* kaget kanthi mbengok ing batin ngucap tembung [hah]. Salebetipun tembung kasebat, namung wonten satunggal *fonem vokal* inggih menika *fonem* /a/ ingkang saged mahyakaken *ekspresi* kaget, inggih awit saking menika NPI saha NPA wonten ing satunggal *fonem*. Wondene NPA saha NPI menika mujudaken JN 68,97 Hz utawi 6,36 st.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/21 menika gadhah titikan *struktur melodik* ingkang mujudaken *modus* pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil. Titikan *struktur melodik-*

ipun inggih menika ND 155,85 Hz utawi 7,46 st (tn 7) sanginggilipun *nada* C saha NA 198,90 Hz utawi 11,90 st (tn 12) sanginggilipun *nada* C, kanthi IN +43,05 Hz utawi 4,24 st. NPA saha NPI ing *data* menika wonten ing satunggal *fonem* kanthi NPA 155,29 Hz utawi 7,42 st (tn 7) sanginggilipun *nada* C saha NPI 224,26 Hz utawi 13,98 st (tn 14) sanginggilipun *nada* C, kanthi JN 68,97 Hz utawi 6,36 st.

Saking rerincen titikan *struktur melodik* tuturan paraga Gambir *modus* pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil kasebat, panaliti damel etangan rata-rata saben jinisipun titikan *struktur melodik*. *Nada* ingkang dipunginakaken dening Bapak Risang Y Sugiyana nalika maos tuturanipun paraga Gambir *modus* pawarta *alir nada* sansaya inggil kanthi : ND 116,92 Hz utawi 1,95 st sanginggilipun *nada* C, NA 146,48 Hz utawi 5,89 st sanginggilipun *nada* C, NPA 104,55 Hz utawi 0,27 st sanginggilipun *nada* C, saha NPI 195,73 Hz utawi 11,74 st sanginggilipun *nada* C. Saking rerincen menika, rata-rata *struktur melodik modus* pawarta *alir nada* sansaya inggil kanthi *Interval Nada* (IN) +29,457 Hz utawi +3,95 st, saha *Julat Nada* (JN) 91,17 Hz utawi 11,46 st.

b. *Modus Pawarta Alir Nada* Sansaya Andhap

Ing panaliten menika kapanggihaken *struktur melodik* pawarta paraga Gambir kanthi *alir nada* sansaya andhap wonten 4 tuturan. Saking sedaya

menika boten sami etangan titikan *struktur melodik*-ipun. Wondene andharanipun ing ngandhap menika.

1) SASM/Ga/10

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya andhap saged katingal ing *data* SASM/Ga/10. Kacariyos, paraga Gambir mbiyantu paraga Widati ingkang montoripun nembe macet. Paraga Gambir mbiyantu kanthi ngresiki busi montoripun paraga Widati. Sasampunipun montoripun Widati saged gesang malih, paraga Widati atur panuwun saha nyuwun pangapunten dhateng paraga Gambir amargi paraga Widati sampun boten gadhah arta kangge ngopahi paraga Gambir. Paraga Gambir nanggapi paraga Widati kanthi nglembah manah matur menawi anggenipun mbiyantu menika gratis. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/10 kados ing ngandhap menika.

> "**O..., menika gratis Mbak**. Tiyang namung ngresiki busi kok, boten sah mbayar. Sampun mangga kula aturi kondur."
> "Adhuh, dos pundi menika?! Tepang mawon boten, kok kula lajeng ngrépoti nggih?!" (SASM/Ga/10)

Data SASM/Ga/10 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (24) ing ngandhap menika.



Gambar 24. *Alir Nada Data* SASM/Ga/10

Salebeting *data* SASM/Ga/10 ing nginggil, tuturan [o mə nikɔ gratis mba?] menika kawiwitan saking *fonem* /o/ salebeting tuturan [o] kanthi ND 166,46 Hz utawi 8,82 st (tn 9) sanginggilipun *nada* C. *Nada* ing *fonem* /o/ menika mujudaken *alir lengkung* sansaya inggil lajeng mandhap ing pungkasaning *fonem*. *Fonem* /o/ kapungkasi kanthi *nada* 88,38 Hz utawi – 1,19 st (tn -1) sangandhapipun *nada* C. *Nada* ing pungkasaning *fonem* /o/ menika minangka NPA salebeting *alir nada data* SASM/Ga/10. Sasampunipun *fonem* /o/ kasebat *alir nada* manggihi *jeda*.

Alir nada sansaya inggil nalika mocap tembung [mənikɔ]. Salajengipun *alir nada* sansaya inggil saha mujudaken *alir lengkung* ing tembung [gratis]. Ing wanda [gra] mujudaken *alir nada* sansaya andhap, wondene ing wanda [tis] (tn 17) mujudaken *alir nada* sansaya inggil. *Alir nada* manggihi *puncak nada* inggil ing *fonem* /i/ tembung [gratis] menika.

Nada ing *fonem* /i/ kasebat minangka NPI, kanthi *nada* 273,97 Hz utawi 17,45 st (tn 17) sanginggilipun *nada* C. Saking NPI ing *fonem* /i/ *alir nada* sansaya andhap nalika mocap *fonem* /s/.

Saking tembung *gratis*, *alir nada* sansaya inggil nalika mocap tembung [mba?]. Tembung [mb?] menika mujudaken *alir nada lengkung* nginggil (tn 2) saha (tn 7). *Alir lengkung fonem* /m/ sansaya andhap dumugi *fonem* /a/ saha radi inggil nalika mocap *fonem* /?/.

Nada ing *fonem* /?/ tembung [mba?] menika minangka NA, kanthi *nada* 148,66 Hz utawi 6,86 st (tn 7) sanginggilipun *nada* C. Ing *data* menika, NA langkung andhap tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/10 mujudaken *alir nada* sansaya andhap kanthi IN -17,80 Hz utawi -1,96 st.

Salebeting *alir nada data* SASM/Ga/100 menika wonten NPA saha NPI. NPA salebeting *alir nada* menika wonten ing *fonem* purwakaning tuturan. Sinaosa NPA wonten ing *fonem* purwakaning tuturan, ananging NPA boten sami kalihan ND. Menika dipunjalari amargi *fonem* ingkang murwakani tuturan menika mujudaken *alir lengkung* sansaya andhap. Wontenipun NPA ing *fonem* kasebat boten damel *penekanan* mligi.

Wondene NPI salebeting *alir nada* menika wonten ing tembung pungkasan, inggih menika tembung [gratis]. Wontenipun NPI ing tembung kasebat nedahakaken bilih paraga Gambir mocap kanthi *penekanan* mligi. *Penekan* mligi menika boten namung dipunwahyakaken kanthi wontenipun NPI, ananging ugi kanthi wontenipun *jeda durasi panjang* ing

wanda [gra] saha wanda [tis]. Menika nedahaken bilih tembung *gratis* dipunpocapaken kanthi alon. Ateges, paraga Gambir mahyakaken *penekanan* mligi ing tembung *gratis* kasebat minangka inti saking tuturan data SASM/Ga/10. Antawisipun NPA saha NPI menika mujudaken JN 185,59 Hz utawi 18,64 st.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/10 menika mujudaken tuturan *modus* pawarta kanthi *alir nada* sansaya andhap. Wujud *alir nada* sansaya andhap menika saged katingal saking titikan *struktur melodik*-ipun. Wondene titikan *struktur melodik*-ipun inggih menika ND 166,46 Hz utawi 8,82 st (tn 9) sanginggilipun *nada* C saha kapungkasi NA 148, 66 Hz utawi 6,86 st (tn 7) sanginggilipun *nada* C, kanthi IN – 17,8 Hz utawi – 1,96 st. *Alir nada* menika gadhah NPA 88,38 Hz utawi – 1,19 st (tn -1) sangandhapipun *nada* C saha NPI 273,97 Hz utawi 17,45 st (tn 17) sanginggilipun *nada* C, kanthi JN 185,59 Hz utawi 18,64 st.

2) SASM/Ga/11

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil saged katingal ing *data* SASM/Ga/11. *Data* menika minangka ukara candhakipun saking *data* SASM/Ga/10. Ing *data* menika paraga Gambir suka pawadan kangge nakyenaken paraga Widati bilih anggenipun mbiyantu ngresiki busi menika gratis.

> "O..., menika gratis Mbak. **Tiyang namung ngresiki busi kok, boten sah mbayar**. Sampun mangga kula aturi kondur."

> "Adhuh, dos pundi menika?! Tepang mawon boten, kok kula lajeng ngrépoti nggih?!" (SASM/Ga/11)

Data SASM/Ga/11 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (25).



Gambar 25. *Alir Nada Data* SASM/Ga/11

Saking *data* SASM/Ga/11 ing nginggil, ukara [tiyaŋ namUŋ ŋrəsiki busi kɔ? mbɔtən sah mbayar] menika kawiwitan kanthi ND 156,07 Hz utawi 7,70 st (tn 8) sanginggilipun *nada* C ing fonem /t/ salebeting tembung [tiyaŋ]. *Nada* saking *fonem* /t/ menika mujudaken *alir nada relatif* rata ing tembung [tiyaŋ]. Makaten ugi ing tembung [namUŋ] saha tembung [ŋrəsiki]. *Alir nada* sansaya andhap nalika mocap *fonem* /b/ ing tembung [busi]. *Alir nada* ing tembung [busi] menika mujudaken *alir lengkung* sansaya inggil nalika mocap *fonem* /i/. *Alir nada* saking *fonem* /i/ sansaya andhap saha mujudaken *alir* rata saking *fonem* /k/ ing purwakaning tembung [kɔ?] dumugi *fonem* /?/ ing pungkasaning tembung [kɔ?] kasebat. Salajengipun *alir nada* manggihi *jeda koma*.

Alir nada kalajengaken kanthi *alir* sansaya inggil nalika mocap tembung *boten*. *Nada* saking *fonem* /n/ tembung [mbɔten] sansaya inggil dumugi *fonem* /s/ ing tembung [sah]. *Alir nada* manggihi *puncak nada* inggil ing *fonem* /a/ tembung [sah] minangka NPI, inggih menika 183,52 Hz utawi 10,51 st (tn 11) sanginggilipun *nada* C. Salajengipun, *alir nada* sansaya mandhap nalika mocap *fonem* /m/ ing tembung [mbayar]. *Nada* saking *fonem* /m/ sansaya andhap dumugi *fonem* /y/ minangka NPA, inggih menika 97,13 Hz utawi 0,51 st (tn 1) sanginggilipun *nada* C.

Nada saking NPA sansaya inggil damel *alir lengkung* nalika ngucap *fonem* /r/ kanthi NA 153,00 Hz utawi 7,36 st (tn 7) ing *fonem* /r/. Ing *data* menika, NA langkung andhap tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/11 mujudaken *alir nada* sansaya andhap kanthi IN – 3,07 Hz utawi – 0,34 st.

NPA saha NPI menika wonten ing satunggal *frase* [mbɔtən sah mbayar]. Menika mahyakaken *penekanan* mligi ingkang nedahaken penekanan ing *frase* kasebat. Ateges, salebeting *data* SASM/Ga/11 menika paraga Gambir nyethakaken menapa ingkang dipunkajengaken ing ukaranipun, inggih menika Gambir nedakahaken bilih anggenipun ngresiki busi menika boten nyuwun opah utawi bayaran. Antawisipun NPA saha NPI menika mujudaken JN 86,39 Hz utawi 10 st.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/11 menika mujudaken *modus* pawarta kanthi *alir nada* sansaya andhap. *Alir nada* sansaya andhap menika saged katingal saking titikan

struktur melodik-ipun. Wondene *struktur melodik*-ipun inggih menika ND 156,07 Hz utawi 7,70 st (tn 8) sanginggilipun *nada* C saha kapungkasi kanthi NA 153,00 Hz utawi 7,36 st (tn 7) sanginggilipun *nada* C, saengga mujudaken IN – 3,07 Hz utawi – 0,34 st. NPA ing *data* menika inggih menika 97,13 Hz utawi 0,51 st (tn 1) sanginggilipun *nada* C saha NPI 182,52 Hz utawi 10,51 st (tn 11) sanginggilipun *nada* C, saengga mujudaken JN 86,39 Hz utawi 10 st.

3) SASM/Ga/14

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil saged katingal ing *data* SASM/Ga/14. Kacariyos, paraga Widati tindak dhateng dalemipun paraga Gambir. Paraga Gambir nyumanggakaken paraga Widati supados nengga amargi paraga Gambir badhe siram rumiyin. Nalika paraga Gambir sampun rampung anggenipun siram, lajeng tumuju dhateng ruang tamu. Paraga Gambir rumaos boten sekeca amargi paraga Widati dangu anggenipun nengga. Awit saking menika, paraga Gambir nyuwun pangapunten dhateng paraga Widati. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/14 kados ing ngandhap menika.

> "**Nyuwun duka lho Mbak, lé ngentèni kesuwèn**," ucapé Gambir sawisé rampung adus lan nemoni tamuné, "njur iki mau ndandak mundhut priksa, apa langsung ketemu?" (SASM/Ga/14)

Data SASM/Ga/14 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (26) ing ngandhap menika.



Gambar 26. *Alir Nada Data* SASM/Ga/14

Saking *data* SASM/Ga/14 ing nginggil, ukara [ñuwUn dukɔ lo mba? le ŋəntƐni kəsuwƐn] menika kawiwitan kanthi ND 155,74 Hz utawi 7,67 st sanginggilipun *nada* C ing fonem /ñ/ salebeting tembung [ñuwUn]. *Alir nada* saking *fonem* /ñ/ sansaya andhap dumugi *fonem* /n/ ing pungkasaning nembung [ñuwUn]. Salajengipun, *alir nada* sansaya inggil nalika mocap *fonem* /d/ ing tembung [dukɔ]. Salebeting tembung kasebat *alir nada* mujudaken *alir nada* mandhap ing *fonem* /u/, saha sansaya inggil nalika mocap wanda [kɔ] (tn 8).

Alir nada mujudaken *alir lengkung* inggil ing tembung [lo]. Saking *fonem* /o/ tembung [lo] *alir nada* sansaya andhap dumugi *fonem* /m/ tembung [mba?]. *Nada* ing *fonem* /m/ menika minangka NPA salebeting *alir nada data* SASM/Ga/14 kanthi *nada* 88,84 Hz utawi – 2,05 st (tn -2) sangandhapipun *nada* C. Saking *fonem* /m/ *alir nada* sansaya inggil ing

fonem /a/ lajeng kasigeg ing *fonem* /?/. Salajengipun *alir nada* manggihi *jeda koma*.

Alir nada saking pungkasaning *jeda koma* sansaya andhap ing *fonem* /l/ tembung [le]. *Alir nada* sansaya inggil naika mocap tembung *ngenteni*. *Nada* saking *fonem* /ŋ/ tembung [ŋəntƐni] sansaya inggil dumugi *fonem* /i/ ing pungkasaning tembung kasebat. *Alir nada* sansaya inggil nalika mocap *fonem* /k/ ing tembung [kəsuwƐn]. Salebeting tembung [kəsuwƐn], *alir nada* manggihi *nada puncak* ing *fonem* /u/ tembung kasebat. *Nada* ing *fonem* /u/ menika minangka NPI, kanthi *nada* 164,86 Hz utawi 8,66 st (tn 9) sanginggilipun *nada* C. *Alir nada* sansaya andhap ing *fonem* /w/ saha sansaya inggil ing *fonem* /Ɛ/.

Alir nada dipunpungkasi ing *fonem* /n/ tembung [kəsuwɜn] kanthi NA 123,69 Hz utawi 3,68 st (tn 4) sanginggilipun *nada* C. Ing *data* menika, NA langkung andhap tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/14 mujudaken *alir nada* sansaya andhap kanthi IN – 32,05 Hz utawi – 3,99 st.

NPA salebeting *alir nada* menika wonten ing purwakaning tembung [mba?]. Tembung [mba?] menika minangga tembung sapaan ingkang dipunpocapaken kanthi alon. Wontenipun NPA ing tembung kasebat nedahaken bilih paraga Gambir mahyakaken raos boten sekeca amargi paraga Widati anggenipun nengga kedangon, inggih awit saking menika paraga Gambir anggenipun matur alon.

Wondene NPI salebeting *alir nada* menika wonten ing tembung [kəsuwƐn]. Wontenipun NPI ing tembung kasebat nedahakaken bilih paraga Gambir mocap kanthi penekanan mligi, ancasipun kangge nyethakaken bilih paraga Gambir estu rumaos anggenipun siram kedangon. Antawisipun NPA saha NPI menika mujudaken JN 76,02 Hz utawi 10,71 st.

Saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/14 menika gadhah titikan *struktur melodik* ingkang mujudaken *alir nada* sansaya andhap. Titikan *struktur melodik*-ipun inggih menika ND 155,74 Hz utawi 7,67 st (tn 7) sanginggilipun *nada* C saha NA 123,69 Hz utawi 3,68 st (tn 4) sanginggilipun *nada* C, saengga IN-ipun – 32,05 Hz utawi – 3,99 st. Ing tengahing *alir nada* menika wonten NPA 88,84 Hz utawi – 2,05 st (tn -2) sangandhapipun *nada* C saha NPI 164,86 Hz utawi 8,66 st (tn 9) sanginggilipun *nada* C, kanthi JN 76,02 Hz utawi 10,71 st.

4) SASM/Ga/19

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil saged katingal ing *data* SASM/Ga/19. Kacariyos, paraga Gambir badhe sowan bapakipun paraga Widati. Paraga Gambir matur dhateng paraga Widati babagan rencana kasebat. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/19 kados ing ngandhap menika.

> "**Dhik, sésuk aku sowan keng bapak**. Nah ... , asmané keng bapak ki sapa?" pitakoné Gambir.

> "Nèk sangertiku asmané bapak ki Pak Puspa, ning jaréné wong-wong, bapakku ki asmané Mas Puspanala Jayèng Asmara." (SASM/Ga/19)

Data SASM/Ga/19 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (27) ing ngandhap menika.



Gambar 27. *Alir Nada Data* SASM/Ga/19

Tuturan [ḍI? sesU? aku sowan kƐŋ bapa?] ing nginggil kawiwitan kanthi ND 121,15 Hz utawi 3,32 st (tn 3) sanginggilipun *nada* C ing *fonem* /ḍ/ salebeting tembung [ḍI?]. *Alir nada* saking ND ing tembung [ḍI?] sansaya mandhap dumugi *fonem* /I/ saha *fonem* /?/ (tn 2). Salajengipun, *alir nada* manggihi *jeda koma*.

Alir nada kalajengaken kanthi *nada* ingkang rata ing *fonem* /s/ miwiti tembung [sesU?]. Nalika mocap *fonem* /e/ (tn 1) *alir nada* sansaya andhap. Ing wanda [sU?] *alir nada* sansaya inggil dumugi *fonem* [?] (tn 8). *Alir nada* dumugi *puncak nada* inggil ing *fonem* /U/ salebeting

tembung [sesU?] kanthi *nada* 160,92 Hz utawi 8,24 st (tn 8) sanginggilipun *nada* C. *Nada* ing *fonem* /U/ kasebat minangka NPI. NPI sansaya andhap dumugi *fonem* /?/ ingkang nyigeg tembung [sesU?] kalajengaken *jeda*.

Sasampunipun *jeda*, *alir nada* kalajengaken kanthi *nada* sansaya andhap ing *fonem* /a/ salebetinag tembung [aku]. *Alir nada* sansaya inggil nalika mocap wanda [ku] (tn 4), lajeng mujudaken *alir nada* ingkang inggil tembung [sowan] (tn 7). Saking *fonem* /n/ ing pungkasaning tembung [sowan] *alir nada* sansaya inggil nalika mocam *fonem* /k/ miwiti tembung [kƐŋ] (tn 2). *Alir nada* mujudaken *alir lengkung* ing tembung [bapa?]. Ing wanda [ba] *alir nada* sansaya andhap, wondene ing wanda [pa?] *alir nada* sansaya inggil. *Alir nada data* SASM/Ga/19 menika mujudaken NPA ing *fonem* /a/ wanda [ba] tembung [bapa?]. *Nada* ing *fonem* /a/ menika 83,06 Hz utawi – 3,21 st (tn -3) sangandhapipun *nada* C.

Alir nada kapungkasi ing *fonem* /?/ tembung [bapa?] kanthi NA 114,04 Hz utawi 2,28 st (tn 3) sanginggilipun *nada* C. Ing *data* menika, NA langkung andhap tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/19 mujudaken *alir nada* sansaya andhap kanthi IN – 7,11 Hz utawi – 1,04 st.

Salebeting *alir nada data* SASM/Ga/19 menika wonten NPA saha NPI. NPA salebeting *alir nada* menika wonten ing tengahing wanda kapisan tembung *bapak*. Wontenipun NPA ing tembung kasebat nedahaken bilih paraga Gambir mahyakaken raos urmat dhateng

bapakipun paraga Widati kanthi nyebat ngginakaken *nada* ingkang andhap. Wondene NPI salebeting *alir nada* menika wonten ing tembung *sesuk*. Wontenipun NPI ing tembung kasebat nedahakaken bilih paraga Gambir mocap kanthi penekanan mligi, ancasipun kangge nyethakaken bilih paraga Gambir anggenipun badhe sowan bapak menika mbenjang, sanes ing titi wanci sanesipun. Antawisipun NPA saha NPI menika mujudaken JN 77,86 Hz utawi 11,45 st.

Saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/19 menika gadhah titikan *struktur melodik* modus pawarta ingkang mujudaken *alir nada* sansaya andhap. Titikanipun inggih menika ND 121,15 Hz utawi 3,32 st (tn 3) sanginggilipun *nada* C, NA 114,04 Hz utawi 2,28 st (tn 3)sanginggilipun *nada* C, saengga IN-ipun – 7,11 Hz utawi – 1,04 st. Ing tengahing *alir nada* menika wonten NPA 83,06 Hz utawi – 3,21 st (tn 3) sangandhapipun *nada* C, NPI 160,92 Hz utawi 8,24 st (tn 8) sanginggilipun *nada* C, kanthi JN 77,86 Hz utawi 11,45 st.

Saking rerincen titikan *struktur melodik* tuturan paraga Gambir *modus* pawarta kanthi *alir nada* sansaya andhap kasebat, panaliti damel etangan rata-rata saben jinisipun titikan *struktur melodik*. *Nada* ingkang dipunginakaken dening Bapak Risang Y Sugiyana nalika maos tuturanipun paraga Gambir *modus* pawarta *alir nada* sansaya andhap kanthi : ND 149,86 Hz utawi 6,88 st (tn 7) sanginggilipun *nada* C, NA 134,85 Hz utawi 5,05 st (tn 5) sanginggilipun *nada* C, NPA 89,35 Hz utawi – 1,49 st (tn -1) sanginggilipun

nada C, saha NPI 195,82 Hz utawi 11,22 st (tn 11) sanginggilipun *nada* C. Rata-rata *struktur melodik modus* pawarta *alir nada* sansaya andhap kanthi *Interval Nada* (IN) – 15,01 Hz utawi – 1,89 st, saha *Julat Nada* (JN) 106,47 Hz utawi 12,70 st.

2. Wujud Struktur Melodik Modus Pitakon

Sami kalihan andharan *struktur melodik modus* pawarta, panaliten menika ngandharaken *struktur melodik modus* pitakon ugi kanthi ningali titikan *struktur melodik*-ipun, inggih menika ND, NA, IN, NPA, NPI, saha JN. Kanthi titikan menika, saged katingal kados pundi *alir nada* saben ukaranipun. Ing panaliten menika kapanggihaken kalih jinis *alir nada modus* pitakon, inggih menika *alir nada* sansaya inggil saha *alir nada* sansaya andhap. Ing ngandhap menika kandharaken *wujud stuktur melodik modus* pitakon *alir nada* sansaya andhap menika.

a. Modus Pitakon Alir Nada Sansaya Inggil

Ing panaliten menika kapanggihaken *struktur melodik* modus pitakon paraga Gambir kanthi *alir nada* sansaya inggil wonten 4 tuturan. Saking sedaya menika boten sami etangan titikan *struktur melodik*-ipun.

1) SASM/Ga/07

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil saged katingal ing *data* SASM/Ga/07. Kacariyos, paraga Gambir sumerep paraga Widati nembe kasusahan amargi montoripun macet. Paraga

Gambir mbiyantu paraga Widati. Paraga Gambir nyuwun idin dhateng paraga Widati kangge mbikak businipun saperlu badhe dipunresiki.

> "Inggih," wangsulané bocah wadon iku rada rikuh, "sampun kula *starter* wongsal-wangsul, malah saya boten nyuwanten mesinipun?"
>
> "Ah, sampun kuwatos. **Cobi, menawi kepareng kula bikak businipun nggih?!**" (SASM/Ga/07)

Data SASM/Ga/07 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (28) ing ngandhap menika.



Gambar 28. *Alir Nada Data* SASM/Ga/07

Tuturan [cɔbi mənawi kəparəŋ kulɔ bika? businipUn nggIh] salebeting *data* SASM/Ga/07 ing nginggil menika kawiwitan kanthi ND 130,89 Hz utawi 4,66 st (tn 5) sanginggiling *nada* C ing *fonem* /c/ salebeting tembung [cɔbi]. *Alir nada* saking *fonem* /c/ menika sansaya mandhap dumugi *fonem* /ɔ/ lajeng mindhak nalika mocap *fonem* /b/ (tn 7).

Alir nada saking *fonem* /b/ menika mandhap ing *fonem* /i/ lajeng manggihi *jeda*.

Sasampunipun *jeda*, *alir nada* kalajengaken kanthi *nada* ingkang sansaya inggil ing *fonem* /m/ wiwitaning tembung [mənawi]. Salebetipun tembung menika, *alir nada* inggil ing *fonem* /i/. *Alir nada* kalajengaken kanthi *alir* rata ing wanda [kə] (tn 7) saha [pa] (tn 11) ing tembung [kəpareŋ], saha sansaya inggil ing wanda [reŋ] (tn 13).

Saking pungkasanipun tembung [kəpareŋ], *alir nada* sansaya inggil dumugi *fonem* /k/ (tn 8) ing tembung [kulɔ]. Salebetipun tembung [kulɔ] menika *alir nada* mandhap ing *fonem* /l/ lajeng mindhak malih ing *fonem* /ɔ/. Nalika mocap *fonem* /l/ *alir nada* nedahaken NPA 81,08 Hz utawi – 3,63 st (tn -4) sangandhapipun *nada* C. Salajengipun, *alir nada* sansaya andhap dumugi *fonem* /b/ tembung [bika?]. Saking *fonem* /b/ menika *alir nada* sansaya inggil dumugi *fonem* /?/ (tn 5) ing pungkasaning tembung, kalajengaken dumugi tembung candhakipun inggih menika tembung [businipUn].

Alir nada sansaya inggil ing wanda pungkasan tembung [businipUn], puncakipun *nada* inggih menika ing *fonem* /U/ kanthi *nada* 221,24 Hz utawi 13,75 st (tn 14) sanginggilipun *nada* C. *Nada* ing *fonem* /U/ menika minangka NPI. Saking NPI *alir nada* sansaya andhap nalika mocap *fonem* /n/, saha mujudaken *alir lengkung* ing tembung salajengipun. *Alir nada* mujudaken *alir lengkung* ing tembung [ŋgIh]

kawiwitan saking *fonem* /ŋ/ saha sansaya andhap ing *fonem* /I/ lajeng sansaya inggil dumugi *fonem* /h/.

Tuturan *data* SASM/Ga/07 kapungkasi ing *fonem* /h/ tembung [ŋgIh] kanthi NA 165,66 Hz utawi 8,74 st (tn 9) sanginggilipun *nada* C. Ing *data* menika, NA langkung inggil tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/07 mujudaken *alir nada* sansaya inggil kanthi IN +34,77 Hz utawi +4,08 st.

Salebetipun *data* SASM/Ga/07 menika NPA wonten ing tembung [kulɔ]. Wontenipun NPA ing tembung kasebat amargi *fonem* konsonan /l/ menika wonten ing antawisipun *fonem vokal* /u/ kalihan /ɔ/ ingkang *nada*-nipun inggil. *Fonem konsonan* ing antawisipun *fonem vokal* boten *senada* kalihan *fonem vokal* ing saidhengipun, amargi *fonem konsonan* menika minangka *fonem tak bersuara*. Kejawi menika, pamaos maos *fonem* /l/ menika kanthi *durasi* ingkang panjang, katingal saking garis *alir nada*-nipun, saengga *nada*-nipun andhap. Inggih awit saking menika *fonem* konsonan /l/ *nada*-nipun andhap, menika boten nedahaken penekanan mligi.

Wondene NPI salebeting *data* menika wonten ing tembung [businipUn]. Wontenipun NPI ing tembung kasebat mahyakaken penekanan mligi. Paraga Gambir nedahaken intinipun tuturan kanthi penekanan ing pungkasaning tembung *businipun,* supados cetha bilih paraga Gambir menika badhe mbikak busi montoripun paraga Widhati.

NPA dumugi NPI ing *data* SASM/Ga/07 menika mujudaken JN 140,16 Hz utawi 17,38 st.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/07 menika gadhah titikan *struktur melodik modus* pitakon ingkang mujudaken *alir nada* sansaya inggil, inggih menika ND 130,89 Hz utawi 4,66 st (tn 5) sanginggilipun *nada* C, NA 165,66 Hz utawi 8,74 st (tn 9) sanginggilipun *nada* C, kanthi IN +34,77 Hz utawi +4,08 st. NPA ing *data* menika inggih menika 81,08 Hz utawi – 3,63 st (tn -4) sangandhapipun *nada* C, wondene NPI-nipun 221,24 Hz utawi 13,75 st (tn 14) sanginggilipun *nada* C, kanthi JN 140,16 Hz utawi 17,38 st.

2) SASM/Ga/15

Struktur melodik modus pitakon kanthi *alir nada* sansaya inggil ugi wonten ing data SASM/Ga/15. Kacariyos, paraga Widati tindak dhateng dalemipun paraga Gambir. Paraga Gambir boten nginten menawi paraga Widati kersa tindak mrika, kamangka paraga Widati nembe sapisan tepang kalihan paraga Gambir nalika montoripun macet ing margi. Para Gambir lajeng nyuwun pirsa dhateng paraga Widati kados pundi kala wau paraga Widati saged manggihaken dalemipun paraga Gambir. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/15 kados ing ngandhap menika.

> "Nyuwun duka lho Mbak, lé ngentèni kesuwèn," ucapé Gambir sawisé rampung adus lan nemoni tamuné, "**Njur iki mau ndandak mundhut priksa, apa langsung ketemu?**" (SASM/Ga/15)

Data SASM/Ga/15 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (29) ing ngandhap menika.



Gambar 29. *Alir Nada Data* SASM/Ga/15

Tuturan [ñjUr iki mau ndada? munḍUt pIrsɔ ɔpɔ laŋsUŋ kətəmu] data SASM/Ga/15 ing nginggil kawiwitan kanthi ND 150,24 Hz utawi 0,88 st sanginggilipun *nada* C ing *fonem* /ñ/ salebeting tembung [ñjUr]. ND sansaya mandhap dumugi *fonem* /j/ ing tembung [ñjUr] minangka NPA, inggih menika 97,78 Hz utawi -0,39 st (tn -3) sangandhapipun *nada* C. *Alir nada* sansaya inggil ing *fonem* /u/ lajeng mujudaken *alir getar* ing *fonem* /r/ (tn 5) ing pungkasaning tembung [ñjUr] kalajengaken kanthi *jeda* panjang.

Alir nada sasampunipun *jeda* panjang kalajengaken kanthi *nada* sansaya inggil ing *fonem* /i/ (tn 4) tembung [iki]. *Alir nada* sansaya inggil nalika mocap *fonem* /u/ salebetipun tembung [mau]. *Nada* ing *fonem* /u/

kasebat minangka NPI kanthi *nada* 223,54 Hz utawi 13,93 st (tn 14) sanginggilipun *nada* C.

Alir nada mujudaken *alir* sansaya inggil ing tembung [ndadak] (tn 1) saha (tn 6) kalajengaken *alir* sansaya andhap ing tembung *mundhut* (tn 4). Saking *fonem* /t/ pungkasaning tembung [munḍUt] kalajengaken *fonem* /p/ purwakaning tembung [pIrsɔ]. Nalika mocap tembung [pIrsɔ], *alir nada* sansaya inggil saking *fonem* /p/ dumugi *fonem* /ɔ/ (tn 12). *Fonem* /ɔ/ ing pungkasaning tembung menika mujadken *alir lengkung* sansaya andhap kalajengaken *jeda*.

Sasampunipun *jeda*, *alir nada* kalajengaken kanthi *nada* sansaya andhap ing *fonem* /ɔ/ (tn 5) miwiti tembung [ɔpɔ]. Ing wanda [pɔ] tembung [ɔpɔ] menika *alir nada* sansaya inggil. *Alir nada* kalajengaken kanthi *alir nada* sansaya inggil ing tembung [laŋsuŋ]. *Alir nada* sansaya andhap ing tembung [kətəmu].

Alir nada kapungkasi ing *fonem* /u/ tembung [kətəmu] kanthi NA 165,15 Hz utawi 6,68 st (tn 7) sanginggilipun *nada* C. Ing *data* menika, NA langkung inggil tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/15 mujudaken *alir nada* sansaya inggil kanthi IN +14,91 Hz utawi +7,80 st.

NPA ing *data* menika wonten ing tembung [ñjUr]. Wontenipun NPA ing tembung menika boten nedahaken penekanan mligi. *Nada* andhap ing tembung [ñjUr] menika nedahaken bilih paraga Gambir radi

bingung kados pundi paraga Widati saged manggihaken dalemipun. Menika ugi katitik saking *jeda* panjang sasampunipun tembung [ñjUr].

Wondene NPI ing *data* menika wonten ing tembung [mau]. Wontenipun NPI ing tembung menika nedahaken *penekanan* mligi. Paraga Gambir penasaran kados pundi kala wau paraga Widati manggihaken dalemipun. NPA dumugi NPI ing *data* menika mujudaken JN 125,76 Hz utawi 14,32 st.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/15 menika mujudaken *modus* pitakon kanthi *alir nada* sansaya inggil. Menika katitik saking titikan *struktur melodik-ipun*, inggih menika ND 150,24 Hz utawi 0,88 st (tn 1) sanginggiling *nada* C, NA 165,14 Hz utawi 6,68 st (tn 7) sanginggilipun *nada* C, kanthi IN +14,91 Hz utawi +7,80 st. Ing tengahing *alir nada* menika wonten NPA 97,78 Hz utawi -0,39 st (tn 0) sangandhapipun *nada* C, NPI 223,54 Hz utawi 13,39 st (tn 13) sanginggilipun *nada* C, kanthi JN 125,76 Hz utawi 14,32 st.

3) SASM/Ga/18

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil saged katingal ing *data* SASM/Ga/18. Kacariyos, paraga Widati nggodha paraga Gambir. Nalika paraga Gambir atur panuwun dhateng paraga Widati awit saking kerawuhanipun, paraga Widati nanggapi kanthi mesem sinambi matur bilih sedaya menika boten cekap menawi namung matur nuwun. Mireng pocapanipun paraga Widati menika paraga Gambir

bingung saha lingsem. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/18 kados ing ngandhap menika.

> "É ... , ya ora cukup matur nuwun," sauré Widati karo mèsem.
>
> "**Wadhuh, njur piyé...?**" Gambir kentèkan ukara jawab, isané mung ngguyu lirih, lan banjur nyawang Widati. Mangka Widati uga lagi nyawang Gambir. Sakaroné dadi 'pyur' tempuk pandulu.
>
> (SASM/Ga/18)

Data SASM/Ga/18 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (30) ing ngandhap menika.



Gambar 30. *Alir Nada Data* SASM/Ga/18

Tuturan [waḍUh ñjUr piye] ing *data* SASM/Ga/18 menika kawiwitan kanthi ND 106,60 Hz utawi 1,11 st (tn 1) sanginggilipun *nada* C ing *fonem* /w/ tembung [waḍUh]. *Alir nada* saking *fonem* /w/ menika sansaya andhap ing *fonem* /a/. *Nada* ing *fonem* /a/ menika minangka NPA

kanthi *nada* 103,76 Hz utawi 0,4 st (tn 0) sanginggilipun *nada* C. Salajengipun, *alir nada* manggihi *jeda* ingkang misahaken wanda [wa] kalihan wanda [ḍUh]. Nalika mocap *fonem* /ḍ/ ing tembung [waḍUh] menika mujudaken *alir nada* ingkang sansaya inggil.

Alir nada sansaya inggil dumugi *fonem* /U/ (tn 19) lajeng mandhap ing *fonem* /h/ (tn 7). *Alir nada* manggihi *jeda* panjang ingkang misahaken tembung [waḍUh] kalihan tembung candhakipun. *Jeda* menika minangka *jeda koma*. *Alir nada* sansaya andhap nalika mocap *fonem* /ñ/ (tn 2) ing purwakaning tembung [ñjUr]. Salajengipun *alir nada* sansaya inggil dumugi *fonem* /r/ (tn 5). *Alir nada* mujudaken lengkung inggil nalika mocap wanda [pi] ing tembung [piye]. Saking *fonem* /i/ (tn 11) *alir nada* sansaya inggil saha manggihi *puncak nada* ing *fonem* /e/ salebeting tembung [piye].

Nada ing *fonem* /e/ menika mujudaken *alir nada* sansaya andhap, kawiwitan kanthi *nada* inggil ing purwakaning *fonem* dumugi ing *nada* sansaya andhap ing pungkasaning *fonem*. *Nada* inggil ing *fonem* /e/ menika minangka NPI kanthi *nada* 347,96 Hz utawi 21,59 st (tn 21) sanginggilipun *nada* C. Wondene *nada* ing pungkasaning *fonem* /e/ menika minangka NA kanthi *nada* 278,59 Hz utawi 17,74 st (tn 18) sanginggilipun *nada* C. Ing *data* menika, NA langkung inggil tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/18 mujudaken *alir nada* sansaya inggil kanthi IN +171,99 Hz utawi +16,63 st.

NPA saha NPI ing *data* menika wonten ing satunggal *fonem*, inggih menika *fonem* /e/ ing pungkasaning tuturan. Menika mahyakaken *penekanan* mligi ing tembung [piye]. Saged dipunmangertosi bilih Gambir rumaos bingung kedah nindakaken menapa. NPA saha NPI ing *data* menika mujudaken JN 244,20 Hz utawi 20,95 st sanginggilipun *nada* C.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/18 menika gadhah titikan *struktur melodik* ingkang mujudaken *alir nada* sansaya inggil, inggih menika ND 106,60 Hz utawi 1,11 st (tn 1) sanginggilipun *nada* C, NA 278,59 Hz utawi 17,74 st (tn 18) sanginggilipun *nada* C, kanthi IN 171,99 Hz utawi 16,63 st. Salebeting *data* menika ugi wonten NPA kanthi *nada* 103,76 Hz utawi 0,4 st (tn 0) sanginggilipun *nada* C saha NPI 347,96 Hz utawi 21,59 st (tn 21) sanginggilipun *nada* C, menika mujudaken JN 244,20 Hz utawi 20,95 st.

4) SASM/Ga/20

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil ugi saged katingal ing *data* SASM/Ga/20. Kacariyos, paraga Gambir badhe sowan bapakipun paraga Widati. Paraga Gambir matur dhateng paraga Widati babagan rencana kasebat. Paraga Gambir derang ngertos sinten bapakipun paraga Widati, inggih awit saking menika paraga Gambir nyuwun pirsa asmanipun keng bapak. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/20 ing ngandhap menika.

> "Dhik, sésuk aku sowan keng bapak. **Nah..., asmané keng bapak ki sapa?**" pitakoné Gambir.
>
> "Nèk sangertiku asmané bapak ki Pak Puspa, ning jaréné wong-wong, bapakku ki asmané Mas Puspanala Jayèng Asmara." (SASM/Ga/20)

Data SASM/Ga/20 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 31. *Alir Nada Data* SASM/Ga/20

Tuturan [nah asmane kɜng bapa? ki sɔpɔ] ing *data* SASM/Ga/20 menika kawiwitan kanthi ND 84,09 Hz utawi -3,00 st (tn -3) ing *fonem* /n/ salebeting tembung [nah]. *Alir nada* saking ND sansaya inggil dumugi *fonem* /h/ (tn -2). ND menika ugi minangka NPA. Salajengipun, mindhak nalika mocap tembung *asmane. Alir nada* ing tembung menika sansaya andhap ing *fonem* /s/ (tn 1) lajeng mindhak nalika mocap *fonem* /m/. *Alir nada* sansaya mindhak dumugi NPI ing *fonem* /e/ ing pungkasanipun

tembung [asmane]. *Nada* ing *fonem* /e/ menika minangka NPI kanthi *nada* 186,27 Hz utawi 10,77 st (tn 11) sanginggilipun *nada* C.

Salajengipun, *alir nada* sansaya mandhap dumugi ing *fonem* /k/ (tn 1). *Alir nada* mujudaken *alir* rata nalika mocap [kƐŋ bapa?], lajeng radi mindhak ing *fonem* /k/ (tn 4) tembung [ki]. *Alir nada* damel *lengkung* mandhap ing tembung [sapa] kawiwitan kanthi *nada fonem* /s/ ingkang mandhap dumugi *fonem* /ɔ/ lajeng radi inggil ing *fonem* /p/ saha mandhap malih ing *fonem* /ɔ/ pungkasaning tembung.

Nada ing *fonem* /ɔ/$^{(2)}$ ing pungkasaning tembung [sɔpɔ] menika minangka NA kanthi nada 92,19 Hz utawi – 1,14 st (tn -1) sangandhapipun *nada* C. Ing *data* menika, NA langkung inggil tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/20 mujudaken *alir nada* sansaya inggil kanthi IN +8,10 Hz utawi +1,86 st.

NPA ing *data* menika wonten ing tembung [nah] ing purwakaning tuturan. Wontenipun NPA ing tembung menika boten nedahaken *penekanan* mligi. Wondene NPI ing *data* menika wonten ing tembung [asmane]. Wontenipun NPI ing tembung menika nedahaken *penekanan* mligi. Paraga Gambir nyethakaken bilih paraga Gambir estu nyuwun pirsa asmanipun bapakipun paraga Widati saperlu badhe sowan. NPA dumugi NPI ing *data* menika mujudaken JN 102,18 Hz utawi 13,77 st.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/20 menika mujudaken *modus* pitakon kanthi *alir nada* sansaya inggil. Menika katitik saking titikan *struktur melodik-ipun*, inggih menika

ND 84,09 Hz utawi – 3,00 st (tn -3) sangandhapipun *nada* C, NA 92,19 Hz utawi – 1,14 st (tn -1) sangandhapipun *nada* C, kanthi IN +8,10 Hz utawi +1,86 st. Ing *data* menika ugi wonten NPA kanthi *nada* 84,09 Hz utawi -3,00 st (tn -3) sangandhapipun *nada* C, saha NPI 186,27 Hz utawi 10,77 st (tn 11) sanginggilipun *nada* C, saengga mujudaken JN 102,18 Hz utawi 13,77 st.

Saking rerincen titikan *struktur melodik* tuturan paraga Gambir *modus* pitakon kanthi *alir nada* sansaya inggil kasebat, panaliti damel etangan rata-rata saben jinisipun titikan *struktur melodik*. *Nada* ingkang dipunginakaken dening Bapak Risang Y Sugiyana inggil menika gadhah titikan : ND 117,96 Hz utawi 0,91 st (tn 1) sanginggilipun *nada* C, NA 175,40 Hz utawi 8,51 st (tn 9) sanginggilipun *nada* C, NPA 91,68 Hz utawi – 1,59 st (tn -2) sangandhapipun *nada* C, saha NPI 244,75 Hz utawi 15,01 st (tn 15) sanginggilipun *nada* C. Saking rerincen menika, rata-rata *struktur melodik modus* pawarta *alir nada* sansaya andhap kanthi *Interval Nada* (IN) +57,44 Hz utawi +7,59 st, saha *Julat Nada* (JN) 153,075 Hz utawi 16,61 st.

b. *Modus* Pitakon *Alir Nada* Sansaya Andhap

Ing panaliten menika kapanggihaken *struktur melodik modus* pitakon tuturan paraga Gambir kanthi *alir nada* sansaya andhap wonten 4 tuturan. Saking sedaya menika boten sami etangan titikan *struktur melodik*-ipun. Wondene andharanipun kados ing ngandhap menika.

1) SASM/Ga/02

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya andhap saged katingal ing *data* SASM/Ga/02. Kacariyos bilih paraga Gambir rumaos bodho amargi saben pamanggihipun mesthi beda kalihan pamanggihipun tiyang sanes. Nalika nembe mawon kepanggih kalihan paraga Gembor ingkang kampanye calon lurah, paraga Gambir ngraita nyumerepi peksi emprit. Para Gambir mbatin menapa peksi emprit menika ugi urip bala-balanan anggenipun milih pemimpin kados manungsa. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/02 ing ngandhap menika.

> "**Nèk, emprit-emprit kaé lé dha milih penggedhé apa bala-balanan?**" batiné Gambir tuwuh pitakon. Gambir ngrumangsani bodho. Buktiné, sasat kabèh sing ana pikirané, ora jumbuh karo penemuné wong-wong ing kiwa tengené. (SASM/Ga/02)

Data SASM/Ga/02 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (32) ing ngandhap menika.



Gambar 32. *Alir Nada Data* SASM/Ga/02

Tuturan [nƐ? əmprIt əmprIt kae le ḍɔ milIh pəŋgəḍe ɔpɔ bɔlɔ-bɔlɔnan] ing *data* SASM/Ga/02 menika kawiwitan kanthi ND 144,19 Hz utawi 6,34 st (tn 6) sanginggilipun *nada* C ing *fonem* /n/ salebeting tembung [nƐ?]. *Alir nada* saking *fonem* /n/ menika sansaya mandhap dumugi *fonem* /?/ ing pungkasaning tembung [nƐ?]. Salajengipun, *alir nada* mindhak nalika mocap *fonem* /ə/ ing tembung [əmprIt] (tn 6) mindhak (tn 7).

Alir nada ing tembung [əmprIt-əmprit] mujudaken *alir nada* ingkang boten sami ing saben tembungipun. Ing tembung [əmprIt](1) *alir nada* mandhap saking *fonem* /ə/ tumuju *fonem* /m/ , salajengipun mindhak saking *fonem* /p/ ngantos *fonem* /t/. Wondene ing tembung [əmprIt](2) *alir nada* sansaya inggil saking *fonem* /ə/ tumuju *fonem* /m/ salajengipun mandhap saking *fonem* /p/ ngantos *fonem* /t/.

Alir nada sansaya mindhak nalika mocap *fonem* /k/ ing tembung [kae]. *Nada* saking *fonem* /k/ sansaya inggil dumugi *puncak nada* ing pungkasaning tembung [kae]. *Nada* ing *fonem* /e/ pungkasaning tembung [kae] menika minangka NPI kanthi *nada* 186,96 Hz utawi 10,85 st (tn 11) sanginggilipun *nada* C.

Alir nada saking *fonem* /e/ minangka NPI sansaya mandhap dumugi *fonem* /l/ ing tembung [le]. Tembung [le] menika gadhah *alir nada* sansaya inggil saking *fonem* /l/ dumugi *fonem* /e/. *Alir nada* kalajengaken kanthi *alir rata* ing tembung [ḍɔ milIh]. Ing pungkasaning tembung

[milIh] menika *alir nada* radi inggil lajeng mandhap nalika mocap *fonem* /p/ tembung [pəŋgəḍe]. Salajengipun, *alir nada* manggihi *jeda*.

Alir nada kalajengaken kanthi *alir lengkung* mandhap ing tembung [ɔpɔ] minangka tembung pitakon. *Nada* ing *fonem* /ɔ/ purwakaning tembung [ɔpɔ] menika mandhap dumugi *fonem* /p/ lajeng sansaya inggil ing *fonem* /ɔ/ pungkasaning tembung [ɔpɔ]. Salajengipun, *alir nada* mujudaken *alir rata* nalika mocap tembung *bala-balanan*, ananging ing wanda pungkasaning tembung kasebat *alir nada* mujudaken lengkung inggil.

Nada ing wanda [nan] pungkasaning tembung [bɔlɔ-bɔlɔnan] menika sansaya inggil saking *fonem* /n/ dumugi *fonem* /a/ lajeng mandhap dumugi *fonem* /n/ ingkang pungkasan. *Nada* ing *fonem* /n/ ingkang pungkasan menika minangka NA saha NPA kanthi *nada* 76,07 Hz utawi – 4,47 st (tn -4) sangandhapipun *nada* C. Ing *data* menika, NA langkung andhap tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/02 mujudaken *alir nada* sansaya andhap kanthi IN – 68,12 Hz utawi – 11,08 st.

Salebeting *alir nada data* SASM/Ga/02 menika wonten NPA saha NPI. NPA salebeting *alir nada* menika wonten ing *fonem* pungkasaning tuturan. Wontenipun NPA ing pungkasaning tuturan menika boten nedahaken *penekanan* mligi. NPA ing *data* menika minangka peranganing *alir lengkung tanya*.

Wondene NPI salebeting *alir nada* menika wonten ing *fonem* /e/ tembung [kae]. Wontenipun NPI ing tembung kasebat nedahakaken bilih paraga Gambir mocap kanthi *penekanan* mligi. Saged dipunmangertosi bilih paraga Gambir nyethakaken menapa ingkang dipunkajengaken ing ukaranipun, inggih menika paraga Gambir nyebat emprit-emprit kanthi *penekanan* ing tembung *kae* ingkang nuju ing peksi emprit ingkang kala wau sami unjal damel susuh. Antawisipun NPA saha NPI menika mujudaken JN 110,00 Hz utawi 15,59 st.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/02 menika mujudaken tuturan *modus* pitakon kanthi *alir nada* sansaya andhap. Wujud *alir nada* sansaya andhap menika saged katingal saking titikan *struktur melodik*-ipun. Wondene titikan *struktur melodik*-ipun inggih menika ND 144,19 Hz utawi 6,34 st (tn 6) sanginggilipun *nada* C saha kapungkasi NA 76,07 Hz utawi – 4,47 st (tn -4) sangandhapipun *nada* C, kanthi IN – 68,12 Hz utawi – 11,08 st. *Alir nada* menika gadhah NPA ingkang sami kalihan NA, inggih menika 76,07 Hz utawi – 4,47 st (tn -4) sangandhapipun *nada* C, saha NPI 186,96 Hz utawi 10,85 st (tn 11) sanginggilipun *nada* C, menika mujudaken JN 110 Hz utawi 15,59 st.

2) SASM/Ga/03

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil saged katingal ing *data* SASM/Ga/03. Kacariyos ing *data* menika paraga

Gambir nembe wicanten kalihan paraga Sentul. Paraga Sentul kasebat nembe nyuluh kodhok ing sabin, menika katindakaken dening paraga Sentul saben dalu. Sumerep makaten, paraga Gambir nyelaki paraga Sentul saperlu ngemutaken paraga Sentul menawi tumindakipun saged damel kodhok-kodhok ing sabin cures. Paraga Gambir ngemutaken makaten kanthi ukara pitakon. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/03 wonten ing ngandhap menika.

> Gambir ngrumangsani bodho. Buktiné, sasat kabèh sing ana pikirané, ora jumbuh karo penemuné wong-wong ing kiwa tengené. Upamané, omong-omong perkara kodhok ijo karo Sentul tangga kulon omah, nèk dituruti klakon selaya.
> "**Tul, nèk kodhok-kodhok kuwi mbok suluh saben bengi, apa ya ra cures?** Mbok nangkarké." (SASM/Ga/03)

Data SASM/Ga/03 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (33) ing ngandhap menika.



Gambar 33. *Alir Nada Data* SASM/Ga/02

Ing *data* SASM/Ga/03 menika, tuturan [tUl nƐ? kɔḍɔ? kɔḍɔ? kuwi mbɔ? sulUh sabən bəŋi ɔpɔ yɔ ra curəs] kawiwitan kanthi ND 192,12 Hz utawi 11,30 st sanginggilipun *nada* C ing *fonem* /t/ salebeting tembung [tUl]. *Alir nada* saking *fonem* /t/ menika sansaya inggil ing *fonem* /U/ lajeng mandhap dumugi *fonem* /l/. *Nada* ing *fonem* /l/ tembung [tUl] menika minangka NPA kanthi *nada* 93,43 Hz utawi – 1,18 st (tn -1) sangandhapipun *nada* C. NPA menika dumunung ing pungkasaning tembung [tUl] dipunlajengaken *jeda koma*.

Salajengipun, *alir nada* mindhak nalika mocap [nƐ?] saking *fonem* /n/ ngantos *fonem* /?/. *Alir nada* mujudaken *alir* zigzag nalika mocap tembung *kodhok-kodhok. Alir nada* mujudaken *nada* inggil ing *fonem* /ɔ/ ingkang pungkasan salebeting tembung [kɔḍɔ?][(1)] menapa dene [kɔḍɔ?][(2)] . Kejawi menika, *alir* sigzag menika kalajengaken nalika mocap *fonem* /ɔ/ ing tembung [mbɔ?]. Menika nedahaken penekanan mligi ing tembung-tembung kasebat. Saking tigang tembung menika tembung ingkang ngemot NPI inggih menika tembung [kɔḍɔ?][(2)], inggih menika 527,12 Hz utawi 30,46 st (tn 30) sanginggilipun *nada* C.

Alir nada sansaya mandhap nalika mocap tembung [kuwi], lajeng mindhak ing penekanan tembung [mbɔ?]. *Alir nada* damel *alir* ingkang rata nalika ngucap tembung [sulUh] saha [sabən]. Salajengipun ing tembung [bəŋi] *alir nada* manggihi jeda. *Jeda* menika misahaken tembung [bəŋi] kalihan tembung candhakipun inggih menika [ɔpɔ]. Tembung [ɔpɔ] menika minangka tembung pitakon. *Alir nada* kalajengan kanthi lengkung

inggil ing tembung [ɔpɔ] kasebat. *Alir nada* sansaya mandhap nalika mocap tembung [yɔ] saha damel lengkung ing frase [ra curəs]. *Alir nada* dipungkasi kanthi NA 116,97 Hz utawi 2,71 st (tn 3) ing *fonem* /s/. Ing *data* menika, NA langkung andhap tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/03 mujudaken *alir nada* sansaya andhap kanthi IN – 75,15 Hz utawi – 8,59 st.

NPA ing *data* menika wonten ing pungkasaning tembung *Tul.* Tembung menika minangka tembung sapaan ingkang kalajengaken jeda koma. Wontenipun NPA ing tembung menika boten nedahaken penekanan mligi. Wondene NPI ing *data* menika wonten ing tembung [kɔḍɔ?]$^{(2)}$. Wontenipun NPI ing tembung menika nedahaken *penekanan* mligi. Paraga Gambir ngambali tembung menika kangge nedahaken bilih kodhok ingkang wonten ing sabin menika kathah. Kejawi menika, *nada* ing tembung [kɔḍɔ?]$^{(2)}$ menika langkung inggil tinimbang *nada* ing tembung [kɔḍɔ?]$^{(1)}$. NPA dumugi NPI ing *data* menika mujudaken JN 433,69 Hz utawi 31,64 st sanginggilipun *nada* C.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/03 menika mujudaken *modus* pitakon kanthi *alir nada* sansaya andhap. Menika katitik saking titikan *struktur melodik-ipun*, inggih menika ND 192,12 Hz utawi 11,30 st sanginggiling *nada* C, NA 116,97 Hz utawi 2,71 st (tn 3) sanginggilipun *nada* C, kanthi IN – 75,15 Hz utawi – 8,95 st. Ing tengahing *alir nada* menika wonten NPA 93,43 Hz utawi – 1,18 st (tn -1) sangandhapipun *nada* C, saha NPI 527,12 Hz utawi 30,46

st (tn 30) sanginggilipun *nada* C, saengga mujudaken JN 433,69 Hz utawi 31,64 st.

3) SASM/Ga/05

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil saged katingal ing *data* SASM/Ga/05. Salebeting *data* menika kacariyos bilih paraga Gambir nyelaki paraga Widati ingkang nembe susah amargi montoripun macet. Paraga Gambir nyuwun pirsa kangge nakyenaken menapa montoripun paraga Widati macet. Paraga Gambir nuwun pirsa makaten kanthi ancas badhe mbiyantu. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/05 wonten ing ngandhap menika.

> "**E..., nuwun sèwu, menapa montoripun macet?**" pitakoné Gambir, sawisé mudhun saka sepédha onthèlé.
> "Inggih," wangsulané bocah wadon iku rada rikuh, "sampun kula *starter* wongsal-wangsul, malah saya boten nyuwanten mesinipun?" (SASM/Ga/05)

Data SASM/Ga/05 menika kaolah ngginakaken software Praat saengga ngasilaken spectograf saha *alir nada* kados gambar (34) ing ngandhap menika.



Gambar 34. *Alir Nada Data* SASM/Ga/05

Saking *data* SASM/Ga/05 ing nginggil, tuturan [ə nuwUn sƐwu mənɔpɔ mɔntɔripUn macət] menika kawiwitan kanthi *fonem* /ə/. *Nada* ing *fonem* /ə/ menika minangka ND kanthi *nada* 139,49 Hz utawi 5,76 st (tn 6) sanginggilipun *nada* C. *Alir nada fonem* /ə/ gadhah durasi ingkang panjang, ing pungkasaning *fonem* menika *alir nada*nipun sansaya inggil dumugi 540, 28 Hz utawi 29,20 st (tn 29) sanginggilipun *nada* C. *Nada* inggil ing pungkasaning *fonem* /ə/ menika minangka NPI salabeting *alir nada data* SASM/Ga/05.

Alir nada data SASM/Ga/05 rata saking tembung [nuwUn] dumugi tembung [mɔntɔripUn]. Ing pungkasaning ukara, *alir nada* mujudaken *alir lengkung* mandhap ing tembung [macət]. Tembung

[macət] menika ngemot *nada* andhap ing wanda pungkasan utawi wanda [cət], inggih menika 90,46 Hz utawi – 1,74 st (tn -2) sangandhapipun *nada* C ing *fonem* /t/. *Nada* ing *fonem* /t/ menika minangka NPA ugi minangka NA. Ing data menika, NA langkung andhap tinimbang ND, saengga mujudaken IN – 49,03 Hz utawi – 7,50 st.

NPA ing *data* SASM/Ga/05 menika wonten ing pungkasaning tuturan, inggih menika ing tembung [macət]. Wontenipun NPA ing pungkasaning tuturan menika boten nedahaken *penekanan* mligi. NPA ing *data* menika minangka peranganing *alir lengkung tanya*.

Wondene NPI ing *data* menika wonten ing pungkasaning *fonem* purwakaning tuturan. Turuan ing *data* menika kawiwitan kanthi *fonem* /ə/. *Fonem* /ə/ menika mujudaken durasi panjang. Ing pungkasaning *alir nada* salebeting *fonem* /ə/ kasebat, *alir nada* sansaya inggil. Wontenipun NPI ing *fonem* kasebat menika nedahaken *penekanan* mligi. Paraga Gambir dereng tepang kalihan paraga Widati, saengga anggenipun sapa aruh tasih mangu-mangu badhe nimbali kanthi sebatan menapa. NPA dumugi NPI ing *data* menika mujudaken JN 449,82 Hz utawi 30,94 st sanginggilipun *nada* C.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/05 menika mujudaken *modus* pitakon kanthi *alir nada* sansaya andhap. Menika katitik saking titikan *struktur melodik-ipun*, inggih menika ND 139,49 Hz utawi 5,76 st (tn 6) sanginggiling *nada* C, NA 90,46 Hz utawi – 1,74 st (tn -2) sanandhapipun *nada* C, kanthi IN – 49,03

Hz utawi – 7,50 st. Ing tengahing *alir nada* menika wonten NPA ingkang sami kalihan NA inggih menika 90,46 Hz utawi – 1,74 st (tn -2(sangandhapipun *nada* C, saha NPI 540,28 Hz utawi 29,20 st (tn 29) sanginggilipun *nada* C, saengga mujudaken JN 449,82 Hz utawi 30,94 st.

4) SASM/Ga/08

Struktur melodik modus pawarta kanthi alir nada sansaya inggil saged katingal ing data SASM/Ga/08. Kacariyos bilih paraga Gambir nembe mbiyantu paraga Widati kanthi ngresiki busi supados montoripun saged gesang malih. Nalika nembe ngresiki busi montor, paraga Gambir miwiti wicantenan kalihan paraga Widati kanthi nyuwun pirsa nakyenaken menapa paraga Wigati saking blanja, sinambi mbiyantu ngresiki busi montor. Wondene pethikan data SASM/Ga/08 wonten ing ngandhap menika.

> "**Saking blanja nggih Mbak?**", ulas-ulasé Gambir tetakon.
>
> "Namung sekedhik kok. Dipunutus ibu kanggé kabetahan wingking, tur menawi badhé kathah nggih boten saged, awit artanipun nggih sampun telas." Saentèké gunem bocah wadon mau ngguyu, nélakaké kahanan cumpéné dhuwit. (SASM/Ga/08)

Data SASM/Ga/08 menika kaolah ngginakaken software Praat saengga ngasilaken spectograf saha alir nada kados gambar (35) ing ngandhap menika.



Gambar 35. *Alir Nada Data* SASM/Ga/08

Salebeting *data* SASM/Ga/08 menika, tuturan [sakIŋ blɔñjɔ ŋgIh mba?] kawiwitan saking *fonem* /s/ tembung [sakIŋ] kanthi ND 144,01 Hz utawi 6,31 st (tn 6) sanginggilipun nada C. *Alir nada* saking fonem /s/ mujudaken *alir rata* dumugi purwakaning *fonem* /a/ lajeng *alir* mandhap dumugi *fonem* /k/. Saking *fonem* /k/ alir nada mujudaken *alir* rata nalika mocap wanda [king].

Alir nada sansaya andhap nalika mocap *fonem* /b/ tembung [blɔñjɔ] saha damel *alir lengkung* andhap ing wanda [blɔ]. Salajengipun, *alir nada* sansaya inggil nalika mocap wanda [ñjɔ]. *Nada* saking *fonem* /ñ/ sansaya inggih dumugi *fonem* /ɔ/ ingkang pungkasan ing tembung [blɔñjɔ]. *Nada* ing *fonem* /ɔ/ menika minangka NPI kanthi *nada* 210,63 Hz utawi 12,90 st (tn 13) sanginggilipun *nada* C.

Fonem /ɔ/ kalajengaken *fonem* /ŋ/. *Nada* saking *fonem* /ŋ/ menika sansaya andhap dumugi *fonem* /?/ ing tembung [mba?]. *Nada* ing *fonem* /?/ menika minangka NPA kanthi *nada* 79,14 Hz utawi – 4,05 st (tn -4) sangandhapipun *nada* C. NPA menika ugi minangka NA. Ing *data* menika, NA langkung andhap tinimbang ND. Menika nedahaken bilih *data* SASM/Ga/08 menika mujudaken *alir nada* sansaya andhap kanthi IN – 64,87 Hz utawi – 10,36 st.

NPA ing *data* SASM/Ga/08 menika wonten ing pungkasaning tuturan, inggih menika ing tembung [mba?]. Wontenipun NPA ing pungkasaning tuturan menika boten nedahaken *penekanan* mligi. NPA ing *data* menika minangka peranganing *alir lengkung tanya*.

Wondene NPI ing *data* menika wonten ing *fonem* /ɔ/$^{(2)}$ tembung [blɔnjɔ]. Wontenipun NPI ing *fonem* kasebat menika nedahaken *penekanan* mligi. Paraga Gambir nakyenaken paraga Widati saking blanja. NPA dumugi NPI ing *data* menika mujudaken JN 131,49 Hz utawi 16,95 st sanginggilipun *nada* C.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/08 menika mujudaken *modus* pitakon kanthi *alir nada* sansaya andhap. Menika katitik saking titikan *struktur melodik-ipun*, inggih menika ND 144,01 Hz utawi 6,31 st sanginggiling *nada* C, NA 79,14 Hz utawi – 4,05 st (tn -4) sangandhapipun *nada* C, kanthi IN – 64,87 Hz utawi – 10,36 st. Ing *alir nada* menika wonten NPA ingkang sami kalihan NA, inggih menika 79,14 Hz utawi – 4,05 st (tn -4) sangandhapipun *nada* C,

saha NPI 210,63 Hz utawi 12,90 st (tn 13) sanginggilipun *nada* C, saengga mujudaken JN 131,49 Hz utawi 16,95 st.

Saking rerincen titikan *struktur melodik* tuturan paraga Gambir *modus* pitakon kanthi *alir nada* sansaya andhap kasebat, panaliti damel etangan rata-rata saben jinisipun titikan *struktur melodik*. *Nada* ingkang dipunginakaken dening Bapak Risang Y Sugiyana nalika maos tuturanipun paraga Gambir *modus* pitakon *alir nada* sansaya andhap menika gadhah titikan : ND 154,95 Hz utawi 7,43 st (tn 7) sanginggilipun *nada* C, NA 90,66 Hz utawi – 1,96 st (tn -2) sanginggilipun *nada* C, NPA 84,99 Hz utawi – 2,93 st (tn -3) sangandhapipun *nada* C, saha NPI 366,25 Hz utawi 20,85 st (tn 21) sanginggilipun *nada* C. Saking rerincen menika, rata-rata *struktur melodik modus* pitakon *alir nada* sansaya andhap kanthi *Interval Nada* (IN) – 64,29 Hz utawi – 9,38 st, saha *Julat Nada* (JN) 281,25 Hz utawi 23,78 st.

3. Wujud *Struktur Melodik Modus* Pakon

Sami kalihan andharan *struktur melodik modus* pawarta saha *modus* pitakon, andharan babagan wujud struktur melodik modus pakon ugi kanthi ningali titikan *struktur melodik*-ipun, inggih menika ND, NA, IN, NPA, NPI, saha JN. Kanthi titikan menika, saged katingal kados pundi *alir nada* saben ukaranipun. Ing panaliten menika ugi kapanggihaken kalih jinis *alir nada modus* pakon, inggih menika *alir nada* sansaya inggil saha *alir nada* sansaya andhap. Ing

ngandhap menika kandharaken *wujud stuktur melodik modus* pitakon *alir nada* sansaya andhap.

a. *Struktur Melodik Modus* Pakon *Alir Nada* Sansaya Inggil

Ing panaliten menika kapanggihaken *struktur melodik modus* pakon tuturan paraga Gambir kanthi *alir nada* sansaya inggil wonten 1 tuturan, inggih menika ing *data* SASM/Ga/04. Kacariyos, paraga Gambir suka pamrayogi dhateng paraga Sentul supados nangkaraken kodhok.

> "Tul, nèk kodhok-kodhok kuwi mbok suluh saben bengi, apa ya ra cures? **Mbok nangkarké!**"
> "Wuuih ... , wih wih wih, malah kon rekasa nangkarké. Kodhok-kodhok sing ora kecekel, sing nang sawah, isih akèh. Ha ... ha ... harak ya dha nak-premanak ?! Dadi ora bakal entèk. Tturrr menèh apa ppperrrrdulimu? Wong ya dudu duwèkmu." (SASM/Ga/04)

Data SASM/Ga/04 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar (36) ing ngandhap menika.



Gambar 36. *Alir Nada Data* SASM/Ga/04

Saking *data* SASM/Ga/04 ing nginggil, tuturan [mbɔ? naŋkarke] menika kawiwitan kanthi ND 127,43 Hz utawi 4,20 st sanginggilipun *nada* C ing *fonem* /m/ salebeting tembung [mbɔ?]. *Alir nada* saking *fonem* /m/ menika sansaya mandhap ing *fonem* /b/, saha mujudaken *nada* inggil ing *fonem* /ɔ/ lan /?/. *Nada* andhap ing *fonem* /b/ menika minangka NPA kanthi *nada* 124,11 Hz utawi 3,74 st (tn 4) sanginggilipun *nada* C. Wondene *nada* inggil ing *fonem* /ɔ/ menika minangka NPI kanthi *nada* 537,56 Hz utawi 29,12 st (tn 29) sangingilipun *nada* C.

Ing tembung salajengipun, *alir nada* mandhap nalika mocap *fonem* /n/ ing tembung [naŋkarke]. *Alir nada* mujudaken *alir* sansaya inggil ing wanda [naŋ] saha sansaya andhap ing wanda [kar] kalajengaken *fonem* /r/. *Alir getar fonem* /r/ sansaya inggil dumugi *fonem* /k/ ing wanda [ke]. Ing wanda [ke] *alir nada* sansaya andhap ngantos manggihi NA ing pungkasaning *fonem* /e/. *Nada* ing pungkasaning *fonem* /e/ menika 157,84 Hz utawi 7,9 st (tn 8) sanginggilipun nada C. NA ing data menika langkung inggil tinimbang ND. Inggih awit saking menika mujudaken IN +30,41 Hz utawi +3,7 st.

NPA ing *data* SASM/Ga/04 menika wonten ing *fonem* /b/ tembung [mbɔ?]. Wontenipun NPA ing tembung menika dipunlajengaken kanthi NPI ing *fonem* /ɔ/. Ateges, ing tembung [mbɔ?] menika wonten *penekanan* mligi. *Penekanan* ing tembung menika nyethakaken bilih paraga Gambir mrentah utawi suka parmayogi supados paraga Sentul nangkarke kodhok.

Antawisipun NPA kalihan NPI menika mujudaken JN 413,45 Hz utawi 25,38 st.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/04 menika mujudaken *modus* pakon kanthi *alir nada* sansaya inggil. Menika katitik saking titikan *struktur melodik-ipun*, inggih menika ND 127,43 Hz utawi 4,20 st (tn 4) sanginggiling *nada* C, NA 157,84 Hz utawi 7,90 st (tn 8) sanginggilipun *nada* C, kanthi IN +30,41 Hz utawi +3,70 st. Ing tengahing *alir nada* menika wonten NPA 124,11 Hz utawi 3,74 st (tn 4) sanginggilipun *nada* C, saha NPI 537,56 Hz utawi 29,12 st (tn 29) sanginggilipun *nada* C, saengga mujudaken JN 413,45 Hz utawi 25,38 st.

Wonten ing rekaman cerkak SASM menika namung kapanggihaken 1 tuturanipun paraga Gambir ingkang kalebet tuturan *modus* pakon kanthi *alir nada* sansaya inggil. Inggih awit saking menika, etangan rata-rata titikan wujud *struktur melodik modus* pakon *alir nada* sansaya inggil ing cerkak SASM inggih sami kalihan titikan ing *data* SASM/Ga/04.

b. *Struktur Melodik Modus* Pakon *Alir Nada* Sansaya Andhap

Ing panaliten menika kapanggihaken *struktur melodik modus* pakon paraga Gambir kanthi *alir nada* sansaya andhap wonten 2 tuturan, inggih menika ing *data* SASM/Ga/06 kalihan *data* SASM/Ga/12. Saking kekalihipun menika boten sami etangan titikan *struktur melodik*-ipun. Wondene andharanipun kados ing ngandhap menika.

1) SASM/Ga/06

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya andhap saged katingal ing *data* SASM/Ga/06. Wonten ing *data* menika kacariyosaken bilih paraga Gambir suka pambiyantu dhateng paraga Widati ingkang nembe susah amargi montoripun macet. Nalika badhe nembung suka pambiyantu, paraga Gambir nyuwun dhateng paraga Widati supados boten kuwatos. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/06 ing ngandhap menika.

> "Inggih," wangsulané bocah wadon iku rada rikuh. "Sampun kula *starter* wongsal-wangsul, malah saya boten nyuwanten mesinipun?"
>
> "**Ah, sampun kuwatos.** Cobi, menawi kepareng kula bikak businipun nggih?!"
>
> "Oh..., inggih matur nuwun," bocah wadon mau nyarujuki, ulaté sing peteng mau kesapu sawijining pengarep-arep. (SASM/Ga/06)

Data SASM/Ga/06 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 37. *Alir Nada Data* SASM/Ga/06

Salebeting *data* SASM/Ga/06 menika, tuturan [ah sampUn kuwatɔs] saking *fonem* /a/ salebeting tuturan [ah] kanthi ND 128,57 Hz utawi 4,35 st sanginggilipun *nada* C. *Nada* ing *fonem* /a/ menika mujudaken NPI kanthi *nada* 190,92 Hz utawi 11,20 st (tn 11) sanginggilipun *nada* C. *Alir nada* sansaya inggil dumugi ing *fonem* /s/ purwakaning tembung [sampUn]. Ing tembung [sampUn] menika *alir nada* mujudaken *alir* sansaya andhap saking *fonem* /s/ dumugi *fonem* /n/.

Alir nada kalajengaken kanthi *nada* radi mindhak ing wanda [ku] tembung [kuwatɔs]. Ing tembung [kuwatɔs] menika sansaya inggil ing *fonem* /u/ saha /w/ saha sansaya mandhap ing *fonem* /t/. Nada ing *fonem* /t/ menika minangka NPA kanthi *nada* 91,78 Hz utawi – 1,49 st (tn -1) sangandhapipun *nada* C.

Alir nada kapungkasi ing *fonem* /s/ kanthi NA 97,51 Hz utawi – 0,52 st (tn -1) sangandhapipun *nada* C. Ing *data* SASM/Ga/06 menika NA langkung andhap tinimbang ND, saengga *data* menika mujudaken *alir nada* sansaya andhap kanthi IN – 31,56 Hz utawi – 4,87 st.

Salebeting *data* SASM/Ga/06 menika NPA wonten ing tembung [kuwatɔs] *fonem* /t/. Fonem /t/ menika nadanipun adhap amargi dumunung ing antawisipun *fonem* vokal. Ateges, NPA ing tembung menika boten ndadosaken *penekanan* mligi. Wondene NPI wonten ing pungkasaning *fonem* /a/ wiwitanging tuturan. Wontenipun NPI ing *fonem* menika minangka *ekspresi* remen. Ateges, paraga Gambir mbiyantu paraga Widati

kanthi lila remening manah. Antawisipun NPA saha NPI ing *data* menika mujudaken JN 99,14 Hz utawi 12,69 st.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/06 menika mujudaken *modus* pakon kanthi *alir nada* sansaya andhap. Menika katitik saking titikan *struktur melodik*-ipun, inggih menika ND 128,57 Hz utawi 4,35 st (tn 4) sanginggiling *nada* C, NA 97,01 Hz utawi – 0,52 st (tn -1) sangandhapipun *nada* C, kanthi IN – 31,56 Hz utawi – 4,87 st. Ing tengahing *alir nada* menika wonten NPA kanthi nada 91,78 Hz utawi – 1,49 st (tn -1) sangandhapipun *nada* C, saha NPI 190,92 Hz utawi 11,20 st (tn 11) sanginggilipun *nada* C, saengga mujudaken JN 99,14 Hz utawi 12,69 st.

2) SASM/Ga/12

Struktur melodik modus pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil ugi saged katingal ing *data* SASM/Ga/12. Wonten ing *data* menika kacariyosaken bilih paraga Gambir sampun rampung anggenipun mbiyantu paraga Widati. Paraga Widati nyuwun pangapunten dhateng paraga Gambir amargi artanipun telas saengga dereng saged ngopahi, ananging paraga Gambir ngaturaken bilih anggenipun mbiyantu menika gratis lajeng nyumanggakaken Widati supados kondur. Wondene pethikan *data* SASM/Ga/12 wonten ing ngandhap menika.

> “Aa..., kula matur nuwun sanget, ning... anu.. kula wau rak matur ta, menawi kula kacumpénan arta. Dados kula dèrèng saged nyaosi ongkos.”

> "O..., menika *gratis* Mbak, tiyang namung ngresiki busi kok, boten sah mbayar. **Sampun mangga kula aturi kondur.**" (SASM/Ga/12)

Data SASM/Ga/12 menika kaolah ngginakaken *software Praat* saengga ngasilaken *spectograf* saha *alir nada* kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 38. *Alir Nada Data* SASM/Ga/12

Tuturan [sampUn mɔŋgɔ kulɔ aturi kondUr] ing *data* SASM/Ga/12 menika kawiwitan ing *fonem* /s/ salebeting tembung [sampUn]kanthi ND 191,67 Hz utawi 9,92 st (tn 10) sanginggilipun *nada* C. *Alir nada* saking *fonem* /a/ menika sansaya andhap dumugi *fonem* /p/. *Alir nada* mujudaken *alir lengkung* inggil ing wanda [pUn] tembung [sampUn]. Ing wanda [pUn] menika *alir nada* gadhah *puncak nada* inggil ing *fonem* /U/ kanthi *nada* 223,40 Hz utawi 13,93 st (tn 14) sanginggilipun *nada* C. *Nada* ing *fonem* /U/ menika minangka NPI. Saking *fonem* /U/ *alir nada* mandhap ing *fonem* /n/ kanthi *durasi* ingkang panjang. *Nada* ing *fonem* /n/ menika

minangka NPA kanthi *nada* 77,37 Hz utawi – 4,44 st sangandhapipun *nada* C.

Alir nada sansaya mandhap ing *fonem* /m/ tembung [mɔŋgɔ]. Ing tembung menika *alir nada* saking *fonem* /m/ sansaya inggil dumugi *fonem* /ɔ/[(1)] saha mandhap ing *fonem* /ŋ/. *Alir nada* saking *fonem* /ŋ/ menika kalajengaken *fonem* /g/ saha mujudaken *alir nada* sansaya inggil dumugi *fonem* /ɔ/.

Alir nada kalajengaken kanthi *alir rata* ing tembung [kulɔ aturi]. *Alir nada* saking *fonem* /i/ pungkasing tembung [aturi] sansaya inggil dumugi *fonem* /k/ purwakaning tembung [kondUr]. Tembung [kondɔr] menika gadhah *alir* sansaya mandhap saking *fonem* /k/ dumugi *fonem* /ḍ/, salajengipun *alir nada* sansaya inggil ing *fonem* /U/. *Alir nada* mandhap malih ing *fonem* /r/ kanthi *alir getar* saha mungkasi *alir nada*.

Nada ing *fonem* /r/ pungkasaning tembung [kondUr] menika minangka NA kanthi 92,51 Hz utawi – 1,35 st (tn -1) sangandhapipun *nada* C. Ing *data* SASM/Ga/21 menika NA langkung andhap tinimbang ND. Inggih awit saking menika *data* SASM/Ga/21 gadhah *struktur melodik* kanthi *alir nada* sansaya andhap kanthi IN – 99,16 Hz utawi – 11,27 st.

Salebetipun *data* SASM/Ga/12 menika NPA saha NPI wonten ing satunggal tembung, inggih menika tembung [sampUn]. NPA wonten ing *fonem* /n/, wondene NPI wonten ing *fonem* /U/. Menika nedahaken wontenipun *penekanan* mligi ing tembung [sampUn]. Paraga Gambir

ngginakaken *penekanan* mligi wonten ing tembung kasebat ancasipun supados paraga Widati boten sansaya rumaos boten sekeca awit pambiyantunipun paraga Gambir. NPA dumugi NPI ing *data* SASM/Ga/12 menika mujudaken JN 146,03 Hz utawi 18,37 st.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih *data* SASM/Ga/12 menika gadhah titikan *struktur melodik modus* pitakon ingkang mujudaken *alir nada* sansaya andhap, inggih menika ND 191,67 Hz utawi 9,92 st (tn 10) sanginggilipun *nada* C, NA 92,51 Hz utawi – 1,35 st (tn -1) sangandhapipun *nada* C, kanthi IN – 99,16 Hz utawi – 11,27 st. NPA ing *data* menika inggih menika 77,37 Hz utawi – 4,44 st (tn -4) sangandhapipun *nada* C, wondene NPI-nipun 223,40 Hz utawi 13,93 st (tn 14) sanginggilipun *nada* C, kanthi JN 146,03 Hz utawi 18,37 st.

Saking rerincen titikan *struktur melodik* tuturan paraga Gambir *modus* pakon kanthi *alir nada* sansaya andhap kasebat, panaliti damel etangan rata-rata saben jinisipun titikan *struktur melodik*. Tuturanipun paraga Gambir *modus* pakon *alir nada* sansaya andhap menika gadhah titikan : ND 160,12 Hz utawi 7,14 st (tn 7) sanginggilipun *nada* C, NA 94,76 Hz utawi – 0,94 st (tn -1) sanginggilipun *nada* C, NPA 84,58 Hz utawi – 2,96 st (tn -3) sangandhapipun *nada* C, saha NPI 207,16 Hz utawi 12,57 st (tn 13) sanginggilipun *nada* C. Saking rerincen menika, rata-rata *struktur melodik modus* pakon *alir nada* sansaya andhap kanthi *Interval Nada* (IN) – 65,36 Hz utawi – 8,07 st, saha *Julat Nada* (JN) 122,59 Hz utawi 15,53 st.

BAB V
PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar titikan *Interval Nada* (IN), *struktur melodik* tuturan *modus* pawarta, pitakon, saha pakon paraga Gambir kaperang dados kalih jinis, inggih menika *struktur melodik alir nada* sansaya inggil kalihan *struktur melodik alir nada* sansaya andhap. *Alir nada* sansaya inggil dipuntedahaken kanthi titikan *interval nada positif*, wondene *alir nada* sansaya andhap dipuntedahaken kanthi titikan *interval nada negatif*.

1. *Struktur melodik tuturan modus* pawarta kanthi *alir nada* sansaya inggil ing panaliten menika gadhah titikan *interval nada* kanthi rata-rata *frekuensi* +29,57 Hz utawi 3,95 st. Wondene *struktur melodik* kanthi *alir nada* sansaya andhap gadhah titikan *interval nada* kanthi rata-rata *frekuensi* – 15,01 Hz utawi – 1,83 st. Menika nedahaken bilih tuturan *modus* pawarta saged kawaos kanthi *alir nada* sansaya inggil menapa dene sansaya andhap magepokan kalihan *konteks* cariyos.
2. *Struktur melodik* tuturan *modus* pitakon kanthi *alir nada* sansaya inggil ing panaliten menika gadhah titikan *interval nada* kanthi rata-rata *frekuensi* +57,44 Hz utawi +7,59 st. Wondene *struktur melodik* kanthi *alir nada* sansaya andhap gadhah titikan *interval nada* kanthi rata-rata *frekuensi* – 64,29 Hz utawi – 9,38 st. Sami kalihan *modus* pawarta, tuturan *modus* pitakon ugi saged kawaos kanthi *alir nada* sansaya inggil menapa dene sansaya andhap magepokan kalihan *konteks* cariyos.

3. *Struktur melodik* tuturan *modus* pakon kanthi *alir nada* sansaya inggil ing panaliten menika gadhah titikan *interval nada* kanthi rata-rata *frekuensi* +30,41 Hz utawi +3,70 st. Wondene *struktur melodik* kanthi *alir nada* sansaya andhap gadhah titikan *interval nada* kanthi rata-rata *frekuensi* – 65,36 Hz utawi – 8,07 st. Sami kalihan *modus* pawarta saha pitakon, tuturan *modus* pakon ugi saged kawaos kanthi *alir nada* sansaya inggil menapa dene sansaya andhap magepokan kalihan *konteks* cariyos.

B. Implikasi

Panaliten menika minangka panaliten ingkang dereng kathah dipunrembag ing skripsi menapa dene ing mata kuliah. Panaliten basa utawi *linguistik* saperangan ageng ngrembag babagan wujuding basa ingkang sinerat. Wondene ing *perkuliahan* babagan ngelmu tata swara utawi *fonologi* dipunwatesi ing ungel *segmental* kemawon, mliginipun nyinau kados pundi caranipun mocapaken satunggaling *fonem*. Wonten ing piwulangan sekolah tingkat dasar menapa dene tingkat lanjut (SD, SMP, lan SMA) materi Basa Jawa ingkang ngrembag babagan tata swara ugi dereng wiyar. Kompetensi saha kreatifitas siswa langkung dipungladhi ing babagan kompetensi nyerat saha maos kanthi *intepretatif* tanpa migatosaken *ekspresi*.

Wontenipun panaliten menika kaajab sageda nambah seserap babagan wontenipun *unsur suprasegmental* ingkang mujudaken *struktur melodik* salebeting tuturan. Kangge nyengkuyung wiyaring basa lan sastra Jawa.

C. Pamrayogi

Panaliten kanthi irah-irahan "*Struktur Melodik* Tuturan Paraga Gambir salebeting Rekaman Cerkak Setengah Ati Setengah Mati dening Risang Y Sugiyana (*Kajian Fonetik Akustik*)" menika ing pangajab boten namung minangka sarat kangge nggayuh *gelar sarjana*, ananging ugi kangge suka *ide* menapa dene *inspirasi* kangge panaliti – panaliti salajengipun.

Inggih awit saking tasih awising panaliten *linguistik kajian fonetik akustik* ing Indonesia, mliginipun ing ranah basa Jawa, panaliti gadhah pangangen supados sasampunipun panaliten menika ugi badhe tuwuh panaliten sanes ing babagan *kajian fonetik akustik* basa Jawa, inggih panaliten ingkang gayutan kalihan *psikoakustik* menapa dene *fonetik eksperimental*. Ing pangajab, ing panaliten salajengipun saged langkung *spesifik* saha migunani kangge wiyaring ngelmu *linguistik* basa Jawa. Tuladhanipun, *kajian fonetik akustik* babagan dialek ing satunggaling dhaerah menapa dene ciri khas antawecana ringgit. Kanthi makaten, mugya saged dados satunggaling sumbangsih kangge wiyaring ngelmu lingustik.

KAPUSTAKAN

Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta : Rineka Cipta.

Halim, Amran. (1984). *Intonasi dalam Hubungannya dengan Sintaksis Bahasa Indonesia*. Disertasi Doktoral Universitas Michigan. 1969. (*Alih Bahasa* : Tony S. Rachmadie). Jakarta : Djambatan.

Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta : Gramedia Pustaka Utama.

Lieshout, van Pascal. 2003. *Praat Short Tutorial*. University of Toronto. Dipun-akses saking http://www.stanford.edu/dept/linguistics/corpora/material/ PRAAT_workshop_manual_v421.pdf. Surya kaping 22 Agustus 2013, tabuh 13:19 WIB.

Mangunsuwito. 2002. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa.* Bandung : Yrama Widya.

Mulyani, Siti. 2008. *Fonologi Bahasa Jawa.* Yogyakarta : Kanwa Publisher.

Mulyana. 2009. *Linguistik Umum.* Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

Muslih, Masnur. 2010. *Fonologi Bahasa Indonesia Tinjauan Deskriptif Sistem Bunyi*. Jakarta : Bumi Aksara.

Prihartono, Wawan. 2013. *Ciri Akustik Tuturan Modus Deklaratif Bahasa Jawa Penutur di Medan (Perbandingan dengan Ciri Akustik Tuturan Modus Deklaratif Bahasa Jawa Penutur di Solo)*. Tesis. Universitas Sumatera Utara. Dipun-akses saking : http://repository.usu.ac.id/handle/123456789/ 35042, surya kaping 22 Agustus 2013, tabuh 11.56.

Rahyono. 2003. *Intonation of the Yogyakarta Palace Language*. Prosiding, *Occasional Series 9 Prosody in Indonesian Languages* (2007). Netherlands Graduate School of Linguistics. Dipun-*akses* saking : http://lotos.library.uu.nl/publish/articles/000210/bookpart.pdf. Surya kaping 22 Agustus 2013, tabuh 19:47 WIB.

Samsuri. 1970. *Tjiri-tjiri Prosodi Kalimat Bahasa Indonesia*. Malang : Publikasi Ilmiah FKSS IKIP Malang.

_____. 1978. *Analisa Bahasa Memahami Bahasa secara Ilmiahi*. Jakarta : Erlangga.

Silalahi, Veraci. 2007. *Kontras Tuturan Deklaratif dan Interogatif Bahasa Batak Toba (Kajian Fonetik Akustik)*. Tesis. Universitas Sumatera Utara. Dipun-

akses saking : http://repository.usu.ac.id/handle/123456789/5782. Surya kaping 22 Agustus 2013, tabuh 12:20 WIB.

Sudarmadji, dkk. 2010. *Teknik Bercerita*. Yogyakarta : Kurnia Kalam Semesta.

Sugiyono. 2003. *Pedoman Penelitian Bahasa Lisan Fonetik.* Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.

_____. 2003. *Prosodic Markers of the Statement-Question Contrast in Kutay Malay*. Prosiding, *Occasional Series 9 Prosody in Indonesian Languages* (2007). Netherlands Graduate School of Linguistics. Dipun-akses saking : http://lotos.library.uu.nl/publish/articles/000210/bookpart.pdf. Surya kaping 22 Agustus 2013, tabuh 19:47 WIB.

_____. 2007. *Struktur Melodik Bahasa Indonesia*. E-Jurnal, *Kajian Linguistik dan Sastra (Volume 19 No.1).* FKIP Universitas Muhammadiyah Surakarta. Dipun-*akses* saking : http://publikasiilmiah.ums.ac.id/handle/123456789/ 195. Surya kaping 22 Agustus 2013, tabuh 21:45 WIB.

_____. 2009. *The Acoustic Features of Emphaticity In Indonesian*. E-Jurnal, *Kajian Linguistik dan Sastra (Volume 21 No.2).* FKIP Universitas Muhammadiyah Surakarta. Dipun-*akses* saking : http://publikasiilmiah.ums.ac.id/handle/123456789/ 1234. Surya kaping 22 Agustus 2013, tabuh 21:45 WIB.

***Lampiran* 1. Naskah Cerkak SASM**

SETENGAH ATI SETENGAH MATI

(Déning : Risang Y Sugiyana)

Emprit peking sejodho iku lagi unjal. Ketara blebar-bleber niyub nèng lemah, nggondholi godhong lan suket garing. Yèn uwonga, diarani tanggung jawab jejodhoan. Malah ora mung jodho-jodhonan ngono iku, emprit peking iku iya urip nggrombol. Yèn nggrombol, apa ya milih penggedhé?

'Nggrong nggrong nggrong..., nggrong nggrong. Nggrong nggrong nggrong..., nggrong nggrong'. Gambir ndengèngèk, durung cetha kudu kepriyé tumanggapé menyang swarané rombongan montor *knalpot* blombongan iku, Gembor teka. Lakuné kedandapan, mripaté pendirangan, metu saradané yèn arep omong, cangkemé pecuca-pecucu.

"Kang Gambir, jago ki ka ngana kaé," kandhané Gembor slagané ngajak ngrungokaké panggeroné *knalpot* blombongan. "Jago wiring kuning, sikilan garing. Wataké nèk nggitik titis, ora cilikan atèn!"

"Aku ki ora ngerti, Mbor."

"Ha... ha... ha..., nèk ra ngerti, tak kandhani! Ning kudu nggugu, aja mung ra ngerti! Perkara-perkara saliyané mbingkil montor iku ya kudu ngerti. Wis, sésuk Kang Gambir nyoblos téla, aja liya-liya! Nyoblos téla, mèlu mulya! Coba semaken, antarané jago-jago kaé; Harya, Kirna, Purwa, huh..., sapa sing wis ulung-ulung ngenèhi banton dhuwit? Ra na liya, kejaba Mas Puspa. Mas Puspanala Jayèng Asmara! Nah..., kuwi diéling-éling. Lagi nyalon waé wis blaba ngenèh-nèhi, apa menèh sésuk nèk wis dadi, ha... ha...!" Gembor banjur nglungani Gambir, arep mèlu mubeng wengkon désa dadi balané calon lurah gambar téla.

'Nggrong nggrong nggrong..., nggrong nggrong'. Najan wis adoh, swara iku isih keprungu, terkadhang lirih terkadhang sero merga katut lakuning barat. Montor-montor mau arak-arakan ing dalan gedhé sing adohé karo omahé Gambir kira-kira telung atusan mèter.

***Lampiran* 1. Naskah Cerkak SASM**

"Nèk emprit-emprit kaé lé dha milih penggedhé apa bala-balanan?" batiné Gambir tuwuh pitakon. Gambir ngrumangsani bodho. Buktiné, sasat kabèh sing ana pikirané, ora jumbuh karo penemuné wong-wong ing kiwa tengené. Upamané, omong-omong perkara kodhok ijo karo Sentul tangga kulon omah, nèk dituruti klakon selaya.

"Tul, nèk kodhok-kodhok kuwi mbok suluh saben bengi, apa ya ra cures? Mbok nangkarké!"

"Wuuih..., wih wih wih..., malah kon rekasa nangkarké. Kodhok-kodhok sing ora kecekel, sing nang sawah, isih akèh. Ha... ha... harak ya dha nak-premanak?! Dadi ora bakal entèk. Tturrr menèh apa ppperrrrdulimu? Wong ya dudu duwèkmu."

Wiwit éntuk bantahané Sentul mau, Gambir banjur trima meneng. Perkara kodhok, perkara jago, apa perkara... apa ta apa, Gambir trima meneng, angon kahanan.

Sawijining wektu, Gambir lagi bali saka pasar. Pas protelon ratan gedhé lan dalan cilik sing arep nuju menyang omahé, Gambir weruh bocah wadon mandheg ngéyub nèng ngisor wit asem, montoré disetandaraké ing sandhingé. Sacléraman ulaté bocah wadon mau sajak ana semburaté rasa susah. Gajegé, montoré lagi rèwèl.

"Ee..., nuwun sèwu, menapa montoripun macet?" pitakoné Gambir sawisé mudhun saka sepédha onthèlé.

"Inggih," wangsulané bocah wadon iku rada rikuh. "Sampun kula *starter* wongsal-wangsul, malah saya boten nyuwanten mesinipun."

"Ah, sampun kuwatos. Cobi, menawi kepareng kula bikak businipun nggih?!"

"Oh..., inggih matur nuwun," bocah wadon mau nyarujuki, ulaté sing peteng mau kesapu sawijining pengarep-arep. Gambir banjur ubeg mbukak busi terus diresiki nganggo suwèkan ambril sing cemepak nèng ngisor *jok*.

"Saking blanja nggih, Mbak?" ulas-ulasé Gambir tetakon.

"Namung sekedhik kok. Dipunutus ibu kanggé kabetahan wingking, tur menawi badhé kathah nggih boten saged, awit artanipun e... inggih sampun telas." Saentèké gunem bocah wadon mau ngguyu, nélakaké kahanan cumpéné dhuwit. Gambir uga mèlu ngguyu, kanggo gapyaké tumanggap. Sawisé businé resik banjur dicoba. Ah, begja! Najan businé wis èlèk ning isih urip, muga-muga bisa nyengka tekan ngomahé. Busi dipasang banjur digenjot, klakon montoré bisa urip.

"Nah..., mangga Mbak, sampun gesang," pasrahé Gambir menyang bocah wadon iku. Nanging bocah wadon iku ora gagé numpak montoré, malah 'klik' matèni mesin montoré.

"Aa..., kula matur nuwun sanget, ning... anu... kula wau rak matur ta, menawi kula kacumpénan arta. Dados kula dèrèng saged nyaosi ongkos."

"O..., menika gratis Mbak. Tiyang namung ngresiki busi kok, boten sah mbayar. Sampun, mangga kula aturi kondur."

"Adhuh, dos pundi menika?! Tepang mawon boten, kok kula lajeng ngrépoti nggih?!"

"Boten répot Mbak, boten."

Sabanjuré, nom-noman sakloron iku malah padha nepungaké jeneng lan panggon omahé. Bocah wadon mau ngaku jenengé Widati. É..., bar tepungan kok malah rada suwé nggoné omong-omongan, lan diseling nganggo ngguyu bareng. Mbasan wis kliwat sawatara, nom-noman sakaroné lagi padha nyandhak tumpakané dhéwé-dhéwé banjur padha sowang-sowangan laku.

Gambir, nom-noman bingkil montor iku, sak jeg-jumleg durung tau srawung cah wadon. Ngertiné mung mugen nèng bingkilané. Ora dinyana, limang dina sawisé tepung karo Widati, wayah soré nengah-nengahi nutup bingkilané, Widati teka. Gambir banjur gupuh nggoné ngacarani tamuné. Sawisé diaturi lenggah, Gambir pamit memburi perlu adus sabab pancèn lagi rampungan nggawé. Widati manthuk ngenggihi, ora lali èsem manisé nguntabaké Gambir tumuju mburi.

***Lampiran* 1. Naskah Cerkak SASM**

"Nyuwun duka lho Mbak, lé ngentèni kesuwèn," ucapé Gambir sawisé rampung adus lan nemoni tamuné. "Njur iki mau ndandak mundhut priksa apa langsung ketemu?"

"Langsung ketemu Mas, kampung iki bingkilé montor mung siji iki kok," jawabé Widati basané uga ngoko, kaya janjiné limang dina kepungkur, padha déné sarujuk ora sah basan-basanan.

"Mbak, ra ngira lho yèn panjenengan sudi tindak nèng gubugku. Mula aku matur nuwun."

"É..., ya ora cukup matur nuwun," sauré Widati karo mèsem.

"Wadhuh, njur piyé...?" Gambir kentèkan ukara jawab, isané mung ngguyu lirih lan banjur nyawang Widati. Mangka Widati uga lagi nyawang Gambir. Sakaroné dadi 'pyur' tempuk pandulu. Nanging mung sedhéla, Widati banjur ndhungkluk ngulati jrambah déné Gambir banjur mbuwang panduluné menjaba. Ora merga nyawang apa-apa, ing njaba ora ana manuk emprit peking sejodho sing unjal gawé petarangan. Kabèh emprit peking lagi padha aburan mrana-mrana lan ngocèh imbal swara. Sajaké emprit-emprit mau lagi ngumandhangaké laguning gendhing asmara.

Sawisé patemon ing omahé Gambir iku, dina-dina candhaké Gambir lan Widati saya raket srawungé. Yèn dhisiké ketemu limang dina sepisan, suwé-suwé telung dina sepisan, banjur sasat saben dina mesthi ketemu. Malah saiki kerep boncèngan, lungan-lungan bocah loro, embuh menyang pasar apa plesiran. Kena dibedhèk, Gambir lan Widati wis padha déné kasmaran.

Senajan lagi tepung telung wulan, ning wis tita padha tresnané. Mula Gambir lan Widati kepingin urip bareng salumrahé wong jejodhoan. Gambir banjur sowan wong tuwané Widati. Sepisanan sowan ibuné Widati, matur trawaca lan ibuné Widati nampa kanthi legawa. Gambir banjur arep sowan bapakné Widati, sing jaréné Widati, dalemé séjé papan, senajan ya sakampung.

"Dhik, sésuk aku sowan keng bapak. Nah..., asmané keng bapak ki sapa?" pitakoné Gambir.

***Lampiran* 1. Naskah Cerkak SASM**

"Nèk sangertiku asmané bapak ki Pak Puspa, ning jaréné wong-wong, bapakku ki asmané Mas Puspanala Jayèng Asmara."

"Hah?!" Gambir mbengok batin, kagèt. Ora nyana ora ndipé yèn cah ayu gadhangan atiné iku anaké wong sing digething tingkahé. Merga wong sing nyalon lurah iki wong sing seneng ngegungaké bandhané lan akèhé centhèngé. Pancèn omahé ora nunggal karo ibuné Widati, merga Mas Puspa omah-omah karo wong wadon gendhakané. Iku dudu budaya Ngayogya. 'Nggrong nggrong... nggrong.' Jiwané Gambir nggero-nggero kaya *knalpot* blombongan. Cethané manèh, tresnané Gambir menyang Widati saiki setengah ati. Kepriyé rasané tresna setengah ati? Rasané setengah mati!

6 Mei 2013

Risang Yudhistira Sugiyana, Prancak Glondhong, Pg. Harja, Sewon, Bantul.

TABEL ETANGAN TITIKAN _STRUKTUR MELODIK_ PARAGA GAMBIR SALEBETING REKAMAN CERKAK "SETENGAH ATI SETENGAH MATI" DENING RISANG Y SUGIYANA

No	No. *Data*	ND	NA	IN		NPA	NPI	JN		Katrangan
				f(x) = NA – ND	∑			*f(x)* = NPI - NPA	∑	
1	SASM/Ga/01	159,05	199,81	199,81 - 159,05	+ 40,76	109,20	230,72	230,72 - 109,20	121,52	Mo : Pw | AN : SI
		8,03	11,98	11,98 - 8,03	+ 3,95	1,52	14,47	14,47 - 1,52	12,95	PM : NPA
2	SASM/Ga/02	144,19	76,07	76,07 - 144,19	- 68,12	76,96	186,96	186,96 - 76,96	110,00	Mo : Pt | AN : SA
		6,34	-4,74	-4,74 - 6,34	-11,08	-4,74	10,85	10,85 - (- 4,74)	15,59	PM : NPA
3	SASM/Ga/03	192,12	116,97	116,97 - 192,12	- 75,15	93,43	527,12	527,12 - 93,43	433,69	Mo : Pt | AN : SA
		11,30	2,71	2,71 - 11,30	- 8,59	-1,18	30,46	30,46 - (- 1,18)	31,64	PM : NPA
4	SASM/Ga/04	127,43	157,84	157,84 - 127,43	+ 30,41	124,11	537,56	537,56 - 124,11	413,45	Mo : Pk | AN : SI
		4,20	7,90	7,90 - 4,20	+ 3,7	3,74	29,12	29,12 - 3,74	25,38	PM : NPA
5	SASM/Ga/05	139,49	90,46	90,46 - 139,49	- 49,03	90,46	540,28	540,28 - 90,46	449,82	Mo : Pt | AN : SA
		5,76	-1,74	-1,74 - 5,76	- 7,50	-1,74	29,20	29,20 - (- 1,74)	30,94	PM : NPA

Tabel salajengipun

Lampiran* 2. *Tabel* 10. Etangan Titikan *Struktur Melodik

No	No. *Data*	ND	NA	IN		NPA	NPI	JN		Katrangan
				***f(x)* = NA – ND**	∑			***f(x)* = NPI – NPA**	∑	
6	SASM/Ga/06	128,57	97,01	97,01 - 128,57	- 31,56	91,78	190,92	190,92 - 91,78	99,14	Mo : Pk | AN : SA
		4,35	-0,52	-0,52 - 4,35	- 4,87	-1,49	11,20	11,20 - (- 1,49)	12,69	PM : NPA
7	SASM/Ga/07	130,89	165,66	165,66 - 130,89	+ 34,77	81,08	221,24	221,24 - 81,08	140,16	Mo : Pt | AN : SI
		4,66	8,74	8,74 - 4,66	+ 4,08	-3,63	13,75	13,75 - (- 3,63)	17,38	PM : NPA
8	SASM/Ga/08	144,01	79,14	79,14 - 144,01	- 64,87	79,14	210,63	210,63 - 79,14	131,49	Mo : Pt | AN : SA
		6,31	-4,05	-4,05 - 6,31	-10,36	-4,05	12,90	12,90 - (- 4,05)	16,95	PM : NPA
9	SASM/Ga/09	78,73	86,94	86,94 - 78,73	+ 8,21	78,73	164,51	164,51 - 78,73	85,78	Mo : Pw | AN : SI
		-4,14	-2,42	-2,42 - (- 4,14)	+ 1,72	-4,14	8,62	8,62 - (- 4,14)	12,76	PM : NPA
10	SASM/Ga/10	166,46	148,66	148,66 - 166,46	- 17,80	88,38	273,97	273,97 - 88,38	185,59	Mo : Pw | AN : SA
		8,82	6,86	6,86 - 8,82	- 1,96	-1,19	17,45	17,45 - (- 1,19)	18,64	PM : NPA
11	SASM/Ga/11	156,01	153,00	153,00 - 156,01	- 3,07	97,13	183,52	183,52 - 97,13	86,39	Mo : Pw | AN : SA
		7,70	7,36	7,36 - 7,70	- 0,34	-0,51	10,51	10,51 - (- 0,51)	10,00	PM : NPA

Tabel salajengipun

Lampiran* 2. *Tabel* 10. Etangan Titikan *Struktur Melodik

No	No. *Data*	ND	NA	IN		NPA	NPI	JN		Katrangan
				***f(x)* = NA – ND**	∑			***f(x)* = NPI – NPA**	∑	
12	SASM/Ga/12	191,67	92,51	92,51 - 191,67	- 92,51	77,37	223,40	223,40 - 77,37	146,03	Mo : Pk | AN : SA
		9,92	-1,35	-1,35 - 9,92	- 11,27	-4,44	13,93	13,93 - (- 4,44)	18,37	PM : NPA
13	SASM/Ga/13	134,63	135,43	135,43 - 134,63	+ 0,80	113,90	237,42	237,42 - 113,90	123,52	Mo : Pw | AN : SI
		5,15	5,25	5,25 - 5,15	+ 0,11	2,26	17,41	17,41 - 2,26	15,15	PM : NPA
14	SASM/Ga/14	155,74	123,69	123,69 - 155,74	- 32,05	88,84	164,86	164,86 - 88,84	76,02	Mo : Pw | AN : SA
		7,67	3,68	3,68 - 7,67	- 3,99	-2,05	8,66	8,66 - (- 2,05)	10,71	PM : NPA
15	SASM/Ga/15	150,24	165,15	165,15 - 150,24	+ 14,91	97,78	223,54	223,54 - 97,78	125,76	Mo : Pt | AN : SI
		0,88	8,68	8,68 - 0,88	+ 7,80	-0,39	13,93	13,93 - (- 0,39)	14,32	PM : NPA
16	SASM/Ga/16	84,74	118,40	118,40 - 84,74	+ 33,66	81,66	149,29	149,29 - 81,66	67,63	Mo : Pw | AN : SI
		-2,87	2,93	2,93 - (- 2,87)	+ 5,80	-3,51	6,94	6,94 - (- 3,51)	10,45	PM : NPA
17	SASM/Ga/17	88,49	139,41	139,41 - 88,49	+ 50,92	88,49	168,08	168,08 - 88,49	79,59	Mo : Pw | AN : SI
		-2,12	5,75	5,75 - (- 2,12)	+ 7,87	-2,12	8,99	8,99 - (- 2,12)	11,11	PM : NPA

Tabel salajengipun

Lampiran* 2. *Tabel* 10. Etangan Titikan *Struktur Melodik

No	No. *Data*	ND	NA	IN		NPA	NPI	JN		Katrangan
				***f(IN)* = NA – ND**	∑			***f(JN)* = NPI – NPA**	∑	
18	SASM/Ga/18	106,60	278,59	278,59 - 106,60	+ 171,99	103,76	347,96	347,96 - 103,76	244,20	Mo : Pt | AN : SI
		1,11	17,74	17,74 - 1,11	+ 16,63	0,64	21,59	21,59 - 0,64	20,95	PM : NPA
19	SASM/Ga/19	121,15	114,04	114,04 - 121,15	- 7,11	83,06	160,92	160,92 - 83,06	77,86	Mo : Pw | AN : SA
		3,32	2,28	2,28 - 3,32	- 1,04	-3,21	8,24	8,24 - (- 3,21)	11,45	PM : NPA
20	SASM/Ga/20	84,09	92,19	92,19 - 84,09	+ 8,10	84,09	186,27	186,27 - 84,09	102,18	Mo : Pt | AN : SI
		-3,00	-1,14	-1,14 - (- 3,00)	+ 1,86	-3,00	10,77	10,77 - (- 3,00)	13,77	PM : NPA
21	SASM/Ga/21	155,85	198,90	198,90 - 155,85	+ 43,05	155,29	224,26	224,26 - 155,29	68,97	Mo : Pw | AN : SI
		7,66	11,90	11,90 - 7,66	+ 4,24	7,62	13,98	13,98 - 7,62	6,36	PM : NPA

Katrangan

ND : *Nada Dasar* (*nada* wiwitaning tuturan)
NA : *Nada Akhir* (*nada* pungkasaning tuturan)
IN : *Interval Nada*
NPA : *Nada* Paling Andhap
NPI : *Nada* Paling Inggil
JN : *Julat Nada*
Mo : *Modus*
Pw : Pawarta
Pt : Pitakon
Pk : Pakon
AN : *Alir Nada*
SA : Sansaya Andhap
SI : Sansaya Inggil
PM : *Penekanan* mligi
f(IN) : *Rumus Interval Nada*
f(JN) : *Rumus Julat Nada*
∑ : Asil etangan

Lampiran 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik*

TABEL ANALISIS STRUKTUR MELODIK PARAGA GAMBIR SALEBETING REKAMAN CERKAK "SETENGAH ATI SETENGAH MATI" DENING RISANG Y SUGIYANA

No.	*Struktur Melodik*
1	**ID** : SASM/Ga/01 **Tuturan :** Aku ki ora ngerti, Mbor.  [a k u k i o r a ŋ ə r t i m b ɔ r]

Analisis

Titikan	*Nada*		*Fonem*	Tembung
	Hz	St		
ND	159,05	8,03	/a/	[**a**ku]
NA	199,81	11,98	/r/	[mbɔ**r**]
IN	+ 40,76	+ 3,95		
NPI	230,72	14,47	/i/	[ŋərt**i**]
NPA	109,20	1,52	/ɔ/	[mbɔr]
JN	14,47	12,95		

***Konteks* cariyos**

Paraga Gambir nglembah manah anggenipun nanggapi paraga Gembor ingkang nembe kampanye calon lurah. Paraga Gembor suka pamanggih bilih jago calon lurah ingkang paling sae inggih menika jagonipun paraga Gembor, ananging paraga Gambir rumaos bilih menika kirang sae. Kangge angon kahanan paraga Gambir nanggapi paraga Gembor kanthi nglembah manah matur menawi boten ngertos.

Modus **:** Pawarta | ***Alir Nada*** **:** Sansaya Inggil

Tabel salajengipun

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	***Struktur Melodik***
2	**ID** : SASM/Ga/02 **Tuturan :** Nek emprit – emprit kae le dha milih penggedhe apa bala-balanan?



[nƐ? əmprI t əmprIt k a e l e ḍɔ milIh pəŋ gə ḍ e ɔ pɔ bɔ lɔ b ɔ l ɔ n a n]

Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	144,19	6,34	/n/	[**n**Ɛ?]
NA	76,07	4,74	/n/	[bɔlɔbɔlɔna**n**]
IN	- 68,12	- 11,08		
NPI	187,14	10,85	/e/	[ka**e**]
NPA	76,07	4,74	/n/	[bɔlɔbɔlɔna**n**]
JN	110,00	15,59		

***Konteks* cariyos :**
Kacariyos bilih paraga Gambir rumaos bodho amargi saben pamanggihipun mesthi beda kalihan pamanggihipun tiyang sanes. Nalika nembe mawon kepanggih kalihan paraga Gembor ingkang kampanye calon lurah, paraga Gambir ngraita nyumerepi peksi emprit. Para Gambir mbatin menapa peksi emprit menika ugi urip bala-balanan anggenipun milih pemimpin kados manungsa.

Modus : Pitakon | ***Alir Nada* :** Sansaya Andhap

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	***Struktur Melodik***
3	**ID** : SASM/Ga/03 **Tuturan :**Tul, nek kodhok-kodhok kuwi mbok suluh saben bengi apa ya ra cures?



[t U l nƐ? kɔḍɔ ? kɔḍ ɔ? kuwi mbɔ? s ulU h s a b ə n bəŋi ɔ p ɔ y ɔ r a c u r ə s]

Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	192,12	11,30	/t/	[**t**Ul]
NA	116,97	2,71	/s/	[cur**ə**s]
IN	- 75,15	- 8,59		
NPI	527,12	30,46	/ɔ/(2)	[kɔḍɔ?](2)
NPA	93,43	- 1,18	/l/	[tU**l**]
JN	433,69	31,64		

***Konteks* cariyos :**
Paraga Gambir ngemutaken paraga Sentul ingkang nembe nyuluh kodhok ing sabin bilih kodhok – kodhok menika bakal cures. Kacariyos bilih paraga Sentul menika saben dalu nyuluh kodhok wonten ing sabin.

Modus **:** Pitakon | ***Alir Nada* :** Sansaya Andhap

Tabel salajengipun

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	***Struktur Melodik***
4	**ID** : SASM/Ga/04 **Tuturan :** Mbok nangkarke! 

Analisis

Titikan	*Nada*		*Fonem*	Tembung
	Hz	**St**		
ND	127,43	4,20	/m/	[**m**bɔ?]
NA	157,84	7,90	/e/	[naŋkark**e**]
IN	+30,41	+3,70		
NPI	537,56	29,12	/ɔ/	[mb**ɔ**?]
NPA	124,11	3,74	/b/	[m**b**ɔ?]
JN	413,45	25,38		

***Konteks* cariyos :**
Paraga Gambir suka pamrayogi supados paraga Sentul leren anggenipun nyuluhi kodhok ing sabin. Kacariyos bilih paraga Sentul menika saben dalu nyuluh kodhok wonten ing sabin. Ing pamanggihipun paraga Gambir, tumindak menika saged damel cure kodhok-kodhok ing sabin.

Modus : Pakon | ***Alir Nada* :** Sansaya Inggil

Tabel salajengipun

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	***Struktur Melodik***
5	**ID** : SASM/Ga/05 **Tuturan :** E... nuwun sewu, menapa montoripun macet?  [ə nuwUnsƐwu mənɔpɔ mɔn tɔri p Unmacət]

Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	139,49	5,76	/ə/	[ə]
NA	90,46	- 1,74	/t/	[macə**t**]
IN	- 49,03	- 7,50		
NPI	540,28	29,20	/ə/	[ə]
NPA	90,46	- 1,74	/t/	[macə**t**]
JN	449,82	30,94		

***Konteks* cariyos :**
Paraga Gambir nyuwun pirsa dhateng paraga Widati ingkang nembe kasusahan badhe ngurupaken montor. Kacariyos bilih paraga Gambir menika dereng tepang kalihan paraga Widati.

Modus **:** Pitakon | ***Alir Nada* :** Sansaya Andhap

Tabel salajengipun

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	***Struktur Melodik***
6	**ID** : SASM/Ga/06 **Tuturan :** A... sampun kuwatos. 

Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	128,57	4,35	/a/	[**a**h]
NA	97,51	0,52	/s/	[kuwatɔ**s**]
IN	- 31,56	- 4,87		
NPI	190,92	11,20	/a/	[**a**h]
NPA	91,78	- 1,49	/t/	[kuwa**t**ɔs]
JN	99,14	12,69		

***Konteks* cariyos :**
Paraga Gambir matur dhateng paraga Widati ingkang nembe kasusahan ngurupaken montor. Paraga Gambir damel ayeming paraga Widati kanthi matur supados boten kuwatos amargi badhe dipunbantu dening Gambir.

Modus : Pakon | ***Alir Nada* :** Sansaya Andhap

Tabel salajengipun

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	*Struktur Melodik*
7	**ID** : SASM/Ga/07 **Tuturan :** Cobi, menawi kepareng kula bikak businipun nggih?



[c ɔ b i mənaw i kə p a rə ng k u l ɔ bi k a ? bu s i n i pUn ŋg I h]

Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	130,89	4,66	/c/	[**c**ɔbi]
NA	165,66	8,74	/h/	[ŋg**Ih**]
IN	+34,77	+4,08		
NPI	221,24	13,75	/U/	[businip**U**n]
NPA	81,08	- 3,63	/l/	[ku**l**ɔ]
JN	140,16	17,38		

***Konteks* cariyos :**
Paraga Gambir sumerep paraga Widati nembe kasusahan amargi montoripun macet. Paraga Gambir mbiyantu paraga Widati. Paraga Gambir nyuwun idin dhateng paraga Widati kangge mbikak businipun saperlu badhe dipunresiki.

Modus : Pitakon | ***Alir Nada* :** Sansaya Inggil

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	***Struktur Melodik***
8	**ID** : SASM/Ga/08 **Tuturan :** Saking blanja nggih, Mbak?



Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	144,01	6,31	/s/	[sakIŋ]
NA	79,14	- 4,05	/?/	[mba**?**]
IN	- 64,87	- 10,36		
NPI	210,63	12,90	/ɔ/(2)	[blɔñjɔ]
NPA	79,14	- 4,05	/?/	[mba**?**]
JN	131,49	16,95		

***Konteks* cariyos :**
paraga Gambir nyobi miwiti wicantenan sinambi ngresiki busi kanthi nyuwun pirsa dhateng paraga Widati kanthi nakyenaken menapa leres paraga Widati saking blanja.

Modus **:** Pitakon | ***Alir Nada* :** Sansaya Andhap

No.	***Struktur Melodik***
9	**ID** : SASM/Ga/09 **Tuturan :** Nah, mangga Mbak, sampun gesang.  [n a h mɔŋgɔ mba ? s a mpUngêsa ŋ]

Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	78,73	- 4,14	/n/	[**n**ah]
NA	86,94	- 2,42	/ŋ/	[gəsa**ŋ**]
IN	+8,21	+1,72		
NPI	164,51	8,62	/a/	[gəs**a**ŋ]
NPA	78,73	- 4,14	/n/	[**n**ah]
JN	85,78	12,76		

***Konteks* cariyos**

Paraga Gambir mbiyantu paraga Widati ingkang nembe susah amargi montoripun macet. Paraga Gambir mbiyantu kanthi ngresiki busi montoripun paraga Widati. Sasampunipun busi dipunresiki lajeng montor dipungenjot saged gesang malih. Paraga Gambir lajeng matur dhateng paraga Widati bilih montoripun sampun gesang.

Modus **:** Pawarta | ***Alir Nada* :** Sansaya Inggil

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	*Struktur Melodik*
10	**ID** : SASM/Ga/10 **Tuturan :** O, menika gratis, Mbak.



[o m ə n ik ɔ gr a t i s m b a ?]

Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	166,46	8,82	/o/	[**o**]
NA	148,66	6,86	/?/	[mba**?**]
IN	- 17,80	- 1,96		
NPI	273,97	17,45	/i/	[grat**i**s]
NPA	88,38	- 1,19	/o/	[**o**]
JN	185,59	18,64		

***Konteks* cariyos**

Paraga Gambir mbiyantu paraga Widati ingkang montoripun nembe macet. Paraga Gambir mbiyantu kanthi ngresiki busi montoripun paraga Widati. Sasampunipun montoripun Widati saged gesang malih, paraga Widhati atur panuwun saha nyuwun pangapunten amargi sampun boten gadhah arta kangge ngopahi paraga Gambir. Paraga Gambir nanggapi paraga Widati kanthi nglembah mana matur menawi anggenipun mbiyantu menika gratis.

Modus **:** Pawarta | ***Alir Nada* :** Sansaya Andhap

Tabel salajengipun

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	***Struktur Melodik***
11	**ID** : SASM/Ga/11 **Tuturan :** Tiyang namung ngresiki busi kok, boten sah mbayar. 

Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	156,07	7,70	/t/	[**t**iyaŋ]
NA	153,00	7,36	/r/	[mbaya**r**]
IN	- 3,07	- 0,34		
NPI	183,52	10,51	/a/	[s**a**h]
NPA	97,13	0,51	/y/	[mba**y**ar]
JN	86,39	10		

***Konteks* cariyos**

Paraga Gambir suka pawadan kangge nakyenaken paraga Widhati bilih anggenipun mbiyantu ngresiki busi menika gratis saengga paraga Widati boten perlu mbayar.

Modus **:** Pawarta | ***Alir Nada* :** Sansaya Andhap

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	***Struktur Melodik***
12	**ID** : SASM/Ga/12 **Tuturan :** Sampun, mangga kula aturi kondur. 

Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	191,67	9,92	/s/	[**s**ampUn]
NA	92,51	- 1,35	/r/	[kondU**r**]
IN	- 99,16	- 11,27		
NPI	223,40	13,93	/U/	[samp**U**n]
NPA	77,37	- 4,44	/n/	[sampU**n**]
JN	146,03	18,37		

***Konteks* cariyos :**
Paraga Gambir mbiyantu ngresiki busi montoripun paraga Widati. Sasampunipun montoripun saged gesang, paraga Widati rumaos boten sekeca dhateng paraga Gambir amargi sampun boten gadhah arta kangge ngopahi. Ewa semanten, pargaa Gambir ngaturaken bilih menika gratis saha nyumanggakaken paraga Widati menawi badhe kondur

Modus : Pakon | ***Alir Nada* :** Sansaya Andhap

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	*Struktur Melodik*
13	**ID** : SASM/Ga/13 **Tuturan :** Boten repot Mbak, boten.



[m b ɔ t ə n r e p ɔ t mb a ? mb ɔ t ə n]

Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	134,63	5,14	/m/	[**m**bɔtən](1)
NA	135,43	5,25	/n/	[mbɔtə**n**](2)
IN	+0,80	+0,11		
NPI	237,42	2,26	/ɔ/	[mbɔtən](2)
NPA	113,90	17,41	/ɔ/	[mbɔtən](1)
JN	123,52	15,15		

***Konteks* cariyos** :
Paraga Gambir mbiyantu paraga Widati ngresiki busi montoripun ingkang nembe macet. Sasampunipun montoripun saged gesang paraga Widati atur panuwun saha nyuwun pangapunten amargi ngrepoti paraga Gambir. Gambir nglembah manah matur bilih anggenipun mbiyantu ngresiki busi montoripun paraga Widati menika boten dados repotipun paraga Gambir.

Modus **:** Pawarta | ***Alir Nada* :** Sansaya Inggil

No.	***Struktur Melodik***
14	**ID** : SASM/Ga/14 **Tuturan :** Nyuwun duka lo Mbak, le ngenteni kesuwen.



[ñ u w U n du k ɔ lo m b a ? l e ŋ ə n t Ɛ n i kə s u w Ɛ n]

Analisis

Titikan	*Nada*		*Fonem*	Tembung
	Hz	**St**		
ND	155,74	7,67	/ñ/	[**ñ**uwUn]
NA	123,69	2,68	/n/	[kəsuwƐ**n**]
IN	-32,05	- 3,99		
NPI	164,86	8,66	/Ɛ/	[kəsuw**Ɛ**n]
NPA	88,84	- 2,05	/m/	[**m**ba?]
JN	76,02	10,71		

***Konteks* cariyos :**
Paraga Gambir rumaos boten sekeca amargi anggenipun nilar Widati saperlu siram kedangon. Inggih awit saking mneika paraga Gambir nyuwun pangapunten dhateng paraga Widati.

Modus **:** Pawarta | ***Alir Nada* :** Sansaya Andhap

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	***Struktur Melodik***
15	**ID** : SASM/Ga/15 **Tuturan** : Njur iki mau ndadak mundhut pirsa apa langsung ketemu?



[ñ j U r i ki m a u ndanda? munḍUt prIksɔ ɔpɔ laŋsUŋ kətəmu]

Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	150,24	0,88	/ñ/	[**ñ**jUr]
NA	165,15	8,68	/u/	[kətəm**u**]
IN	+14,91	+7,80		
NPI	223,54	13,93	/u/	[ma**u**]
NPA	97,78	- 0,39	/j/	[ñ**j**Ur]
JN	125,76	14,32		

***Konteks* cariyos :**
Paraga Widhati tindak dhateng dalemipun paraga Gambir. Paraga Gambir boten nginten menawi paraga Widhati kersa tindak mrika, kamangka paraga Widhati nembe sapisan tepang kalihan paraga Gambir nalika montoripun macet ing margi. Para Gambir lajeng nyuwun pirsa dhateng paraga Widhati kados pundi kala wau paraga Widhati saged manggihaken dalemipun paraga Gambir.

Modus : Pawarta | ***Alir Nada*** : Sansaya Inggil

Tabel salajengipun

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	*Struktur Melodik*
16	**ID** : SASM/Ga/16 **Tuturan :** Mbak, ra ngira lo yen panjenengan sudi tindak neng gubukku.



Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	84,74	- 2,87	/m/	[**m**ba?]
NA	118,40	2,93	/u/	[gubU?k**u**]
IN	+33,66	+5,80		
NPI	149,29	6,94	/ŋ/	[**ŋ**irɔ]
NPA	81,66	- 3,51	/r/	[**r**a]
JN	67,63	10,45		

***Konteks* cariyos** :
Paraga Widati tindak dhateng griyanipun paraga Gambir. Paraga Gambir rumaos remen sanget saha boten nginten bilih paraga Widati kersa tindak dalemipun.

Modus **:** Pawarta | ***Alir Nada* :** Sansaya Inggil

Tabel salajengipun

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	***Struktur Melodik***
17	**ID** : SASM/Ga/17 **Tuturan :** Mula, aku matur nuwun.  -2 8 2 6 5 9 6 [m ul ɔ a k u ma t Ur n u w U n]

Analisis

Titikan	*Nada*		*Fonem*	Tembung
	Hz	**St**		
ND	88,49	- 2,12	/m/	[**m**ulɔ]
NA	139,41	5,75	/n/	[nuwU**n**]
IN	+50,92	+7,87		
NPI	168,08	8,99	/U/	[nuw**U**n]
NPA	88,49	- 2,12	/m/	[**m**ulɔ]
JN	79,59	11,11		

***Konteks* cariyos :**
Paraga Widati tindak dhateng dalemipun paraga Gambir, menika damel remening paraga Gambir. Awit saking menika, paraga Gambir ngaturaken panuwun dhateng paraga Widati ingkang sampun kersa rawuh dalemipun Gambir.

Modus : Pawarta | ***Alir Nada* :** Sansaya Inggil

Tabel salajengipun

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	***Struktur Melodik***
18	**ID** : SASM/Ga/18 **Tuturan :** Wadhuh, njur piye...?  [w a ḍ u h ñ j U r p i y e]

Analisis

Titikan	*Nada*		*Fonem*	Tembung
	Hz	**St**		
ND	106,60	1,11	/w/	[**w**aḍUh]
NA	278,59	17,74	/e/	[piy**e**]
IN	+171,99	+16,63		
NPI	347,96	21,59	/e/	[piy**e**]
NPA	103,76	0,64	/a/	[w**a**ḍUh]
JN	224,20	20,95		

***Konteks* cariyos :**
Paraga Gambir bingung kedah kados pundi anggenipun matur nuwun dhateng paraga Widati. Menika dipunjalari amargi nalika paraga Gambir atur panuwun, paraga Widhati ngendika bilih sedaya menika boten cekap menawi namung atur panuwun. Ing kasuyatanipun, paraga Widati namung badhe nggodha paraga Gambir.

Modus **:** Pitakon | ***Alir Nada* :** Sansaya Inggil

No.	***Struktur Melodik***
19	**ID** : SASM/Ga/19 **Tuturan :** Dhik, sesuk aku sowan keng bapak.  [ḍ i ? s e s U? a k u sow a n kƐŋ b a p a?]

Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	121,15	3,32	/ḍ/	[**ḍ**I?]
NA	114,04	2,28	/?/	[bapa**?**]
IN	- 7,11	- 1,04		
NPI	160,92	8,24	/U/	[ses**U**?]
NPA	83,06	- 3,21	/a/	[b**a**pa?]
JN	77,86	11,45		

***Konteks* cariyos :**
Paraga Gambir badhe sowan bapakipun paraga Widhati. Paraga Gambir matur dhateng paraga Widhati babagan rencana kasebat.

Modus : Pawarta | ***Alir Nada*** : Sansaya Andhap

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	*Struktur Melodik*
20	**ID** : SASM/Ga/20 **Tuturan :** Nah... asmane keng bapak ki sapa?



Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	84,09	- 3,00	/n/	[**n**ah]
NA	92,19	- 1,14	/ɔ/(2)	[sɔpɔ]
IN	+8,10	1,86		
NPI	186,27	10,77	/e/	[asman**e**]
NPA	84,09	- 3,00	/n/	[**n**ah]
JN	102,18	13,77		

***Konteks* cariyos :**
Paraga Gambir badhe sowan bapakipun paraga Widati, ananging paraga Gambir dereng mangertos sinten bapakipun paraga Widati. Inggih awit saking menika paraga Gambir nyuwun pirsa dhateng Widati.

Modus **:** Pitakon | ***Alir Nada* :** Sansaya Inggil

Lampiran* 3. *Tabel* 11. *Analisis* Titikan *Struktur Melodik

No.	*Struktur Melodik*
21	**ID** : SASM/Ga/21 **Tuturan :** Hah!!  [h a h]

Analisis

Titikan	*Nada* Hz	*Nada* St	*Fonem*	Tembung
ND	155,85	7,66	/h/(1)	[**h**ah]
NA	198,90	11,90	/h/(2)	[ha**h**]
IN	+43,05	+4,24		
NPI	224,26	13,98	/a/	[h**a**h]
NPA	155,29	7,62	/a/	[h**a**h]
JN	68,97	6,36		

***Konteks* cariyos** :
Paraga Gambir badhe sowan dhateng bapakipun paraga Widati. Paraga Gambir nyuwun pirsa asmanipun keng bapak. Nalika paraga Widati nyebataken asmanipun keng bapak, paraga Gambir kaget amargi kanyata bapakipun paraga Widhati inggih menika calon lurah ingkang dipungethingi dening paraga Gambir.

Modus **:** Pawarta | ***Alir Nada* :** Sansaya Inggil

RENTANG TINGKAT NADA TITIKAN *STRUKTUR MELODIK*
(Konversi Pembulatan Semiton)

No	Data	ND		NA		NPA		NPI	
		st	tn	st	tn	st	tn	st	tn
1	SASM/Ga/01	8,03	8	11,98	12	1,52	2	14,47	14
2	SASM/Ga/02	6,31	6	-4,47	-4	-4,47	-4	10,85	11
3	SASM/Ga/03	11,3	11	2,71	3	-1,18	-1	30,46	30
4	SASM/Ga/04	3,32	3	7,9	8	3,74	4	29,12	29
5	SASM/Ga/05	5,15	5	-1,74	-2	-1,74	-2	29,2	29
6	SASM/Ga/06	4,2	4	-0,52	-1	-1,49	-1	11,2	11
7	SASM/Ga/07	4,35	4	8,74	9	-3,63	-4	13,75	14
8	SASM/Ga/08	5,76	6	-4,05	-4	-4,05	-4	12,9	13
9	SASM/Ga/09	-4,14	-4	-2,42	-2	-4,14	-4	8,62	9
10	SASM/Ga/10	8,82	9	6,86	7	-1,19	-1	17,45	17
11	SASM/Ga/11	7,7	8	7,36	7	0,51	1	10,51	11
12	SASM/Ga/12	9,92	10	-1,35	-1	-4,44	-4	13,93	14
13	SASM/Ga/13	4,66	5	5,25	5	2,26	2	17,41	17
14	SASM/Ga/14	7,66	8	3,68	4	-2,05	-2	8,66	9
15	SASM/Ga/15	6,34	6	8,68	9	-0,39	0	13,93	14
16	SASM/Ga/16	-2,87	-3	2,93	3	-3,51	-4	6,94	7
17	SASM/Ga/17	-2,12	-2	5,75	6	-2,12	-2	8,99	9
18	SASM/Ga/18	0,88	1	17,74	18	0,64	1	21,59	22
19	SASM/Ga/19	1,11	1	2,28	2	-3,21	-3	8,24	8
20	SASM/Ga/20	-3	-3	-1,14	-1	-3	-3	10,77	11
21	SASM/Ga/21	7,67	8	11,9	12	7,62	8	13,98	14

Katrangan :

ND = Nada Dasar

NA = Nada Akhir

NPA = Nada Paling Andhap

NPI = Nada Paling Inggil

st = Ukuran semiton

tn = Tingkat Nada